12+

3

2013



НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор

Ахсар КОДЗАТИ

Редакция

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

Общественный совет

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2013

МАХ ДУГ

3

2013

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

Редакци

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Журналы æхсæны уынаффæдон

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2013

НОМЫРЫ ИС:

Сылгоймаг. Базырджын ныхæстæ 5

ЦÆГÆРАТЫ ГИГО: 90 АЗЫ

ЦÆГÆРАТЫ Гиго. **Мæ риуы нал цæуы мæ зæрдæ.** Æмдзæвгæтæ 11

ХÆБЛИАТЫ САФАР: 80 АЗЫ

ХÆБЛИАТЫ Сафар. **Новеллæтæ æмæ мысинæгтæ** 18

ГОДЖЫЦАТЫ Нелли. **Уалдзыгон уынæр.** Æмдзæвгæтæ 30

СÆБÆТХЪУАТЫ Рамазан. **Æмхъæуккæгтæ.** Роман 35

КОКОЙТЫ Эльзæ. **Æвзист рухс.** Æмдзæвгæтæ 70

ТОМАЙТЫ Мисурхан. **Ирыхъæуы уынгты цæугæйæ.** Мысинæгтæ 74

ГÆДЖЫНОН-ХАБÆТЫ Риммæ. **Зæрдæйы æвæрæнтæ.** Æмдзæвгæтæ 79

ДЖУСОЙТЫ Майæ. **Фыдыуæзæг.** Новеллæ 81

ÆРЫГÆТТЫ СФÆЛДЫСТАД

АСЛÆМЫРЗАТЫ Дзерассæ, БАСИТЫ Зæлинæ, ГÆБУАТЫ Галинæ, ГАБОЛАТЫ Зауырбег, ГОДЖЫСАТЫ Æхсар, ТОМАЙТЫ Къоста. Æмдзæвгæтæ 83

ХОРЗЫ АЛЧИДÆР УАРЗЫ

ТМЕНАТЫ Дзерассæ. **Ирæн амонды хос дæ...** 89

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

САНАТЫ Уари. **Бæтæйы фырттæ** 94

Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы

СЫЛГОЙМАГ

(Базырджын ныхæстæ)

* * *

Сылгоймаджы бамбарынмæ ма тырнут. Сылгоймæгтæ нывтæ сты, нæлгоймæгтæ та – базон-базонтæ. Сылгоймаг цæуыл хъуыды кæны, уый базонын дæ куы фæнда, уæд æм кæсгæ кæн, фæлæ йæм хъусгæ ма кæн.

Оскар Уайльд

* * *

Сылгоймæгтæ æмæ вельможæтæ нæ уарзынц, сæ зæрдæмæ чи нæ цæуы, ахæм ныхæстæ сын кæнай, уый.

Пьер Буаст

* * *

Биологты цæстæй кæсгæйæ: исты дыл куы фæхæца, уæд уый æнæгуырысхойæ сыл уыдзæни.

Скотт Круз

* * *

Сылгоймæгтæ маргджын кæлмыты æнгæс сты: цас зæронддæр æмæ фыдынддæр уой, уыйбæрц дын къаддæр тæссаг сты.

Альфред Брем

* * *

Сылгоймæгтæ нæ дзæнæты кулдуарыл бахонынц зындонмæ.

Киприан

* * *

Поэттæн се ‘мдзæвгæтæ дæр сæ сывæллæттау сылгоймæгтæй райгуырынц.

Иннæ Гофф

* * *

Сылгоймæгтæ нæ стыр хъуыддæгтæм бацырын кæнынц, фæлæ нæ, уыцы хъуыддæгтæ аразгæйæ, иудадзыг хъыгдаргæ кæнынц.

Оскар Уайльд

* * *

Устытæ куы фæдзурынц, уæд Музæтæ ныхъхъус вæййынц.

Борис Крутиер

* * *

Сылгоймаджы бон у æртæ дзырдæй æртæ лæджы амарын.

Оноре де Бальзак

* * *

Сылгоймæгтæн сæ тæккæ хуыздæртæ сты, цæстмæмитæ чи кæны, уыдон.

Уильям Теккерей

* * *

Сылгоймаг йæ фидауцæй гений у.

Аркади Давидович

* * *

Рæсугъд сылгоймæгтæ дыгай хæттыты мæлынц.

Пьер Буаст

* * *

Сылгоймагæн йæ дидинæг азгъæлы, нæлгоймагæн та йæ фист.

Светлана Хижина

* * *

Уарзæг сылгоймаг дын алцыдæр ныххатыр кæндзæни, фæлæ дзы рох ницы фæуыдзæни.

Джебран Х. Джебран

* * *

Сылгоймæгтæ-иу истори аивтой, фæлæ истори сылгоймæгты нæ аивта.

Юзеф Булатович

* * *

Сылгоймæгтæ нæлгоймæгтæй зондджындæр сты; зонгæ къаддæр кæнынц, æмбаргæ та фылдæр.

Джордж Стивенс

* * *

Сылгоймæгтæм æрыгон зонд нæ вæйиы, уыдон æртæминазыкконтæй райгуырынц.

Шейла Делани

* * *

Сылгоймæгтæ алцыдæр æнцонæй ацахсынц. Рæдийын райдайынц, хъуыды кæнынмæ куы бавналынц, уæд.

Альфонс Карр

* * *

Рæсугъд сылгоймаг хурæй уæлдай нæу. Хъуамæ алкæй дæр йæ рухсæй æфсада.

Геннади Матюшов

* * *

Сылгоймаг йæ кæлæнты уацары æдзухдæр искæй бакæны.

Оноре де Бальзак

* * *

Лæппутæ сты нацийы абоны бон, чызджытæ та – йæ фидæн.

Рагон антикон ныхас

* * *

Царды цæджындзтæ сылгоймæгтæ сты.

Генрик Ибсен

* * *

Лæг усæн конд нæу, фæлæ ус лæгæн.

Библи

* * *

Сылгоймæгтæ цагъарты цагъартæ сты.

Æнæзонгæ автор

* * *

Сылгоймаг йæ уæхсчытыл дуне дары æмæ дзы рæстæгæй-рæстæгмæ пуртийæ хъазæгау фæхъазы.

Генрик Сенкевич

* * *

Хуыцау сылгоймæгтæй иуты скодта дам-думты тыххæй, иннæты та уарзынæн.

Уильям Теккерей

* * *

Нæлгоймæгтæ закъонтæ аразынц, сылгоймæгтæ та – æгъдæуттæ.

Франсуа де Гибер

* * *

Уарзондзинад – буары лæвар удæн.

Аркади Давидович

* * *

Дидинджытæ – зæххы фидауц, чызджытæ – адæмы фидауц.

Казахаг æмбисонд

НЫР ДЫ МÆН ДÆ

(Вариаци Пабло Нерудæйы сонетæн)

Ныр ды мæн дæ. Æрфынæй у мæ фыны
Æд утæхсæн, æд куыстæгтæ, æд уарзт.
Йæ сау цалх зилы дунейæн уæззаугай,
Ды та дзындзыйау рухсгæнгæ хуыссыс.

Æндæрæн нал и ныр бынат мæ фыны,
Кæндзыстæм иумæ дугимæ æмдзу.
Мæнæн ды бон уæларвон рухс дæ, хур дæ,
Сæнтсау тары мын басгуыхдзынæ мæй.

Дæ цæстытыл сæ базыртæ æрхаудтой.
Мæ цырен уд тыбар-тыбур кæны,
Æрмахуыр цъиуау абадти дæ армы.

Цыдæр уылæн рæвдаугæ-узгæ скъæфы
Дæу æмæ мæн. Цы дунемæ, кæдæм?
Æз нал дæн ам. Цæрын æрмæст дæ фыны.

2012.30.12

ЦÆГÆРАТЫ ГИГО: 90 АЗЫ

ЦÆГÆРАТЫ Гиго

МÆ РИУЫ НАЛ ЦÆУЫ МÆ ЗÆРДÆ

* * *

Лæг уыд æмæ лæджы хуызæн фæцард,
Йæ зæрдæйы зынг адæмæн лæвæрдта.
Лæдæрст йæ армытъæпæнæй бæркад,
Уыд дзаг йæ хызын арфæйаг лæвæрттæй.

Æмбæлтты цин, æмбæлтты зын уыдта,
Сæ риуты сын рæсугъд бæллиц ныууагъта.
Æндæрты тыххæй алы бон дзырдта,
Йæхи тыххæй та иу ныхас нæ загъта.

* * *

Мæн мæ фæндаг хохы цъупмæ хоны,
Ис мæ къухы ме ‘мбæлццон – лæдзæг.
Æз цæуын... Æмæ мыл иу ран комы
Амбæлдысты Дымгæ æмæ Лæг.

Дымгæ мын мæ синты рыг æрцагъта,
Сонт цъилау мæ алыварс æрзылд,
Дымгæ мæн мæ фæндагыл фæуагъта,
Фæлæ Лæг лæгау мæ фарсмæ цыд.

* * *

Скодтай мæ, мæ мад, æмбæлццон уадæн,
Радтай мын ды чиныг æмæ зынг.
Чиныг уыд дæ рухс зæрдæйы айдæн.
Зынг – дæ хæлар цæстытæн сæ тын.

Адæймаг æдзух кæм вæййы цины. –
Искуы-иу куы уыд мæ фæндаг зын,
Талынджы мын рухс кодта дæ чиныг,
Уазал бон мæ хъарм кодта дæ зынг.

* * *

Систа хох йæ къуыбыртæ уæлдæр,
Уалдзæджы кæд фенид уый фыццагдæр,
Комæй райхъуыст дымгæйы пæр-пæр, –
Цин ын хæссы уалдзæджы тæфаг дæр.

Уалдзæгæн йæ размæ дон ысцырд.
Сивазы йæ салд къалиутæ заз дæр.
О, фæлæ цъæх уалдзæджы æрцыд
Ничи фены малусæгæй раздæр.

ЛÆГЫЛ ÆРЦЫДИ ЦИН КÆМДÆР

Фæйнæрдæм калы хур тæмæнтæ,
Йæ уæнгтæ систа хох уæлдæр.
Тæхы сæууон дымгæ кæдæмдæр...
Лæгыл æрцыди цин кæмдæр.

Æгæрон арвы хуыз фæцъæхдæр,
Фæтынгдæр суадæтты сæр-сæр.
Сæ зардæй нал æнцайынц мæргътæ...
Лæгыл æрцыди цин кæмдæр.

Сырх дидинæг йæ сыфтæ тилы,
Кæдæмдæр ивазы йæ сæр.
Хæдзар-хæдзар бæсты фарн зилы...
Лæгыл æрцыди цин кæмдæр.

Кæсут хæххон донмæ: ысцæрдæг,
Æгас ком арауы йæ хъæр.
Мæ риуы нал цæуы мæ зæрдæ...
Лæгыл æрцыди цин кæмдæр.

* * *

Зæгъынц, мæ хъæуккагæн йæ рæзты
Æдæрсгæ бирæгъ дæр нæ цыд.
Зæгъынц, мæ хъæуккагæй, дам, хæсты
Лæгдæр, хъæбатырдæр нæ уыд.

Зæгъынц, æрхауд нæмыгæй иугæр,
Кæндзæн, дам, мардæй дæр тæлфгæ.
Кæс-ма, кæс-ма, ызмæлы ингæн...
Мæ хъæуккаг хуыссы уым, уæвгæ.

* * *

Зылд нæмыг карз тохы мæ фæстæ,
Мæн ыссарын уыди йæ хæс,
Зæххыл куыннæуал уа мæ хъæстæ, –
Фæлæ йæ ссардтон зæххы æз.

Нызгæ и, нал хæцы йæхиуыл,
Æрцыд ыл адæмы фыдæх.
Фæндыд æй басудзын мæ риуыл, –
Йæхи йын басыгъта нæ зæхх.

САЛДАТЫ ЗÆРДÆ БАЦЫД ДУРЫ

Фæкæс-ма ингæнмæ: ызмæлы...
Læджы уым баныгæдта хæст.
Рæдийы, афтæ чи æнхъæлы:
У цырт æгомыг дур æрмæст.

Салдаты зæрдæ бацыд дуры, –
Фæкæны æрдзимæ ныхас.
Æндæр нæ заикой йæ цуры
Æрыскъæф, дидинæг, бæлас...

ÆРТÆХТÆ

Фахсыл сæ нæ фендзынæ æртæхгæ,
Донау сын нæ радта æрдз хъæлæс.
Сты хуымæтæг, мадзура æртæхтæ,
Фæлæ фурдау стыр у, стыр, сæ хæс.

Доны уылæн быдыртæм нæ хауы,
Нæу йæ былтæй асхъиуын йæ бон.
Æртæх арвы хъæбысæй æрхауы,
Свæййы хуры тынтимæ зæххон.

Дидинджытыл сауындзы фæрдгуытæ,
Кæрдæджы рыг уадултæ æхсы.
Мугæтæ. Æхсынцъытæ. Фæткъуытæ...
Уый тыппыр дзæкъулджытæй нæрсынц.

Знæт донау фæдисы хъæр нæ кæны,
У хуымæтæг, мадзура æртæх.
Кæрдæджы лæгъз сыфтæртæй куы ‘ркæлы,
Донау ыл уæд бацин кæны зæхх.

ДАДА

Йæ тынтæ арвæй мæй нывæнды.
Йæ рухс нæ хъæубæстыл ныппырх.
Дадайæн та йæ хъисын фæндыр
Йæхимæ ‘рбамбырд кодта сых.

Кæны йæ кадæг. Хъусынц хæхтæ,
Фæуагъта æхсæрдзæн йæ уад.
Æдзухдæр заргæ кæнынц мæргътæ,
Ныр бадынц бæлæстыл æнцад.

Ныджджих, ныссабыр ысты хъæдтæ,
Цыма нын нал ысты зæххон.
Æдзухдæр заргæ кæнынц дæттæ,
Сæ дзыхы бакодтой ныр дон.

Фæзылди хъал Галæгон уынгæй,
Кæмдæр та къуылдымтыл фæхатт.
Тæлтæг, æнæвдæлон у дымгæ,
Фæлæ Дадайы цур æрбадт.

Кæсы Дадамæ хуым æдзухдæр,
Æнæзивæг-иу уырдæм уад.
Кæддæр Дадайы бонджын къухтæ
Лæмæрстой быдыртæй бæркад.

Дадайы къух ма искуы райсут –
Йæ арм у зæххы хъармæй тæвд.
Йæ къухтæм ма йын искуы басмуд –
Кæнынц ын хус мæнæуы тæф.

Мæ фыд цы фæндагыл цыд хуыммæ,
Уым судзы абон дæр цæхæр.
Мæ фыд кæддæр кæм зарыд, уым ма
Йæ хъæлæс азæлы ныр дæр.

* * *

Уалдзæг та нын дидинджытæ ‘рхаста,
Дидинджыты цæстытæй кæсы.
Уалæ дымгæ дидинæг æрцахста,
Арвыл æй тырысайау хæссы.

Бур дидинæг фестад уалæ хур дæр,
Дидинджыты сыфтыл у йæ цин.
Дидинджытау мæм кæсынц ныр дуртæ...
Дидинджыты бын нæ зæхх фæци.

Дидинджытæй бæлæстæ нæ зынынц...
Уæд цы ис, цы, уалдзæгæй хуыздæр?
Æз мæхимæ бавдæлдтæн кæсыныл –
Дидинæг кæд фестадтæн æз дæр.

* * *

– Цæмæн судзынц, чызгай, дæ рустæ?
– Фæндыры цагъд уайы мæ хъустыл.
– Дæ зæрдæ та, лæппу, куы райы.
– Мæ хъустыл фæндыры цагъд уайы.

– Дæ сыфтæртæ, бæлас, цы узыс?
– Кæцæйдæр фæндыры цагъд хъусын.
– Цæмæн кафы, хорз лæг, дæ зæрдæ?
– Мæн фæндыр рæвдауы йæ зæлтæй.

– Цæмæн систай, уарди, дæ пух сæр?
– Мæнæн у фæндыры цагъд рухс дæр.
– Кæдæм тæхыс, дымгæ, фынафон?
– Æз фæндыры зæлтæ æрцахсон.

ХÆБЛИАТЫ САФАР: 80 АЗЫ



ХÆБЛИАТЫ Сафар

НОВЕЛЛÆТÆ ÆМÆ МЫСИНÆГТÆ

ХÆЗНА

Фидараты инæлар Афæхъойæн Бæтæхъойыхъæуы æрдхорд уыди: мæгуыргомау хæдзары хицау. Иуахæмы Афæхъомæ æрцыд йæ хæлары бабæрæг кæныны фæнд. Тачанкæ сифтыгъта æмæ балцы араст.

Бæтæхъойыхъæуккаг йæ кадджын уазæгыл куыннæ бацин кодтаид:

– Уæуу, мæнæ рагæй йæ фенынмæ кæмæн бæллын, уый нæм хур æркæсæгау йæхæдæг фæзынди! Марадз, æфсин, дæ хъару æмæ дæхæдæг: дыккаг ахæм уазæг нæ дуарæй никуыуал æрбахиздзæн.

Æфсин та йæ тæккæ арахъхъ уадзгæ уыди. Ахæм заман сылгоймаджы хæринаг кæнынтæм æмæ æфснайынтæм кæй нæ февдæлы, уый Афæхъо куыннæ æмбæрстаид.

– Уæ хорзæх уæд æмæ ма батыхсут, – загъта инæлар.

– Ауыстæн, афтæмæй дын ауадзæн нæй, – загъта фысым. – Ау, уæдæ ма хуыздæр кæй номыл акæндзынæн кусарт?

– Кæй æвдæлы, кæй, кусæрттытæйедтæм: нырма мæ ацы фæдыл Заманхъулмæ дæр цæуын хъæуы.

– Ауыстæн, нæ! Æнæ кусартæй дын ауадзæн нæй. Ныртæккæ уæртæ сыхы лæппутæй искæй арвитдзынæн æмæ сæрвæтæй иу фыс йæ фæсарц æрдавдзæни.

– Кой дæр æй ма скæн. Дæхæдæг æй

уыныс: бон акъул, мæнæн та мæ фæндаг даргъ у, ардыгæй – Заманхъулмæ, Заманхъулæй – Зилгæмæ.

– Ау, æмæ дæ хуыздæр æрдхордмæ куы бахсæвиуат кæнай, уæд дзы худинаг фæуыдзынæ? Ауыстæн, ахъаззаг фæбадиккам, нæ хæцæнтæ фæмысиккам. Кæд та ма фендзыстæм кæрæдзи?

– Мæнæ мæ службæ куы ныууадзон, уæд хуыздæр ницы кусдзынæн, фæлæ къуырибалцыты мæ хæлæрттыл зилдзынæн.

Уæдмæ æфсины къух цы амыдта, уымæй фынг ацарæзта: цæхх, кæрдзын, сылыкалгæ ногахст гуымбыл, давоны сыфтæ, ногуагъд арахъхъ.

Фæйнæ цайцымæны ануæзтой, давоны сыфтæ цæхх ы атылдтой.

– Цæй, цы зæгъдзынæ: куыд дæм кæсы ногуагъд арахъхъ давонимæ? – бафарста фысым.

– Ахъаззаг у, – дзуапп радта уазæг.

Дыккæгтæ дæр анызтой.

– Цæй, куыд дæм кæсы давон? – фæрсы та фысым.

– Хуыздæр нæ вæййы.

Уæдæ цы дзуапп хъуамæ радтаид уæздан уазæг.

Æртыккæгтæ анызтой.

– Ауыстæн, давонæй ахъаззагдæр хойраг нæ вæййы ногуагъд арахъхъимæ, – загъта фысым.

– Уæллæй, мæ лымæн, ды йæ куыд скадджын кодтай, ахæм хæзна куы уаид давон, уæд паддзах афонмæ раджы загътаид: «Гъæйтт, Фидары-фырт, рæвдз де ‘фсад иууылдæр Дзантемыры комы алыварс æрæвæр, иунæг хал дæр дзы куыд ничердæм фæуа, афтæ!»

МЫЗД

Сойтæ ничи марзта уацары. Хуссар Украинæйы хурсыгъд быдырты сæ дойныйæ æмæ стонгæй фосы рæгъау скъæрæгау тардтой æмæ тардтой ныгуылæнмæ. Лæгæн йæ бон дарддæр цæуын нал у æмæ ахауди, фæндагыл хуысгæ баззади, æмæ йыл топп ныццавтаид.

Фæстаг хъарутæй размæ цыди Буцки, фæрæзта, фæрæзта, уæддæр ахауди. Схæцæг ыл нæ фæцис, æнцой йын ничи фæлæууыд – æмæ йын куыд фæлæууа, алчи йæхи исынæн куы нæ у, уæд – æмæ йæхи уæлгоммæ ауагъта мингай адæймæгты къæхтæй фæйлыд фæлмæн рыгыл. Цæмæн йæхи хурхæй мардта утæппæт рæстæг, фæндаджы астæу хъарм рыгыл хуыссынæй удæнцойдæр куы ницы ис, уæд?

Кæсгæ дæр æм ничи фæкодта, афтæмæй йæ цурты аивгъуыдтой фæлмæцыд уацайрæгтæ.

Салдат йæ уæлхъус æрлæууыд. Кæрæдзи цæстытæм кæсынц. Карабин йæ уæхскæй æнæбарыгомау æриста салдат.

– Йе, Уастырджи, дæуыл мæ куы фæдзæхста мæ зæронд фыд, уæд мæм куыннæ фæзыныс?!

Йæ фæсонтæй фесхуыстæуыд Буцкийы æмæ йæ къæхтыл слæууыд. Салдат ын карабины хæтæлæй ацамыдта: цæугæ размæ.

Йе ‘мбæлтты аййæфта Буцки. Кæцæй ма йæм æрцыд рабадыны хъару? Лæгæн йæ адзал куы нæ уа, уæд æй Хуыцау дæр нæ мары, Уастырджи дæр ын æххуыс кæны.

Æппынфæстаг бахæццæ сты сындзтелæй æхгæд бынатмæ.

Цалдæр боны фæстæ тæлмацгæнæг сылгоймаг уацайрæгты хъæрæй бафарста:

– Хилдасæг уæ исчи у?

Буцки йæ цурмæ бацыд:

– Æз дæн хилдасæг.

Топджын салдат сæ фæстæ, афтæмæй рацыдысты. Бакодтой йæ хъæугæроны саманкъул хæдзармæ. Дасинаг разынди ацæргæ булкъон. Алмасийæ цыргъдæр «золингенæй» йæ биноныг æрдаста Буцки кæрты астæу фæткъуыйы бын. Йæ куыст булкъоны зæрдæмæ фæцыди æмæ йæ тæлмацгæнæджы фæрцы бафарста:

– Кæм сахуыр кодтай хилдасæгыл?

– Никуы. Хæдахуырæй базыдтон. Нæ сыхы зæрæдтæ иууылдæр мæнмæ дзырдтой дасынмæ, дæ къух, дам, фæлмæн у.

Булкъон тæлмацгæнæгæн цыдæр загъта, æмæ сылгоймаг хæдзармæ бацыди. Цалдæр минуты фæстæ къæсæрæй рахызт, йæ къухы урс гæххæтты цыдæр тыхт, афтæмæй. Тыхтон булкъонмæ радта, уый та йæ Буцкимæ бадардта.

– Циу уый? – бафарста Буцки.

– Мыздæ.

– Æмæ йæ мыздыл, мыййаг, куы нæ ныддастон: махмæ, ирон адæммæ, хистæрæн балæггад кæнын кады хъуыддаг у.

– Демæ разы нæ дæн. Адæймаг цыфæнды куысты тыххæй дæр хъуамæ æнæмæнг мыздæ иса. Уый нæй, уæд йæ куыстмæ йæ зæрдæ никуы барайдзæн.

Уæдæй фæстæмæ Буцкийы бонцухæй кодтой булкъонмæ дасынмæ, æмæ фæстæмæ алы хатт дæр здæхти исты хойрагимæ.

ДÆЛДÆР-УÆЛДÆР

Дзатте колхозы сæрдарæй куыста. Зæронд лæг æм бæхагур бацыди фæззыгон æнæвдæлон рæстæг. Æниу, колхоз та æвдæлон кæд вæййы? Сæрдары уат – адæмæй йедзаг: бригадиртæ, фермæты хицæуттæ, районæй æрвыст лæгтæ, шофыртæ, трактористтæ. Райсомæй йыл куы нæ фæхæст уай, уæд æй уый фæстæ марадз æмæ кæм быдыры, кæм фермæйы агур. Алкæмæ йæхи хъуыддаг ахсджиагдæр кæсы æмæ, кæрæдзийæн бар нæ дæттынц, афтæмæй цал сты, уалæй уыциу рæстæг дзурынц сæрдармæ. Кæцымæ дзы хъуса, уый нæ зоны æмæ куы иуырдæм разилы, куы иннæрдæм.

Ам мæм рад никуы æрхаудзæн, зæгъгæ, зæронд лæг сæрдармæ иннæтæй хæстæгдæр байста йæхи:

– Йарæби, Дзатте, зымæг æрхæццæ кæны, æмæ цы æндзардзыстæм, уый иу суджы къæцæл нæ хæдзары нæй. Дыууæ бæхы мын æд бричкæ ратт æмæ мæхæдæг исты амалæй æрласдзынæн хъæдæй.

– Ныр нæ дæ суджы мæт йеддæмæ ницуал мæт ис! – йæхи йыл сцагъта сæрдар. – Картоф къахт нæма фестæм, нартхор – æфснаинаг, силос – æвæринаг, анауыли – фæлдахинаг. Уæд нæ дæумæ æвдæлы? Ацу, ацу, ма мæ хъыгдар!

Рацыд зæронд лæг, уæдæ цы: хицау æмæ Хуыцауы ныхмæ тохгæнæн нæй.

Сæнайы кæстæрты урс боцъотæ куыд дæлдæр хылдысты, халас бонæй-бонмæ куыд бæзджындæр æвæрдта, афтæ зæронд лæджы катай тынгæй-тынгдæр кодта, æмæ та мæгуыры къултимæ Дзаттемæ бацыд. Ацы хатт дзы ноджы фылдæр адæм байййæфта.

– Ды та цы зæгъдзынæ? – фæкомкоммæ йæм Дзатте.

– Йарæби, зымæг æрхæццæ æмæ нæ хæдзары цы сæндзарæм, уый иу каухалæн нæй. Ибон дæр дæм æрбацыдтæн: дыууæ бæхы мын, зæгъын...

– Цавæр бæхтæ?! – фæтъæлланг ласта сæрдар. – Ай нæхæдæг æмхасæнтæ кæнæм нæ къухтæм æмæ иуырдæм дæр не ‘ххæссæм, ды та ма бæхты кой кæныс! Нæ йæ уыныс дæхæдæг: нартхор æфснайд нæма фæцис, силос нæма сæвæрдтам, фæззыгæндæн бынтон байрæджы, фермæты сæртæ æмбæрзинаг. Уæд дæумæ æнтысынц бæхтæ? Алчидæр уæ йæхи мæт йеддæмæ ницæй мæт

кæны, колхозыл та сыгъд ссæуæд! Æрхъуыды мын кодта – бæхтæ!

– Омæ, Дзатте, хъæртæ цæуыл кæныс, сабырæй дзурын дæ бон нæу? Хицауады хабар мæ дыууæ айкæй уæлдай кæй нæу, уый нæ зоныс, æви: абон дзы иу фæдæлдæр вæйиы, райсом – иннæ. Æмæ ды дæр райсом, мыййаг, куы фæдæлдæр уай, уæд ма æнæ хъæртæй куыд фæцæрдзынæ?

ÆФСÆНХЫЗ РУДЗЫНГ

Цард ма асламдæр куы уыди, уæды заман Пæхъæч Пицундæмæ афтыд журналистты фæлладуадзæн хæдзармæ. Регистратурæйы йын цалынмæ йæ гæххæттытæ рафысс-бафысс кодтой, уæдмæ фæзонгæ замманайы хæрзуынд æрыгон сылгоймагимæ – Уралæй ссæуæг, кавказаг лæппутыл цуангæнджытæй.

Раныхас-баныхас æмæ тæккæ уыцы æхсæв фембæлыныл бафидыдтой. Фæлæ кæм? Æнæрайы лыстæг къæвда луары æмæ луары, зæххæн къæхты бын йæ лæпп-лæпп цæуы. Искуы пыхсытæм баздæхынæн йæ кой дæр нæй. Стæй йын уыцы уырдыг лæугæйæ ахæц-ахæцы афон уæвгæ дæр нал у Пæхъæчæн.

Æрхауди йæм дыууæбынатон уат æхсæзæм уæладзыджы. Цынæ вæйиы, зæгъгæ, сылгоймаджы уат дæр абæрæг кодта. Куыннæ стæй, æнæхъæн æртæйæ æрбынатон сты уæладзыг бындæр иу уаты æмæ ацы къæвдайы æмæ æнафоны æддæмæ акæсинаг не сты даргъ цоппайаг фæндаджы фæстæ. Уæуу, мæнæ мæгуыр лæгæн йæ хъуыддаг иуырдæм дæр куыннæ æнтысы! Уатæй тыргъмæ йæ фæдыл рахызти сылгоймаг æмæ йын бамбарын кодта – сомбонмæ æргъæвгæ у, хуыздæр гæнæн нæй.

Йæ хъуыр-хъуыр æнæпайда у, уый бæргæ æмбары, уæддæр йæ амондыл хъуыр-хъуыргæнгæ схызт æхсæзæм уæладзыгмæ. Йæ уаты сæйиæфта нæхимæ районы газеттæй иуы къамисæг Дзамболаты – йæ фæндаггон уымæл фæлыст дæр нæма раивта, æрмæст йæ хызын дыккаг сынтæджы цур æрæвæрдта. Къамисæг æй нæ базыдта, фæлæ Пæхъæч йæхæдæг та кæй нæ зоны газетты кусджытæй.

Изæрхорз уырыссагау загъта Дзамболат. Уырыссагау ын дзуапп радта Пæхъæч дæр, йæхæдæг уаты къуымты йæ цæст ахаста, рудзынгæмбæрзæныл иуварс ахæцыд æмæ бустæхуызæй бафарста:

– Рудзынгыл та æфсæнхыз цæуылнæ ис?

– Æмæ йыл цæмæн хъæуы? – ныддис Дзамболат. – Æхсæзæм уæладзыджы рудзынгыл нæм чи хъуамæ æрбахиза?

– Нæ, уый тыххæй нæ зæгъын. Æз æхсæрдæс азы ахæстоны фæбадтæн, æмæ кæм хуыссын, уым рудзынгыл æфсæнхыз куынæ уа, уæд фынæй нæ фæразын.

Йæхæдæг цыма йæ маст фæлладуадзæн хæдзары хицаумæ хæссы ацы æнафоны, уыйау дуар уыцы гуырымыхъæй йæ фæдыл рассыдта. Æнæкæрон тыргъты азылдис иуцасдæр, стæй фыццаг уæладзыгмæ æрхызт æддæмæ акæсынмæ – цымæ арвыл иунæг сидзæр стъалы дæр нæ зыны, цымæ райсом дæр ахæм æнад бон уа?..

Регистратурæйы иувæрсты куы рацæйцыд, уæд цæстызулæй ауыдта – Дзамболатæн йæ хызын тæрхæджы рæбын æвæрд, афтæмæй йæ фырдиссагæй къухæмхасæнтимæ цыдæртæ дзуры регистратурæйы кусæгæн. Дзамболат дæр æй ауыдта æмæ сылгоймагæн аивæй ацамыдта Пæхъæчмæ.

Æдде – сæудар, мидæгæй тæмæнкалгæ рухс æмæ, цалынмæ æддæмæ хæццæ кодта Пæхъæч, уæдмæ йын дуары æвгтыл айдæны зынæгау зыны: сылгоймаг суанг йæ бынатæй дæр ма сыстад æмæ дзагъырдзастæй йæ фæдыл кæсы. Цасдæры фæстæ Пæхъæч фæндзæм уæладзыгмæ схызт æмæ сылгоймæгты дуар бахоста.

– Мидæмæ! – радзырдтой йæм æмхъæлæсæй.

Пæхъæч дуар базыхъхъыр кодта, æмæ йæм йæ зонгæ ракаст. – Люся, мæ сыхагæн йæ бынат йæ зæрдæмæ нæ фæцыд æмæ æндæр ран бацагуырдта...

07.12.02

ГÆРТАМ

Хекъилаты Умарæй къæсхуырдæр адæймаг уæвгæ куыннæ уыдзæни, фæлæ æз никуыма федтон. Ныр афтæмæй йæхæдæг дохтыр у. Институты йæ мæстæй цы мардтой, æндæр æй никуы ницы хъыгдардта йæ къæсхуыр. Фæлæ институт каст фæци æмæ «Электроцинчы» рынчындоны кусы хирургæй.

Афæдзы æмбис æххæст нæма бакуыста, афтæмæй мæхъхъæл Казахстанæй здæхын райдыдтой, сæ фылдæр рынчынтæ æмæ сахъæттæ. Куыд дарддæр, афтæ фылдæр, æмæ сын нæдæр Насыраны, нæдæр Кантысы рынчындон нал фаг кодта. Æмæ æфтын райдыдтой тæнзæрдæ Ирыстоны рынчындæттæм.

Æрбахауд дзы иу Умармæ дæр. Мæнæ-мæнæ уæззау рынчынтæй нæ разынд, æмæ йæ дыууæ къуыримæ йæ къахыл слæууын кодта.

Рынчыны сæумæйæ рафыстой, йæ сынтæджы æндæр æрбынатон уайтагъд. Хæдзармæ афон дæр ын у, хиуæттæ йæм ласынмæ æрбацыдысты æмæ уынджы æнхъæлмæ кæсынц, ай та ма тыргъы дыууæрдæм разил-базил кæны: йæ дохтыræн бузныг æмæ хæрзбон куыннæ зæгъа, уыимæ адæмы æхсæн нæ, фæлæ хибарæй. Уæдæ йын зæрдæлхæнæн дæр æмбæлы – дохтыры сæр адæймаджы цы сахат бахъæудзæн, уый бæрæг нæу, бахъуыды рæстæг та дын дзæбæх зонгæ куы разына, уæд уымæн æмбал кæм ис.

Умар куы йæхæдæг иу палатæйы фæмидæг вæййы, куы йæм иннæ палатæмæ исчи фæдзуры. Лæг æнхъæлмæ кæсы. Æппынфæстаг хæрхæмбæлд фесты парахат тыргъы бæстастæу.

– Ам ма дæ? – афарста йæ Умар.

– Уæллæгъи, дохтыр, сыгъзæрин къухты хицау дæ. Искуы ма мæ къахыл слæудзынæн, уый мæ уæвгæ дæр нал уырныдта. Ныр кæсыс – усгур лæппуйæ уæнгрогдæр дæн. Æмæ кæй руаджы? Æргомæй йæ зæгъын: æрмæстдæр дæу руаджы.

Хъусы йæм Умар, æндæр цы – гыдзы-гыдзы ныхас паддзæхты зæрдæмæ дæр ма куы цæуы.

– Ды куы нæ уыдаис, уæд мын моллотæ афонмæ, æвæццæгæн, «фа-атигъы» загътаиккой æмæ мыл дуа скодтаиккой. Дæуæн та Хуыцау бирæ цæрæнбон радтæд, ахæм сæры æмæ ахæм дыууæ къухы хицау чи у.

Уыцы ныхæстимæ Умары халаты дзыппы æхца атъыста.

– Уый та циу?! – фесхъиудта Умар æмæ æхца дзыппæй фелвæста. Разындысты цалдæр гæххæтты фондз æмæ ссæдзгай сомтæ. Мæхъхъæлоны цонгмæ фæлæбурдта æмæ йын сæ йæ къухы фæсагъта: – Æз ахæмтæ хъуаг нæ дæн, æз советон дохтыр дæн, æмæ мын, цас æмбæлы, уыйас мызд фиды советон хицауад. Мæ сыгъдæг цæсгом æмæ сыгъдæг къухтæ мæнæн цыфæнды æхцайæ зынаргъдæр сты.

Тыргъы адæм сæм, рынчынæй-дохтыræй, сæ хъус æрдардтой, сæ цыд-иу фæсындæгдæр.

Уый æнхъæл кæцæй уыди мæхъхъæлон æмæ, æхца йæ къухы, афтæмæй йæм джихæй баззади. Стæй æппынфæстаг, сывæллонæн уайдзæфгæнæгау, сдзырдта:

– Уæллæгъи, дохтыр, хæрын дæ нæ фæнды, æмæ ахæм мæллæг дæр уымæн дæ!

08.12.02.

* * *

Бола Кулов в военкомате:

– Фондзæхстон топпæй кæд иунæг гæрах дæр нæ фæкодтон, уæддæр æй Мæздæгæй Берлинмæ ме ‘ккой кæй фæхастон, уый уæм фаг нæ кæсы?

* * *

Бригадир Гокъо æмæ Дзæрæхохты Дзамболат Муриччы цæхæрадон фæлдахынмæ æрбацыдысты рувынафонты, лæппу цалдæр боны быдырмæ кæй нæ ацыд, уымæ гæсгæ. Гутон бричкæйы куыдфæндыйæ зынтæй æрæппæрстой дыууæйæ. Цалынмæ Гокъо Надиимæ ныхæстæ кодта, уæдмæ Дзамболат афарста:

– Дæ мардыстæн, ай Арсæмæджы хæдзар нæу?

– Арсæмæджы у, уæдæ кæй у.

– Ау, æмæ Арсæмæг ацы колхозтæ аразæг куы уыди йæхæдæг, уæд ын йæ цæхæрадоныл гутон куыд хъуамæ ауадзон?

Æмæ, дыууæйæ зынтæй цы гутон æрæппæрстой, уый йæхæдæг иунæгæй фæстæмæ куыддæрты сæппæрста æмæ бæхты ныххоста.

* * *

Борыхъуаты Сафарбеджы нартхор суанг миты бынмæ æнæ тындæй баззади. Хæмыцаты хъазаг зæронд лæг æм фæкомкоммæ:

– Дæндагæй йæ бавзарæд, æмæ, кæд фæхъæбæр, уæд æм кæсгæ нал у.

* * *

Скувыны размæ фынгыл йæ цæст ахаста æмæ йæм цыдæр хъуаг фæкаст.

– Нæ каст-ма истæмæ у?

– Ницæмæуал, Рамазан, уæ бон у æмæ райдайат.

Уæддæр ма йæ цæст ахаста. Фынгæвæрæг батыхст: сæр æмæ бæрзæй, базыг, фæрсчытæ, уæхсты физонæг сæ бынаты, цæхх.

– Уæрæсейаг арахъхъ дзы нæй?

– Скувут уал, алцыдæр уыдзæн. Уыйас дæр дæ хъæуæд.

Йæхимæ та диссаг фæкаст – ныронг бæгæны æмæ адджын сæнæй дарддæр куы ницы нызта, уый дæр æмбисагуывзæтæй, уæд ныр зæрондæй йæ нозт фæкарздæр кæнынмæ хъавы?

– Уыйас мæ ницæмæн хъæуы, иунæг авг мын радав æрмæст.

Уайтагъд ын авг йæ разы æрæвæрдтой. Дыууæ æнгуылдзæй йын æлгъгæнгæ йæ къубалыл æрхæцыд, бæрзонд æй систа, сеппæтмæ дæр куыд зына, афтæ:

– Мæнæ хорз адæм, кæрæдзимæ байхъусæм. Хæдзар нæ æгъдауы фæдыл бацагуырдта. Табу Хуыцауæн, хæрд æмæ нозтхъуаг ничиуал у. Фæлæ кæд исчи бануазынмæ æмæ фынджыбадт фенад кæнынмæ æрбацыд, уæд ын мæнæ авг, цалынмæ не ‘ртæ чъирийы нæма скуывтам, уæдмæ бануазæд æмæ нæ нæхи бар бауадзæд.

* * *

Гæриаты Дæхцыхъойы æртхъирæн:

– Æз Гитлеры рахиз цæст дыууæ къуыримæ скъахдзынæн.

Æмæ йæхæдæг æнæ цæстæй сыздæхт.

* * *

Мырза дзырдтаид Дабеггайы тыххæй æви æндæр искæмæй фехъуыстаин:

– Стройбаты салдæтты рæнхъ æрлæууын кодтой æмæ сын командир загъта:

– Тынг уæззау рæстæг скодта, акъоппытæм цæуын бахъуыдис хæцынмæ. Бархийæ кæй фæнды, уыдон размæ æртæ санчъехы рацæуæнт.

Дабегга та йæ иннæрдæм бамбæрста æмæ æртæ санчъехы ракодта. Иу ирон ма дзы уыдис, уый дæр Дабеггайæ хуыздæр нæ зыдта уырыссагау, æмæ уый дæр Дабеггайы бафæзмыдта.

– Кæй ма фæнды бархийæ?

Иууылдæр ныхъхъус сты.

– Никæйуал фæнды?

Йæ бынатæй ничиуал фенкъуыст.

– Уæдæ, кæд афтæ у, уæд ацы дыууæйæ фæстæмæ иууылдæр хæцæнмæ цæудзыстут.

Афтæмæй Дабегга æмæ йе ‘мбал æгасæй баззадысты.

* * *

Мырза цы хабар радзырдта, уый: бонджын лæг æмæ ус, зæнæг йеддæмæ ницы хъуаг сты, чидæр сын бацамыдта – Астæуккаг Азимæ фæцæут æмæ уын, чи зоны, æрдзыхъæд фæбæзза æмæ зæнæг дæр фæзына. Фæцыдысты, бæргæ, фæлæ никуы æмæ ницы. Уæд сæ сыхæгтæй иу бурдзалыг сылгоймагмæ фæкомкоммæ сты. Ус лæгæн бамбарын кодта: дæ хъус æм æрдар æмæ сывæллоны нæхицæн райсдзыстæм, Ирыстонмæ куы сыздæхæм, уæд зæгъдзыстæм: нæхицæн райгуырд.

Сылгоймаг басывæрджын. Тынг дæр ыл не ‘ууæндыдысты, фæлæ гуыбын иугæр куы фæбæрæг, уæд гуырысхойаг нал уыд. Хойраджы дзæбæхæй æмæ йæ дарæсы аивæй хъуаг нал уагътой. Ныййарынмæ мæй дæр нал баззад, афтæмæй йæ фæд фæтары. Тыххæй йæ ссардтой Украинæйы. Нал æй радта. Дзæбæх сылгоймаг разынд. Æмæ дзæбæх кæй уыд, уымæн æвдисæн – сывæллоны кæй нал радта, уый.

* * *

Гуыбиаты Рамазаны æмбисонд: дыууæ лæппуйы Дзæуджыхъæуы стыр фæзы фæхыл сты æмæ сæ иу иннæмæн бафидис кодта:

– Ды та кæмæ уæндыс, æз дын дæ хоимæ куы бæгъдулæг кодтон, уæд?

Адæм ныххорхор кодтой. Лæппу хъуахъдзыхæй аззади, стæй фæстагмæ йæ зæрдыл æрбалæууыд:

– Фæлæуу, фæлæуу, мæнæн хо уæвгæ дæр куынæ ис.

Адæм уæдмæ ахæлиу сты, æмæ сæ марадз æмæ иугæйттæй æййаф æмæ сын æмбарын кæн, мæнæн хо нæй, зæгъгæ.

* * *

Фаг фæфыдæбон кодтон а зæххы риуыл æмæ мæ хъарм банорддзæн йæ хъæбысы. Кæйдæртау æй дзæгъæлнад нæ фæкодтон.

* * *

Æнæфæрсыгъд бæзджын хъæлæс.

* * *

Кцойты Шамил (Кусик) прокуратурæйы куыста.

– Дзиуаты Мæхæмæт мæм æрбарвыста йе ‘фсымæр Ахмæты.

Уый та уыдис хъобайнаг лæппуйы минæвар; Мæхæмæтимæ кæрæдзийæн загътой кæнгæ æфсымæртæ.

Мæхæмæты Тебердамæ, дзæбæхгæнæнмæ, æхца куы бахъуыди, уæд хъобайнаг сæ хъæуы кæмæйдæр радавта дыууæ галы. Ауæй сæ кодта æмæ æхца Мæхæмæты къухты ныссагъта. Уæды заман æртиссæдз туманы йеддæмæ нæма истой дыууæ галы.

Тæрхондоны куы ‘рлæууыдис, уæд тæрхонгæнджыты бафарста:

– Лæг зынаргъдæр у æви гал?

– Фæрсыны бар ам махмæ ис, дæумæ нæ, фæлæ.

– Дыууæ галы дæр иу лæджы аргъ тæрынц?

– Фæрсыны бар махмæ ис!

– Æмæ кæд сымахмæ ис фæрсыны бар, уæд мæ хъуыддагæй фæрсут, æндæр дæрдты цы зилут? Æз æй не ‘мбарын, лæг фырмæгуыræй дыууæ галы куыд хъуамæ дара, уый?

– Æмæ сæ фыдæбон та?

– Фыдæбон дæр сæхи тыххæй – адæймаджы тыххæй – кæнынц. Галты хицау йæхæдæг æвдисæн – лæуфæздон хъуццытæ лæууыд йе скъæты æмæ сæм æвналгæ дæр нæ бакодтам, афтæмæй æгæрмæгуыр баст дæр нæ уыдысты. Уæд адæймагæй зынаргъдæр кæдæй нырмæ сси гал? Æз дæр сæ æргæвдгæ куынæ акодтон.

* * *

Бæтæгаты Алхæсты кæрты рарастæввонгæй æрæмбырд сты чындзхæсджытæ. Куыд вæййы, афтæ сын фынг æрæвæрдтой: æртæ чъирийы, нозт æмæ лывзæ – дыууæ лæгæн иу тæбæгъ.

Мырза æмæ Петыræн æрæййæфта иу тæбæгъ. Ныхасуарзаг Мырза цалынмæ ног æрбацæуджытæм дæр æмæ бадты адæммæ дæр дзырдæппаræн кодта, уæдмæ Петыр дзидзатæ иууылдæр рауыгъта. Цы гæнæг у, уый Мырза цæсты зулæй куыннæ уыдтаид, æмæ фæстаг кæрдих куы фæдæлæ, уæд æм сдзырдта:

– Дзидза дæр-иу ахæр, дзидза, Петыр.

– Уæллæй, æмæ иунæг картофмæ дæр куы нæма æрæвнæлдтон.

– Ау, уæдæ мæнæн колорадойаг хъæндил æнхъæл дæ?

* * *

Тыбылаты Аслæнбег йæ ‘фсымæры ус Варæйы тыххæй:

– Мæнæн ахæм чындз ис, æмæ йæм дыууадæс барæджы куы

бацæуа уазæгуаты, уæддæр йе ‘ртæуатон фатеры бынат разындзæн барджытæн дæр æмæ сæ бæхтæн дæр.

* * *

Хохаг куыйтæ иу хъæуæй иннæмæ сæрмагондæй цæуынц рæйынмæ.

* * *

Базары цыхт æлхæнын хъомылтæ сылгоймагæй.

– Цас у йæ фæстаг аргъ?

– Фондз туманы æмæ фондз сомы кæны, фæлæ дын æй фондзыл ратдзынæн.

– Асламдæр та?

– Кæдæм-ма асламдæр? Æркæс-ма йæм, æркæс, цæйас у, уымæ: мæхæдæг дын æй куынæ ахæссон, уæд æй фæразгæ дæр куынæ акæндзынæ.

ГОДЖЫЦАТЫ Нелли

УАЛДЗЫГОН УЫНÆР

* * *

Мæнæн уыдзæни хорз амонд, уыдзæн!
Хуыцау мын уарзон хурæй дæр æркæндзæн.
Мæ фæрныг цард æгас дуне уындзæн,
Мæ цинæй уæд мæ ныййарæг æркæудзæн.

Зæгъдзæн нана йæ ‘нæхуруынд чызгæн:
«Æгъгъæд фæуæд, æз дæр дæ мæтæй нал дæн», –
Йæ зæрдæйы рыст чи сбардзæни мадæн, –
Æмæ йæ цæссыг асæрфдзæн чъызгæ.

Нана, мæ амонд не ссардтон мæ сонтæй,
Уæддæр дæуæн нæ асасти дæ ныфс.
Ды мын цæй тыххæй арфæтæ кæныс, –
Ныббар, мæнмæ уый не ‘рбафтыд æнцонтæй.

Æрмæстдæр иу фæкурын æз Хуыцауæй, –
Цæмæй дын ноджы бирæ ратта цард,
Æмæ дæуæй куы фæцæуон æз дард,
Цæмæй дæ хъæбул фена дæу хуындзауæй.

Кæннод цы у æнæ дæуæй мæ цин?!.
Мæ царды мæн куыд тынг хъæудзæн дæ амынд!
Уыдзæн нын демæ иумæйаг мæ амонд –
Фæрнæй мын цæр, мæ ныййарæг Гыцци!

НОГ ТА – УАЛДЗЫГОН УЫНÆР

Ног та – уалдзыгон уынæр,
Терчы ‘нæхъуаджы сынæр.
Цал хатты фæливы мæн
Ацы аргъауы тæлмæн!

Ног та фидæныл æууæнд,
Ризгæ зæрдæ уарзын уæнд.
Амонд агур, уымæ бæлл,
Стæй йæ карды цæфæй мæл.

Ног та мæргъты зардмæ зар,
Арвмæ кув, дæ цæнгтæ дар.
Стæй дæ кæуыны хъæлæс
Арф дæ зæрдæйы æмбæхс.

Зымæг, уалдзæг, сæрд, фæззæг –
Хус цæрæнбонты фæздæг.
Цард – ыскæс æмæ ныккæс.
Тагъд ныууадздзыстæм нæ къæс.

ЦÆМÆЙ ТÆРСÆМ

Цæмæй тæрсæм мæнг дунейы цæргæйæ?
Цы нæ домы нæ саузæрдæ фысым?
Куы скæны махæн кад, нæ ном нæргæйæ,
Куы та кæны йæ дам-думтæй тыхсын.

Куы бафтæм мах рæстдзинадæн йæ фæдтыл,
Йæ лæвæрттæй æлхæны уæд нæ уд.
Гъе стæй фæхуды аивæй нæ сæфтыл,
Куы разынæм йæ сурæнты тæппуд.

Нæ зоны уый, зынаргъдæр нæм цы ис,
Æвæрд у уый æбæрæг ран нæ риуы.
Нæ уадзы уый нæ зæрдæмæ æвдиуы,
Нæ нæм уадзы фыдбылыз æмæ рис.

Нæ зоны уд уысмæн зæрдæйы тас.
Уый у æрвон, æнæмæлгæ, æнахуыр.
Нæ йæ ‘ндавы нæ уд марæджы хахуыр.
Æрмæстдæр уый у а дунейыл уаз.

УАЛДЗÆГ

Дидин бæлæстыл – зæбул.
Бæлас бæласмæ æркъул:
Чи фылдæр æрхæссид дыргъ,
Чи дзы байдзаг кæнид тыргъ!

Æз бæласы бын лæууон,
Æмæ сагъæстыл фæуон:
Ахæм диссаджы бæркад
Ныр кæм бафснайа мæ мад.

Бæлццон рацæуа æвзонг,
Дыргътæм бадара йæ цонг.
Сæрыл дзы æрхауа иу –
Амонд банкъара йæ риу.

ЦЫ УÆ ДОМЫН

Цы уæ домын! Уæ пехуымпары радтат,
Æмæ йыл калдтат хъавгæйæ цæссыг...
Йæ азым ын уæддæр йæ цæстмæ дардтат,
Кæй хъахъхъæдта нæ фыдæлты мæсыг.

Æз та, æдылы, фарнагур зылдтæн,
Æмæ мæ рыст æнæзæрдæтæн хъардтон.
Фыдадæмыл хæрзиуæггур зылдтæн. –
Цыма сæм уæд хæрзиуæгæй цы ссардтон?

Нæ, нæ, мыййаг тæргай нæ кæнын æз –
Мæ зæрдæ уаз, æнусон ныфсæн радтон,
Фæлæ дæумæ цы стыр азым ыссардтон,
Нæ арын уымæн иунæгæй фæрæз.

Цы кæнон ныр – æлгъитгæ æви арфæ?
Æви хатыр, дæ гадзрахатæн барст?
Æви æвæстаг ракуырдтам уæларвæй,
Æмæ Хуыцаумæ ферох и нæ уарзт?

Уæдæ цы сты æнæ цырагъдар адæм?
Сæ фæндаг у æбæрæг æмæ тар...
Фæмард пехуымпар, нал ын ис бындар,
Æмæ йын ныр йæ бирæ бынтыл бадæм.

ЦЫ У ЗÆХХЫЛ ХЪЫСМÆТИМÆ НÆ ТОХ?

Цы у зæххыл хъысмæтимæ нæ тох!
Нæ бæллицтæ, нæ цард уарзыны монцтæ...
Уæддæр нæ искуы баййафы фыдох,
Æмæ нæ сæнтты армæйконд фæлгонцтæн
Ныппырх вæййы йæ хиамайгæ хох.

Мах афоныл нæ бамбарæм нæ азым,
Æмæ та ногæй – зæрдæйы бæллын...
Зæххон монцтæ нæ бауадзæм мæлын,
Куы бавзарæм æлгъаг сæйдтытæ, сау зын,
Æмæ та ног нæ цæстысыг кæлы.

Фæлæ бæллицтæй рухс кæны нæ цард,
Æмæ нæ амонд райгуыры нæ сæнттæй.
Куы нæ судза æвзонг зæрдæйы арт,
Куы уарзæм мах æнæрисгæ, æнцæнттæй, –
Цы стæм, йе чи стæм? Удæгасæй мард!

Уæдæ бæллæм æрвон уарзтмæ æрмæст,
Нывæндæм амонд дзыллæтæн нæ сæнтты.
Фæуыдзæн уæд хъысмæтимæ нæ хæст.
Хуыцау ныссæтдзæн а дунейы ‘фсæдты,
Æмæ нын амонд бауарздзæн Йæ цæст.

АЦЫ ÆХСÆВЫ ФÆНДÆГТÆ...

Ацы æхсæвы фæндæгтæ!
Зæрдæ сæ уындæй æнкъард...
Бæлæсты уазал æндæргтæ
Лидзынц нæ развæдæй дард.

Зонд нын цы нæ уадзы мысын,
Уый дæр æм бахæссы ных.
Ивгъуыд – нæ уды къæрных.
Зæрдæ ныккæны æнкъуысын.

Сау арвыл уазал æврæгътæ –
Раст цыма тохы фæздæг.
Уыцы æгъатыр фæззæг...
Хъустыл та уайынц гæрæхтæ.

Ацы æнафоны балцы
Нал вæйиы мастæн кæрон.
Даргъ фæндаг бæлæсты барцы –
Сæнтты æнæскъуыйгæ рон.

ЦЫ СТЫ ФЫНТÆ

Цы сты фынтæ! Фæллад уды сæнттæ,
Æнæнцой царды сусæггаг бæллицтæ,
Зæххон балцы нæ зæрдæйы хъæнтæ,
Нæ рох уарзты æнæныббаргæ ристæ.

Фæлæ мæ уд фыдфынтæй у æлгъæд:
Æхсæвы тары агурын ныфсы рухс.
Мæнæн зынтæн мæ бон дæр у æгъгъæд,
Æхсæвы цæст та ирд æмæ ыстыр у.

Фæнды мæ ныр, мæ рафæлдисæг Фыд,
Дæумæ раттын мæ зæрдæйы дæгъæлтæ.
Æхсæвы мæ уæд та ыскæн æвыд –
Мæ уд æнæ Дæу ма кæна дзæгъæлтæ.

СÆБÆТХЪУАТЫ Рамазан

ÆМХЪÆУККÆГТÆ

*Роман**

* * *

Уыцы бон абитуриенттæ хъуамæ радтаиккой сæ дыккаг фæлварæн. Бирæтæ нæма зыдтой сочиненийæ сæ бæрæггæнæнтæ æмæ цымыдисæй кастысты, райсомæй къулыл цы номхыгъдтæ сауыгъдæуыд, уыдонмæ. Таймураз йæ мыггаджы бакомкоммæ иттæг хорз бæрæггæнæн куы ауыдта, уæд фырцинæй цы акодтаид, уый нал зыдта.

– Молодец, Таймураз! – йæ цонг ын нылхъывта Зауырбег. – Дæу йеддæмæ нæ «тынг хорз» никæмæн сæвæрдтой.

– Ды та? Ды та цы райстай? – цæхгæр æм фæзылди Таймураз.

– Хуымæллæггагæн – «хорз» дæр æгъгъæд у, – бахудти йæм Зауырбег.

Таймураз та ногæй йæ цæстытæ номхыгъдыл æрхаста æмæ æваст дисгæнгæ фæхъæр кодта:

– Кæс-ма! Кæс-ма! Болат дæр сочиненийæ «хорз» райста. Афтæмæй йæ тæргæ куы ракодтой!

– Кæд ын бæрæггæнæн рæдыдæй сæвæрдтой? – гуырысхогæнгæйæ загъта Зауырбег.

Фæлæ лæппутæ, ног фæлварæн цы аудиторийы дæтдзысты, уый цурмæ куы бацыдысты æмæ æппæты ‘хсæн Болаты дæр куы ауыдтой, уæд бамбæрстой, ам

* Дарддæр. Райдайæн кæс журналы ацы азы 2-æм номыры.

æндæр цыдæр кæй ис, уый. «Æвæццæгæн, сочинени хицæнæй ныффыста», – ахъуыды кодта Таймураз, Болат æм схъæлхуызæй куыд кæсы, уый фенгæйæ.

Мæнæ уалынмæ сæм ахуыргæнæг дуарæй ракаст æмæ, йæ цæст сыл ахæсгæйæ, хъæрæй бафарста:

– Уæздæнты Таймураз уæ чи у? Мидæмæ рацæуæд...

Таймураз тарстхуызæй ахуыргæнæджы фæстæ фæраст. Георги Иванович (афтæ хуыдтой ахуыргæнæджы) цæмæндæр сæрæй къæхты бынмæ абарста лæппуйы æмæ йын, стъолыл цы билеттæ уыдис, уыдонмæ йæ сæрæй ацамыдта. Таймураз дзы иу систа, фæлæ йын йæ фарстатæ дæр нæма бакаст, афтæ йын ахуыргæнæг загъта:

– Билет уал уадз. Фæлтау мын дæ сочинени радзур.

Æмæ Георги Иванович стъолы раз æрбадт æмæ абитуриентты куыстыты ‘хсæнæй Таймуразы сочинени систа. «Кæд æй нæ уырны, мæхæдæг æй ныффыстон, уый?» – йæхинымæр асагъæс кодта лæппу æмæ исдуг, цæмæй райдыдтаид, уый нал зыдта.

– Дзур, дзур, – сочиненимæ кæсгæйæ йæ фæтагъд кодта ахуыргæнæг.

Таймураз æнæрхæцгæйæ йæ фыстытæ радзырдта.

– Хорз ныффыстай. Молодец! – раппæлыди дзы Георги Иванович, стæй йæ уæд цымыдисæй афарста: – Кæцы скъола фæдæ каст?

– Уырыссаг æвзаг æмæ дын литературæйæ ахуыргæнæг чи уыд?

– Луизæ Ивановна.

– Луизæ Ивановна? – Георги Ивановичы цæсгом æвиппайды фæрухс. – Нæ республикæйы уый хуыздæртимæ нымад у.

Таймураз йæ билетмæ æркаст.

– Дæ билет æрæвæр, – загъта Георги Иванович. – Бæрæг у, скъолайы дын хорз зонындзинæдтæ кæй радтой, уый.

– Цæй тагъд рацыдтæ? Æвзæр бæрæггæнæн райстай? Тызмæг ахуыргæнæг у? Куыд фæрсы? – дуарæй куы рахызт, уæд ыл алырдыгæй ныккалдтой фæрстытæ, фæлæ дзы Таймураз иуæн дæр дзуапп раттынмæ нал арæхст, æрмæст сæм æнæ дзургæйæ йæ гæххæтт равдыста, æмæ дзы иттæг хорз бæрæггæнæн куы ауыдтой, уæд къæлидорыл айхъуысти дисы уынæр. Стæй йын иууылдæр арфæтæ кæнынмæ фесты, Болатæй фæстæмæ. Зауырбег ма йæ фырцинæй йæ хъæбысы хæрдмæ дæр фелвæста...

Фæстæдæр ын хъæуы куыд радзырдтой, афтæмæй Мæхæмæт бацыди институты ректорæн йæ хæдзармæ æмæ йын балæгъста кодта, цæмæй йын йæ фырт Болатæн баххуыс кæна литературон факультетмæ бахауынмæ. Директор, дам, куы фехъуыста, Болат æмдзæвгæтæ кæй фыссы, уый, уæд ын сочиненийæ хорз бæрæггæнæн нывæрын кодта.

Мурат дæр уыцы хабар куы базыдта, уæд æрбамæсты.

– Поэт мын æй рахуыдтой! Йе ‘мдзæвгæтæ ныры онг æгæр мæгуыр къулы газеты дæр куы нæма рацыдысты! Уæдæмæ адæймагыл фæхæцæг куы нæ уа...

Ноджы ма куы базыдта, Заретæ æмæ Агуындæ æвзæр бæрæггæнæнтæ кæй райстой æмæ ныр сæ гæххæттытæ медучилищæмæ кæй дæттынц, уый, уæд йæ мастæн кæрон нал уыд.

– Уыдонæн дæр Мæхæмæты хуызæн фыд куы фæуыдаид, уæд æнæмæнг институтмæ бахаудтаиккой.

– Афтæ цæмæн дзурыс, Мурат? – сабыртæ йæ кодта Таймураз. – Мæхæмæт ахæм стыр хицау куы нæ у.

– Æмæ дзы стыр хицау уæвын та цæмæн хъæуы? Фыццаджыдæр зæрдæ балхæнын зон...

– Цæмæй афтæ дзурай, уый тыххæй хъуамæ факттæ æрхæссай.

– Кæннод æй æнæ факттæй дæхæдæг нæ зоныс, Мæхæмæт искæй зæрдæ фæтасын кæндзæн æви нæ, уый, – мæсты худт æм бакодта Мурат.

Таймуразæн хъыг уыдис, Заретæ институтмæ кæй нæ бахауд, уый. Уымæ афтæ касти, цыма ныр чызгыл арæх нал æмбæлдзæн æмæ бынтондæр æрæнкъард. Лæппу зыдта, Заретæ Болаты кæй уарзы, уый, фæлæ уæддæр йæ зæрдæйыл фæуæлахизæн йæ бон ницы уыдис: иудадзыг дæр хъуыды кодта чызгыл, йæ цæстытыл уадис, фæндыди йæ æдзухдæр йæ разы уæвын.

Таймураз арæх чингуыты касти, бирæ адæмтæм Заретæйы хуызæн хæстæг хæстæгыл нымад кæй нæ уыдис, уый. Ирыстоны дæр-иу, ахæм хæстæггадыл дзургæйæ, дзæгъæлы нæ дзырдтой: «Тæрхъусы басы бас». Фæлæ Бадинæ Заретæйы бинонты нымадта йæ хæстæджытыл, æмæ йæ уыдон дæр хуыдтой сæ хæстæг. «Бадимæ гæсгæ адæм иууылдæр хæстæджытæ сты, – арæх-иу ахæм хатдзæгмæ æрцыди Таймураз. Æмæ уæд бауарзæн дæр никæй ис». Кæй зæгъын æй хъæуы, мад нæ зыдта йæ фырты уавæр. Æвæццæгæн ын искæй бауарзыны æнхъæл дæр нæма

уыд. Дзæгъæлы йæ нæ хуыдта «мæ гыццыл лæппу». Цæмæй йæ зыдта, йæ гыццыл лæппу æхсæзæм къласæй нырмæ Заретæйы сусæг уарзтæй кæй уарзта, уый?

Таймураз йæ сагъæстыл æрмæстдæр Муратимæ дзырдта, æндæр сæ кæмæн ракодтаид? Æниу æй Мурат дæр, æвæццæгæн, уыйас хорз не ‘мбæрста, йæхæдæг уæды онг кæй нæма бауарзта, уый тыххæй. Хатгай йын-иу хуымæтæджы нæ бауайдзæф кодта, æгæр сентименталон дæ, зæгъгæ.

* * *

Ирон литературæйæ сочинени ныффыссыны размæ Таймураз æмæ Зауырбег ацыдысты Къостайы музеймæ. Лæппуты фæндыд йæ цард æмæ йын йе сфæлдыстад хуыздæр базонын. Уыдонмæ афтæ каст, цыма темæтæй искæцы æнæмæнг Къостаимæ баст уыдзæн. «Институтыл ын йæ ном хуымæтæджы нæ сæвæрдтой», – дзырдта Зауырбег Таймуразæн.

Музейы бирæ адæм нæ разынд. Куыддæр лæппутæ дуарыл бахызтысты, афтæ ацæргæ нæлгоймаг дæр экскурсанттæн дзурын райдыдта поэты царды фæндагыл. Таймураз уый размæ бирæ уацтæ бакаст Къостайы тыххæй, хорз ын зыдта йæ уацмыстæ дæр. Фæлæ ацы нæлгоймагæн йæ ныхасыхъæд афтæ рæсугъд уыд, афтæ дæсны пайда кодта ирон æвзаджы ахорæнтæй, æмæ йæм Таймураз хъусынæй нал æфсæст, уæлдайдæр та-иу Хетæджы-фырты æмдзæвгæтæй искæцы куы касти, уæд. Цæлыккаты Аннæйы хуызисты раз Таймураз иуцасдæр лæугæйæ баззад. Афтæ йæм фæкаст, цыма Заретæ æмæ Къостайы уарзон чызгмæ æнгæсæй цыдæр иудзинад ис, æмæ сæ æнæнхъæлæджы кæрæдзиуыл барыныл фæцис. Исдуг æм дзурæджы хъæлæс дæр нал хъуысти. Æрмæст æй фæстæрдыгæй Зауырбег куы фесхуыста æмæ йын сæрæй адæмырдæм куы ацамыдта, уæд уый дæр æфсæрмыхуызæй сæ размæ бацыд.

– Ныр та ма уæхæдæг иу хатт бакæсут, нæ музейы цы цæстуынгæ æрмæг ис, уыдонмæ, – фæстагмæ загъта нæлгоймаг, æмæ та Таймураз ногæй Цæлыккаты Аннæйы хуызистмæ фæраст.

– Диссаджы рæсугъд сылгоймаг уыд, фæлæ, хъыгагæн, Къостаимæ нæ баиу сты, – загъта адæмæй чидæр æмæ арф ныуулæфыд...

«Заретæ æнæмæнг йе ‘нгæс у, фæлæ сæм иудзинадæй цы ис, уый бæлвырд нæ иртасын», – ахъуыды кодта Таймураз æмæ йе

уæхсчы сæрты Зауырбегмæ ракаст, цыма йæ бафæрсынмæ хъавыд, ды та цы зæгъдзынæ, зæгъгæ.

Мурат йæ разы куы фæуыдаид, уæд уый бæргæ бафарстаид, фæлæ уыцы бон уый фæлварæн лæвæрдта æмæ семæ на рацыд.

Уынджы дæр ма иуцасдæр Таймураз Аннæйы хуызистыл хъуыды кодта. Æмæ йæ Зауырбег куы афарста, Къостайы музей дæ зæрдæмæ фæцыд æви нæ, зæгъгæ, уæд фыццаг нæ бамбæрста, цæмæй йæ фæрсы, уый æмæ йæ бынаты дзыхълæуд фæкодта.

– Цы? Цы загътай? – цыма йæ фынæйæ фехъал, уыйау йæ цæсты уæлтъыфæлттæ стыбар-тыбур кодтой Таймуразæн.

Зауырбег æм дисхуызæй бакаст æмæ та йæ ногæй бафарста:

– Нæ балц, зæгъын, дæ зæрдæмæ фæцыд?

– Тынг... – къуызгæ дзуапп радта Таймураз. – Уæлдайдæр та ... Къостайæн йæхи конд нывтæ...

– Диссаг у, æрмæст поэт, прозаик, публицист æмæ драматург нæ, фæлæ ма ноджы ахæм нывгæнæг дæр кæй уыдис, уый, – бафиппайдта Зауырбег.

– Хуымæтæджы йæ не схуыдта Фадеев ирон адæмы Леонардо да Винчи, – загъта сæрыстырæй Таймураз...

– Скъолайы ирон æвзагæй хорз бæрæггæнæнтæ бæргæ истон, фæлæ уæддæр тæрсын, ацы хатт мын «рæстæмбис» куы сæвæрой, уымæй, – чысыл фæстæдæр сагъæсхуызæй сдзырдта Зауырбег.

– Уæд цæмæн? – бадис кодта Таймураз.

– Ныры онг нæ орфографи бæстонгонд кæй нæу, уый тыххæй.

– Уый та куыд?

– Ау, æмæ йæ нæ зоныс? – Зауырбег йе ‘рфгуытыл уæлæмæ схæцыд. – «Мах дуг» иу хуызы фыссы, «Рæстдзинад» – иннæ, чиныгуадзæн аннæ! Уымæ гæсгæ орфографи скъолаты дæр сæмхæццæ кодтой. Ноджы ма нæ пунктуацийы дæр ис, ахуыргæндтæ фаг кæуыл нæма бакуыстой, ахæм фарстатæ...

Ацы ран Таймураз дæр рагацау сагъæс кæнын байдыдта, мæ сочинени мын хорз куыстыл куынæ банымайой, зæгъгæ...

Æмæ, цæмæй тарсти, уый йыл æцæгдæр æрцыд: цалдæр боны фæстæ йæ мыггаджы ныхмæ сочиненийæ ауыдта бæрæггæнæн «рæстæмбис» æмæ фырдисæй хæлиудзыхæй кæсгæйæ аззади. Йæ иннæ экзаментæй райста тынг хорз бæрæггæнæнтæ æмæ йын ныр тынг зын уыдис, «рæстæмбис» ын кæй сæвæрдтой,

уый. Таймуразы фæндыд, цы рæдыдтытæ бауагъта, уыдон базонын, фæлæ дзы кæй бафарстаид, уый нæ зыдта. Лæппуйæн уæлдай зындæр уый уыдис, æмæ фыццаг семестры стипенди кæй нæ исдзæн. «Афтæмæй куыд ахуыр кæндзынæн?» – йæхинымæр иудадзыг хъыг кодта.

Зауырбег æмбæрста йе ‘мбалы зæрдæйыахаст æмæ йын уайтагъд ныфсытæ æвæрыныл фæци:

– Ма тыхс, кæд мæнæн стипенди дæттой, уæд дыууæйæ дæр исты хуызы ирвæздзыстæм. Студенттæй, дам, æхца кæмæн нæ фæфаг кæны, уыдон рæстæгмæ исты куыстмæ дæр бацæуынц…

– Æз дæр фехъуыстон, цыма дзы чидæртæ æфсæнфæндаджы вагæттæ æвдæлогæнджытæй фæкусынц, – сдзырдта Таймураз.

– Уыцы хъуыддаг æз бæлвырддæр базондзынæн, – загъта Зауырбег фидарæй, – æмæ уæд рагацау куысты тыххæй исты хицауимæ баныхас кæндзыстæм. Нæ фæнд хъуамæ Мураты зæрдæмæ дæр фæцæуа. Æз ын…

Зауырбег ма цыдæр зæгъынмæ хъавыди, фæлæ уалынмæ кæцæйдæр сæ разы февзæрди Болат, æмæ сæ ныхас æрдæгыл фескъуыди.

– Ног æрдхæрдтæ та, æвæццæгæн, дунейы ахсджиаг фарстатæ лыг кæнынц, – салам раттыны бæсты сæм иуварсæй æрбадзырдта уый æмæ цæмæндæр хъæрæй ныххудти.

– Уыдонмæ нæма рахызтыстæм, – æнцадæй йын дзуапп радта Зауырбег.

– Таймураз æнхъæл уыд, æмæ та йын ацы хатт дæр тынг хорз бæрæггæнæн сæвæрдзысты, – къулыл цы номхыгъд уыдис, уымæ кæсгæйæ, æхсызгонæй бафиппайдта Болат.

– Æмæ ды та цæуыл цин кæныс, дæхæдæг дæр «рæстæмбис» куы райстай, уæд? – сонтæй йæ афарста Таймураз.

– Мæнæн уый дæр æгъгъæд у, кæйдæртау тынг хорз бæрæггæнæнтæ райсыныл нæ тох кæнын, – куыдфæндыйæ йæ къух ауыгъта уый.

Стæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта:

– Æниу мæнæн мæ куыстæн фаг аргъ не скодтой, уый йеддæмæ ма дзы æз ме ‘мдзæвгæтæй дæр куы спайда кодтон. Уæдæмæ ахуыргæнæг, поэзи чи уарзы, ахæм адæймаг нæ разынд…

– Хатыр бакæн, Болат, кæрты нæм Мурат æнхъæлмæ кæсы, – æнæвдæлонхуызæй сдзырдта Зауырбег æмæ Таймуразы цонгыл æддæрдæм ахæцыд.

– Æнæуи нæ цыма уынгæ дæр нæ кæны, йæхи афтæ куы дары, уæд ыл ацы хатт цы ‘рцыди? – Зауырбеджы фарсмæ цæугæйæ бадис кодта Таймураз. – Немæ дзурыныл цы схæцыд?

– Æвæццæгæн ын тынг æхсызгон уыд, ды дæр рæстæмбис кæй райстай,уый. Мæнмæ гæсгæ, йæхи бæрæггæнæныл уыйас тыхсгæ дæр нæ кæны.

– Æмæ цæмæн тыхса? Уый æнæ стипендийæ дæр бафæраздзæн...

Таймураз йæ цæрæнуатмæ куы баздæхт, уæд уым байййæфта Мурат æмæ Изæтбеджы.

– Цы райстай? – æмдзыхæй йæ афарстой уыдон.

– «Рæстæмбис», – æнкъардæй сын дзуапп радта Таймураз.

– Уый та куыд? – бадис кодта Мурат. – Скъолайы сочиненитæ хорз куы фыстай.

– Æвæццæгæн, афтæ хорз нæ фыстон, – йæ сæр батылдта Таймураз.

Изæтбег ын уайтагъд бамбæрста йæ зæрдæйы уаг æмæ исдуг хъусæй алæууыд. Стæй уæд загъта:

– Сæйрагдæр у институтмæ бахауын. Уый фæстæ, куыд ахуыр кæнай, уымæй аразгæ уыдзæн дæ дарддæры фæндаг...

* * *

– Уый дыл цы ’рцыд, мæ хъæбул? Къуыримæ дæ царм æмæ стджытæ йеддæмæ куы ницыуал баззади! – райхъуысти Бадинæйы дисы хъæр, Таймураз дыууæизæрыастæу сæ къæсæрæй куы бакасти, уæд.

– Дæхæдæг мын куы дзырдтай, læппуйæн нард уæвын нæ фидауы, зæгъгæ, – Таймураз худгæйæ йæ мады йæ хъæбысы хæрдмæ фелвæста.

– Уау! Мæ фæрстæ мын сæттыс! – барæй йæ цæсгом фæтар кодта Бадинæ.

– Хæрæджы цин, дам, дæндагæй у, – аххосджынхуызæй сдзырдта læппу æмæ йæ мады хъавгæ дæлæмæ æруагъта.

– Æвæццæгæн, тынг æххормаг дæ, – Бадинæ æваст пецырдæм фæзылд. – Æвæджиауы хъæрмхуыпп мæм ис.

Таймураз æцæгдæр ныр дыккаг бон хæринаджы хъæстæ нæма уыд æмæ æнæ уæлдай ныхасæй стъолы фарсмæ æрбадт. Бадинæ йын æрæвæрдта хъæдуры къус кæрдзыны цыппæрæм хаимæ.

Лæппу зыдæй хæрыныл фæци æмæ уайтагъд йæ къус авдæлон кодта.

– Кæд ма дæ ноджыдæр хъæуы? – афарста мад йæ фырты æмæ йын йæ къус йæ разæй систа.

– Æгъгъæд уал мын у, бафсæстæн, – дзуапп радта Таймураз, йæ бынатæй стгæйæ.

– Таму, уæ экзаментæ куыд дæттут?

– Чи – хорз, чи та – ноджы хуыздæр, – хъазæгау фæкодта Таймураз. – Æз дæр амæлттæ кæнын.

Нæ йын загъта, иронæй «рæстæмбис» кæй райста, уый.

– Мурат та, Мурат? Уый хъуыддаг та куыд у? – ногæй та йæ афарста Бадинæ.

– Мурат дæр уал дыууæ хатты хорз бæрæггæнæнтæ райста.

– Тынг æхсызгон мын у.

– Мæнæн дæр, - зæрдиагæй бафиппайдта Таймураз. – Ныртæккæ цæргæ дæр иу ран кæнæм.

– Ханиффæмæ? – бадис кодта мад.

– Нæ, уымæй рацыдтæн. Мурат мæ се ‘рвадæлты лæппумæ бакодта…

Таймураз йæ мадæн цыбырæй радзырдта, Ханиффæйæ цæмæн рацыдис, уый.

– Афтæмæй мын зæрдæ бавæрдта, дæ лæппуйæн мæнмæ хорз уыдзæн, зæгъгæ, – арф ныуулæфыд Бадинæ.

– Æвæццæгæн мын иудадзыг хъæуæй йæхицæн истытæ ласын æнхъæл уыд.

– Æмæ йæ нæ зоны, куыд цæрæм, уый? – йæ сæр батылдта мад.

Таймураз Бадинæйæн не схъæр кодта, Ханиффæйыл йæ зæрдæ тынгдæр цæй тыххæй фæхудти, уый…

Æхсæвы суанг кæркуасæнтæм нæ бафынæй Таймураз. Иннæ хæттытау та уый хъуыды кодта Заретæйыл. Къуырийы дæргъы лæппу иу бон дæр нæ фембæлд чызгыл æмæ нæ зыдта, мединститутмæ кæй нæ бахаудта, ууыл куыд хъыг кæны, уый. «Дохтыр суæвынмæ бæргæ бæллыд», – йæхинымæр сдзырдта Таймураз æмæ арф ныуулæфыд. «Æхсæрыл сыфтæр нал хæцы. Уый, дам, уазалы тыххæй у. Æхсæв мыл хуыссæг нал хæцы. Уый, дам, уарзоны тыххæй у», – цæмæндæр йæ зæрдыл æрбалæууыдысты цавæрдæр зарæджы ныхæстæ æмæ йæхимæ æрбамæсты. Цыма уыцы зарæг Таймуразыл у! Уарзоныл банымайæн ис æрмæстдæр ахæм чызджы, йæ зæрдæйы рæсугъд æнкъарæнтæ кæмæн равзæрын кæнай,

иудадзыг дын дæ фендмæ чи бæлла. Заретæ та Таймуразыл хъуыды дæр нæ кæны, кæд æй уый йæ цардæй фылдæр уарзы, уæддæр.

Уыцы хъуыдытимæ лæппу æнæнхъæлæджы бафынæй.

Райсомæй куы райхъал, уæд йæ мады хуыссæн ауыдта афтидæй. «Куыд раджы та фестад! Афтæмæй нæм хъуг дæр куы нæ ис», – батыхст йæхинымæр, уынгæй йæм, сæ фос хизæнуатмæ чи тардта, уыдоны уынæр куы ‘рбайхъуысти, уæд. Рудзынгæй акæсгæйæ Таймураз фыццаджыдæр бафиппадта Болаты мад Косерханы.

– Хæсты рæстæджы æддæхъус цы сылгоймæгтæ уыдысты, уыдон мын ныр сæ былтæ асæрфтой æмæ ницы хуызæй дзæбæх сæ лæгтимæ цæрынц, – кæмæндæр хъæрæй дзырдта уый.

– Мæхæмæт дæр, дам, сыл-иу радыгай азылди, – фелхыскъ æй кодта устытæй чидæр æмæ йæ хъæлæсы дзаг ныххудти.

– Æз Ауызбийы чызг дæн, Ауызбийы æмæ ахæм дам-думтæм мæ хъус нæ дарын! – ноджы хъæрдæрæй загъта ус. – Æниу цы? Лæг лæгыл нымад у, æмæ уадз æмæ йæхи ирхæфса. Мæнмæ, йæ фæллойæн цы исы, уый хæссæд, уый йеддæмæ цыфæнды дæр кæнæд...

Косерхан уынджы дæлæмæ аивгъуыдта, фæлæ ма уæддæр иуцасдæр Таймуразмæ хъуысти йæ цъæхснаг хъæлæс:

– Дысон Болатик горæтæй нæхимæ æруади... Дзырдта мын нæ хъæуы фæсивæдæй, дам, мæнæй хуыздæр экзаментæ ничи дæтты. Хуыцауæй, зæгъын, разы... Æз ын æртæ дзаджджын чъирийы акодтон...

Чысыл фæстæдæр агъуыстмæ æрбахызт Бадинæ.

– Косерхан та уынгты дзæнгæда цæгъдгæйæ фæцæуы, – йæ сæр батылдта уый. – Йе ‘фсæртыл куыройы цалх разилдзæн. Æвæццæгæн дæ райхъал кодта.

– Ницы кæны. Уæддæр мæ тагъд фæстæмæ цæуын хъæуы.

– Дæ кæрдзынтæ дæр та цæттæ сты, – загъта мад. – Иучысыл дын æхца дæр ссардтон.

«Кæмæйдæр æфстау райста», – ахъуыды кодта лæппу æмæ куыддæр фенкъард.

Раст уыцы минут æддейæ æрбайхъуыст сылгоймаджы хъæр:

– Амардта йæ! Бынæй йæ хæрдмæ йæ хъамайæ срæхуыста!

– Чи кæй амардта?! – афарста чидæр.

– Мæхæмæты... Мæхæмæты Асæхъо хъамайæ срæхуыста... – Кæуынхъæлæсæй дзуапп радта сылгоймаг.

– Æмæ зæрондæй æрра сси? Уæздан лæгыл нымад куы у…

Бадинæ цавддурау фæци. Таймураз дæр исдуг хæлиудзыхæй аззад. Стæй сæ дуар йæ сæрыл ахаста. Йæ фæдыл азгъордта Бадинæ дæр. Уайтагъд сыхбæстæ стырæй-чысылæй удаистæй уынгмæ ракалдысты.

Иууылдæр кæрæдзи фарстой, цы ‘рцыди, зæгъгæ. Чидæртæ уадысты, хъæлæба кæцæй хъуыст, уыцырдæм. Таймураз дæр сæ фæстæ фæраст.

Асæхъойы хæдзары цур адæмæй къахæрæвæрæн нал уыд. Колхозы машинæйæн азмæлæн нæ уыд æмæ иуцасдæр æнæрынцойæ уасыд.

– Уæхи фæйнæрдæм айсут! Лæг сæфгæ кæй кæны, уый нæ уынут?! Тагъд æй рынчындонмæ ласын хъæуы! – хъæр кодта хæстыл зилæг Темырхъан.

Æппынфæстаг фæндаг суæгъдис, æмæ машинæ скуыста. Таймураз гуыффæйы ауыдта Мæхæмæты уæлгоммæ хуысгæйæ. Тæтæрхъан ын цавæрдæр урс хæцъилæй ацархайдта йæ цæф бабæттыныл, фæлæ йæ хъуыддагæй ницы уадис: Мæхæмæт хъæрзгæйæ йæхи дыууæрдæм раппар-баппар кодта. Хæцъилыл ранæй-рæтты фæзынди туджы фæдтæ.

– Нæ фелсыр та цы фæци, нæ фелсыр? – райхъуысти зæронд устытæй кæйдæр мæсты хъæлæс.

– Районмæ, дам, æм цавæрдæр æмбырдмæ фæсидтысты, – дзуапп ын радта лæгтæй чидæр.

– Æрмæстдæр æмбырдты бадын зонæм, æндæр ницы. Ам бæллæхтæ кæй цæуы, ууыл та хъуыдыгæнæг нæй, – бахъуырхъуыр кодта зæронд ус.

Машинæ куыддæр йæ бынатæй фенкъуысти, афтæ кæцæйдæр йæ размæ кæугæйæ базгъордта Косерхан.

– Мæнæ мыл сæумæрайсом цы бæллæх æрбамбæлд! – йæ уæрджытæ ныххоста ус. – Мæнæ куыд бабын дæн!

Шофыр машинæ фæурæдта, æмæ Косерхан цæстыфæныкъуылдмæ гуыффæйы балæууыд. Йæ лæджы ахæм тæригъæддаг уавæры ауынгæйæ, ус бынтондæр æррайы хуызæн сси.

– Фæлæууæд дæ ныццæвæг, æз æй кæд ахæстоны нæ бамбийын кæнон! Кæд ын æз йæ бинонты дæр ма нæ фесафон! – Асæхъойы хæдзарырдæм йæ тымбыл къух тилгæйæ, хъæр кодта уый.

Машинæ рыг калгæ уынджы кæрон куы фæауыон, уæд адæм сабыргай сæ хæдзæрттæм хæлиу кæнын байдыдтой. Чидæртæ ма

лæууыдысты æмбырдæй æмæ дзырдтой, хабар куыд рауад, ууыл.

Ныхæстæм хъусгæйæ, Таймураз базыдта, паддзахадæй хæстæ чи дары, уыдоныл зилджытæ райсомæй Асæхъойы дуармæ куыд æрлæууыдысты, уый. Зæронд лæг йæ хъуг хизынмæ рацæйтардта æмæ æрбацæуджыты куы бафиппайдта, уæд æнæбары фæстæмæ мидæмæ фæзылд, фæлæ йæ уыдон фæурæдтой. Асæхъо сæргуыбыræй сæ размæ рацыд.

– Æвæццæгæн дæ хæстæ бафидын ферох ис, – æлхыскъгæнæгау ын загъта æрбацæуджытæн сæ хистæр.

– Рох мæ бæргæ нæу, мæ хур, – аххосджын хъæлæсыуагæй дзуапп радта Асæхъо, – фæлæ мæм ныртæккæ æхца нæма ис. Мæнæ та базармæ уæймæ цыдæртæ ласын æмæ сын кæд исты капеччытæ райсин...

Раст уыцы минут йе 'намондæн сæ цуры йæ саргъыбæх фæурæдта Мæхæмæт.

– Кæдмæ сæ расай-басай кæндзынæ? – мæстыхуызæй йæ уæлбæхæй афарста уый. – Уæлмæрдты де 'мгæрттæн сæ цыртытæн сæ фыстытæ дæр ма куы ссыдысты, уæд дæ цахъхъæн лæгæн сайын худинаг нæу? Æви зæронд цæстфæлдахæг дæ?

– Куыд?.. Куыд загътай, куыдзыхъыбыл?! – йæ бынаты хæрдмæ фæхаудта Асæхъо.

Фæлæ йæ цыма Мæхæмæт хъусгæ дæр нæ фæкодта, уыйау хæстылзилджытæн æваст йæ ехсы хъæдæй Асæхъойы хъугмæ ацамыдта.

– Уæ рæстæг цæуыл сафут? Уæртæ йын хæстæм йæ заинаг хъуг атæрут...

Мæхæмæт ма хъавыди цыдæр зæгъынмæ, фæлæ уæдмæ Асæхъо йæ хъама фелвæста æмæ дзы уæлбæхмæ барæджы срæхуыста.

– Схæцон ма йыл, Мæхæмæт? Схæцон ма йыл? – бынæй йæ хæрдмæ мæстæй марæгау фарста Асæхъо, цалынмæ уый хъæрзгæйæ рыг фæндагмæ не 'рхауд, уæдмæ...

Фæдисмæ чи æрæмбырд, уыдонæй бирæтæ уыдысты Асæхъойы фарс, фæлæ уæддæр, Мæхæмæтмæ йæ хъама кæй сласта, уый растыл нæ нымадтой.

Уыцы бон Асæхъойы ахæстонмæ аластой...

* * *

Фæссихор, консультацийы фæстæ, Таймураз æмæ Мурат сфæнд кодтой паркмæ ацæуын. Сæ дыууæмæ дæр хорз касти

уым, Терчы был, хибар ран сæхи фæлварæнтæм цæттæ кæнын. Раттын ма сæ хъуыд æрмæстдæр иу – историйæ. Уыцы предмет Таймураз скъолайы Мураты хуызæн хорз нæ зыдта, фæлæ дзы уæддæр æвзæр бæрæггæнæн никуы райста.

– Ды литературæ фылдæр уарзыс, æз – истори, – арæх дзырдта йе ‘рдхордæн Мурат. – Хицæн факультеттæ дæр уымæн равзæрстам…

– Абон, цымæ, Болат консультацимæ цæуылнæ фæзынд? – Мураты афарста Таймураз. – Кæд Мæхæмæт тыхстдæр у?

– Уымæн ницы у, – загъта Мурат. – Рог цæф, дам, уыд æмæ, дам, æй тагъд рынчындонæй рафысдзысты.

– Цы хорз у! – сцин кодта Таймураз. – Уæд, чи зоны, Асæхъойы дæр ахæстонæй рауадзой. Зæронды хатыр ын, ау нæ бакæндзысты?

– Уымæй дын зæрдæ нæ бавæрдзынæн, – йæ сæр батылдта Мурат. – Косерхан, дам, æм фыццагау тынг æртхъирæнтæ кæны. Цыма, дам, ыл суанг республикæйы прокурормæ дæр йæ хъаст бахаста.

Лæппутæ æмбæрстой, Асæхъо цы зын уавæры бахаудта, уый æмæ йын дыууæйæ дæр тæригъæд кодтой.

– Йæ дыууæ фыртæй хæстæй иу уæддæр куы раздæхдаид! – арф ныуулæфыд Таймураз.

– Уæд æм Мæхæмæт ахæм дзыхыуагæй дзурын бæргæ нæ бауæндыдаид, – мæстыйæ бафиппайдта Мурат.

Парчы бандæттæ иууылдæр уыдысты ахст. Адæмæй чи газеты каст, чи чиныджы, чи та йæ хъуыдыты аныгъуылд. Таймураз цады доныхъазты хъалхуызæй ленкгæнгæйæ куы ауыдта, уæд æнæбары йæ бынаты дзыхълæуд фæкодта æмæ сæм дисгæнгæйæ кæсыныл фæци.

– Ахæм ма дзы рæсугъд маргъ уыдзæн! – Таймураз йæ къухæй доныхъазтæм ацамыдта.

– Физонæгæн цы хорз уаиккой! – Таймуразы хъæлæсыуаг фæзмгæйæ, фæкодта Мурат, фæлæ йæм йе ‘рдхорд æфхæræджы цæстæй куы бакаст, уæд ма худгæйæ йæ ныхасыл бафтыдта: – Хъазгæ кæнын, Таму, хъазгæ. Æцæгдæр, æмбисонды рæсугъд сты…

Мурат ма цыдæр зæгъынмæ хъавыди, фæлæ дын хиконд сакъадахы фæстæйæ разынди цъæхахуырст бæлæгъ, æмæ лæппуйæн йæ дзых хæлиуæй аззади: уым бадтысты Болат, Заретæ æмæ Агуындæ. Таймураз сæ нæма бафиппайдта æмæ фыццагау касти, доныхъазтæ кæрæдзи фæдыл сабыргай куыд ленк кæнынц, уымæ.

– Нæ хъæуккæгтæ сæ фæллад уадзынмæ куыд дæсны сты! – йæ сæрæй бæлæгъмæ ацамонгæйæ, бахудти Мурат. – Ацы бон дæ хæстæг чызг доныхъазæй рæсугъддæр у.

Таймураз дæр сæ ауыдта, æмæ уадидæгæн йæ цæсгом фæтар ис.

– Цавæр хæстæг мын у? – мæстыйæ Терчырдæм фæрасти. – Сæ куыдз нæ кауыл...

Йæхинымæр та æнæрæнцойæ дзырдта: «Нæ йæ уарзын, мæ удхæссæг фестади! Никуы йæ уарзтон! Мæхицæн уарзондзинад æрхъуыды кодтон...»

Таймураз æнхъæл уыд, Мурат дæр йæ фæстæ цæуы, зæгъгæ, фæлæ уый исдуг цæмæндæр цады был лæугæйæ аззад.

– Йæ нæ хъæуы хуыскъастæутæ, бындзытæ сурæг æмбал уæ нæ хъæуы? – Таймуразмæ æрбайхъуыст Мураты мæстæймарæн хъæлæс, æмæ æнæбары фæстæрдæм фæзылди.

Лодкæ уайтагъд сакъадахы ауон фæци.

– Цæмæн ратахтæ, цæмæн? – Терчы был Таймуразимæ куы баиу, уæд æй бустæхуызæй бафарста Мурат. – Уадз æмæ йæ зоной, кæй сæ федтам, уый. Адæм сæхи экзаментæм цæттæ кæнынц, Болат та...

– Уый, æвæццæгæн, йæ зардæ дары, афтæмæй дæр институтмæ кæй бахаудзæн, ууыл, – йæ къух куыдфæндыйæ ауыгъта Таймураз. – Фæлæ нæ чызджытæ та, нæ чызджытæ! Цыма сæ æппындæр ницы мæт ис...

– Мæнмæ дæр уый тынг диссаг фæкаст, – Терчы был цы ныллæггомау сис уыд, ууыл йæхи æруадзгæйæ, загъта Мурат. Таймураз дæр йæ фарсмæ æнкъардæй æрбадт.

Исдуг лæппутæ кастысты, сæ бынмæ лакъон доны уылæнтæ сæппар-сæппаргæнгæ семæ дæлæрдæм куыд хастой бæласы къалиутæ, хъæды лыггæгтæ, фæйнæджыты гæбæзтæ. Бæрæг уыд, хæхты та æрæджы тыхджын къæвда кæй рацыд, уый.

«Нæ йæ уарзын... Нæ йæ уарзын, – ногæй та йæхинымæр дзурын байдыдта Таймураз. – Уый дæр мæ нæ уарзы... Болаты уарзы, Болаты...»

Мурат йæ чиныг рафæлдæхта. Таймураз дæр йæхи чиныджы кæсæг скодта, фæлæ дзы йæ сæрмæ ницы цыд.

– Цыма нæ абон Терчы уынæр хъыгдары, афтæ дæм нæ кæсы? – иузаман Таймуразы афарста Мурат æмæ йæ чиныг бахгæдта. – Уæд та нæ кæрæдзимæ фарстатæ дæттын байдаиккам?

– Цавæр фарстатæ? – Таймураз æм дисхуызæй бакаст.

– Фынæй бадæ æви цы? Нæ кæрæдзимæ, зæгъын, историйæ фарстатæ дæттын куы райдаиккам, уæд дæм куыд фæкæсид?

– А-а-а... Табуафси... – Таймураз æм аххосджынхуызæй бакаст.

Мурат æм фарстатæ дæттыныл фæци, фæлæ дзы уый иуæн дæр раст дзуапп нæ лæвæрдта: хæццæ кодта азтæ, цаутæ, историон архайджыты нæмттæ.

– Хъазгæ мæ кæныс æви цы? – фæстагмæ йæм йæхи нал баурæдта Мурат. – Кæд дæ æрмæг фæлхат кæнын нæ фæнды, уæд мын æй зæгъ, æмæ дæ иуран ныууадзон...

Мурат æм мæстыхуызæй кæй кæсы, уый куы бафиппайдта Таймураз, уæд ын хатыркурæгау йæ цонгмæ февнæлдта.

– Нæ, нæ, – йæ сæр батылдта, – ацы хатт мæ хъуыдытæ иууылдæр дæуырдæм сараздзынæн...

– Мæнырдæм? – Мурат йе ‘рфгуытыл уæлæмæ схæцыд. – Æмæ дын ныронг кæцырдæм арæзт уыдысты?

Таймуразæн йæ цæсгом сонт фæсырх æмæ йæхи доны уылæнтæм кæсæг акодта...

Стæй æнæфæкъуыхцыйæ дзуапп дæттын байдыдта алы фарстайæн дæр. Муратæн æхсызгон уыд, йе ‘рдхорд æрмæг афтæ хорз кæй зоны, уый.

– Ныр та мæм ды райдай фарстытæ дæттын.

Суанг изæрмæты сæхи фæцæттæ кодтой. Фаг-иу цы ‘рмæг нæ зыдтой, уый-иу бакастысты чиныджы æмæ та дзы-иу ногæй сæ кæрæдзимæ фарстатæ дæттыныл фесты.

Æрмæстдæр парчы ранæй-рæтты цырæгътæ куы ссыгъдысты, уæд фæцæуæг сты Изæтбеджы фатермæ. Бæлæсты ‘хсæнты фæндæгты адæм дыууæрдæм кодтой. Хæстæг кæцæйдæр хъуыст ирон фæндыры цагъд æмæ къухæмдзæгъд. Цады бæлæгътæ бабирæ сты. Таймураз сыл йæ цæст ахаста, раст дзы цыма искæй Заретæйы фенынмæ хъавыд, уыйау. Уыцы минут йæ зæрдыл æрбалæууыд, кæддæр сын Болат Муратимæ йе ‘мдзæвгæ куыд касти, уый. Уацмысы хабар цыдис абухгæ денджызы. Æрра уылæнтæ кæдæмдæр хастой Б æм З-йы. Зын базонæн нæ уыд, уыдон Болат æмæ Заретæ кæй уыдысты, уый. Абон дæр та Болат Заретæйæн уыцы ‘мдзæвгæ кастаид! – скарста Таймураз...

Æхсæвы та йæ хуыссæджы хай кæдæмдæр фæлыгъд. Йæ хъуыдытæ иууылдæр уыдысты Заретæйыл. Æрмæст, нæ йæ уарзын, зæгъгæ, йæхинымæр иунæг хатт дæр нал загъта...

* * *

Институтмæ чи цыд, уыдонæн куыдфæстæмæ сæ нымæц къаддæрæй-къаддæр кодта. Фæстаг фæлварæнмæ дзы се ‘мбисæй фылдæр нал æрбацыд.

Бирæтæ истой сæ гæххæттытæ æмæ здæхтысты сæ хæдзæрттæм, иуæй-иутæ та сæ техникумтæм балæвæрдтой.

Таймураз кæд историйæ йæхи хорз бацæттæ кодта, уæддæр тарсти, исты фарстайæн дзуапп раттынмæ куы нæ сарæхса, уымæй.

«Гал бастыгъд ис, æмæ кард йæ къæдзилыл асаст, зæгъгæ, мыл уыцы ‘мбисонд куы нæ ‘рцæуид», – йæхинымæр хъуыды кодта лæппу. Мæнæ уалынмæ дуарæй рахызт, йæ разæй дзуапп дæттынмæ кæй бахуыдтой, уыдонæй иу. Йæ хæдфæстæ мидæмæ фæдзырдтой Таймуразмæ дæр. Фæйнæджы раз дзуапп раттыны æввонгæй лæууыдис Зауырбег. Рæбынæй та йæхи цæттæ кодта Болат. Таймураз стъолæй билет систа æмæ йын ахуыргæнæг цы уæгъд бынатмæ ацамыдта, уым æрбадт. Фарстатæм куы ‘ркаст, уæд бамбæрста, хорз сæ кæй зоны, уый æмæ æхсызгонæй сулæфыд. Уæдмæ Зауырбег дзурын райдыдта. Ахуыргæнæг æм куыд лæмбынæг хъуыста, уымæй бæрæг уыд, дзуапп йæ зæрдæмæ тынг кæй цæуы, уый. Зауырбег дзырд куы фæцис, уæд дзы ахуыргæнæг раппæлыди æмæ йын тынг хорз бæрæггæнæн сæвæрдта.

Зауырбеджы фæстæ дзуапп дæттынмæ рахызти Болат дæр. Уый фыццаг цæмæндæр ахуыргæнæгæн йæ сæрæй акуывта, мидбылты йæм бахудт, стæй уæд хъæрæй дзурын райдыдта коллективизацийы фарстайыл.

– Дæ хъæлæс чысыл фæныллæгдæр кæн. Де ‘мбæлтты хъыгдарыс, – йæхи йæм нал баурæдта ахуыргæнæг.

– Хатыр... Хатыр мын фæуæд... – Йæ галиу къух йæ риуыл авæрдта Болат æмæ та ахуыргæнæгмæ йæ мидбылты бахудти. – Мæ сывæллоны бонтæй нырмæ мæм уыцы хъæндзинад ис.

Болат авзæрста сабырдæр дзурыныл, фæлæ та уайтагъд йæ хъæлæс фæбæрзонддæр. Уымæй уæлдай ма йæ къухтæ дæр тилын байдыдта, æмæ ахуыргæнæг æнæразыхуызæй йæ сæр банкъуыста.

– Коллективизаци зæхкусæджы ферæзын кодта мæгуырдзинадæй. Ныртæккæ алы колхозон дæр йæхи нымайы амонджыныл, – дзырдта Болат æнæрхæцгæйæ, – уымæн æмæ азæйазмæ йæ цард хуыздæрæй-хуыздæр кæны.

– Æвæццæгæн, уæхи колхозыл дзурыс, – бафиппайдта ахуыр-

гæнæг, æмæ Таймуразмæ афтæ фæкаст, цыма уый Болаты æфхæргæ кæны.

Фæлæ йын Болат йæ уайдзæф ницæмæ ‘рдардта:

– Раст мæ бамбæрстай, – фидарæй загъта уый. – Мæнæн мæ фыд Мæхæмæт колхозы сæрдарæй кусы æмæ йæ зонын, йæ цардæй тынг разы кæй у, уый.

– Дæ дзуаппыты иумæйаг ныхæстæ бирæ кæй уыдис, уый тыххæй дын «рæстæмбис» æвæрын. Институты дæ дæхиуыл фылдæр бакусын хъæудзæн, – фæллад хъæлæсы уагæй загъта ахуыргæнæг.

Болатæн йæ цæсгом суанг йæ хъусты онг сырх-сырхид афæлдæхт.

– Куыд?.. – лæппу хъавыд цыдæр зæгъынмæ, фæлæ афойнадыл йæхиуыл фæхæцыд æмæ тæргайхуызæй йæ туфлитæй пъолыл къуырцц-къуырцгæнгæйæ дуары æдде фæци. Ахуыргæнæг цæмæндæр йæ мидбылты бахудт...

Таймураз дзуапп дæттынмæ куы рацыд, уæд иуцасдæр, цæмæй райдыдтаид, уый нæ зыдта. Æвæццæгæн, тарсти, Болаты хуызæн уымæн дæр ахуыргæнæг йæ ныхасы уæлдай истытæ куы бафиппайа, уымæй. Лæппу бамбæрста, фыртыхстæй хид кæнын куыд байдыдта, уый. Ахуыргæнæг æм йæ сæрæй йæ къæхты онг æркаст æмæ йæ æнæнхъæлæджы афарста:

– Сымах хъæуы дæр колхозонтæ афтæ хорз цæрынц?

– Мах Болатимæ иу скъола фестæм... – Къуызгæ дзуапп радта Таймураз.

– А-а-а... – ахуыргæнæг йæ бæзджын æрфгуытыл хæрдмæ схæцыд. – Уæдæ уæд зын раиртасæн нæу, уæ хъæуы адæм куыд цæрынц, уый.

Таймураз бынтондæр ныфсæрмы ис.

– Дæ дарæсæй æфсæрмы ма кæн, – рæвдауæг хъæлæсы уагæй сдзырдта ахуыргæнæг. – Æз дæр кæддæр институтмæ раст ахæм хæцъилдзабырты фæцыдтæн.

Фæстаг дзырдтæ Таймуразæн ныфсы хос фесты, æмæ уæндонæй райдыдта йæ билетæн дзуапп дæттын. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу ахуыргæнæг йæ сæр разыйы тылд кæй бакодта, уымæй бæрæг уыдис, Таймуразы зонындзинæдтыл гуырысхо кæй нæ кæны, уый.

– Молодец! – раппæлыди дзы ахуыргæнæг. – Хъуамæ дæ хорз студент рауайа.

– Цы райстай?

– Цы дын сæвæрдта? – тыргъты Таймуразы цымыдисæй фæрсынтыл фесты чызджытæ, æмæ та сæм уый иннæ хæттытау æнæдзургæйæ йæ гæххæтт равдыста.

– «Иттæг хорз!» – фæхъæр кодта чызджытæй иу. – Цы тæхудиаг дæ! Æз «рæстæмбисыл» дæр сразы уаин.

Таймураз рудзынджы раз ауыдта Зауырбеджы æмæ йæ размæ бауад.

– Арфæ дын кæнын!

– Æз та дæуæн!

Лæппутæ сæ кæрæдзийы къухтæ нылхъывтой.

– Студенттæ стæм! Студенттæ! – йæ цин нал баурæдта Таймураз.

– Фæлæуу уал. Бардзырд куы нæма ис, – йæ иу къухæй йæ æрбахъæбыс кодта Зауырбег, фæлæ йæ цæсгомыл бæрæг уыд, уый дæр йæхи студентыл кæй нымайы, уый.

Болат сæм иуварсæй касти хæрамхуызæй. Уалынмæ къæлидоры кæрон фæзынди Мурат дæр. Таймураз æмæ йæ Зауырбег куы ауыдтой, уæд йæ размæ тагъдгомау фæраст сты.

– Дæуæн дæр дæ хъиамæт ахицæн? – афарста Таймураз Мураты.

– Уæдæ ам цы ми кæнын? – йæ фарстæн ын фарстæй дзуапп радта Мурат.

– Æмæ цы райстай?

– «Иттæг хорз». Сымах та?

– Махæн дæр ахæи бæрæггæнæнтæ саккаг кодтой...

– Уæдæ уын уæд арфæ кæнын.

– Мах та дæуæн, – загъта Таймураз, Мураты къух исгæйæ. Таймуразы фæстæ йын Зауырбег дæр йæ къух райста...

Суанг изæрмæты лæппутæ фæтезгъо кодтой проспекты. Дзырдтой сæ фидæныл. Институтмæ кæй бахаудтой, уый тыххæй сæхи нымадтой амонджыныл. Таймуразæн йæ цæстытыл уади, Бадинæ хабар куы базона, уæд куыд цин кæндзæн, уый æмæ йæ мидбылты худти. Изæрæй цырæгътæ куы ссыгътой, уæд проспект фæци уæлдай рæсугъддæр. Куыдфæстæмæ цæуджытæ фылдæрæй-фылдæр кæнын байдыдтой. Алырдыгæй хъуысти фæсивæды хъæлдзæг ныхас æмæ худын. Цырæгъты рухсмæ адæм се 'ппæт дæр Таймуразмæ кастысты уæлдай аив æмæ зæрдæмæдзæугæ. «Æвæдза, горæтæгтæ уындæй хъæуккæгтæй дзæбæхдæр сты», – хъуыды кодта уый, рæстæгæй-рæстæгмæ тезгъогæнджыты аивæй хъахъхъæнгæйæ.

Иу ран læппутæ бамбæлдысты Болатыл, фæлæ сæ уый, цыма нæ бафиппайдта, йæхи афтæ акодта.

– Дæ хъæуккаг ныридæгæн дæр куыд схъал ис! – цæмæй йæ Болат фехъуса, афтæ хъæрæй сдзырдта Зауырбег. – Раст цыма горæты райгуырд æмæ уæ зонгæ дæр нæ кæны, йæхи афтæ дары!

– Фæстæдæр фенай, – йæ дзырд æм баппæрста Мурат. – Мæнæ студенты билет йæ къухы куы бафта, уæд, хъæуккаг кæй у, ууыл сæтгæ дæр нал бакæндзæн.

Болат сын сæ фидистæ ницæмæ ‘рдардта. Йæ сæр бæрзонд даргæйæ, йæ цыдыл бафтыдта...

– Æвæццæгæн уæм хæрам у, историйæ уымæй хуыздæр бæрæггæнæнтæ кæй райстат, уый тыххæй, – худгæйæ сдзырдта Мурат.

– Уæд æй парчы тезгъо кæныны бæсты йæхи бацæттæ кæнын хъуыд! – загъта Таймураз, Болаты фæстæ кæсгæйæ.

* * *

Таймураз сæхимæ куы ’рцыд, уæд Бадинæ фыр катайæ йæхицæн бынат нал ардта. Ноджы ма куы фехъуыста, Болат институтмæ кæй бахауд, уый тыххæй йын стыр куывд кæнынмæ хъавынц, зæгъгæ, уæд æй скæуынмæ бирæ нал хъуыд.

– Мæнæн та Таймуразæн мæ бон æртæ чъирийы скæнын дæр нæу, – хъаст кодта сыхæгтæн.

Лæппу архайдта йæ мады æрсабыр кæныныл, фæлæ йын йæ бон ницы уыд.

– Хуыцауы зæрдæ мыл куы фæхуда, йæ ном ын куы ницæмæй ссарон, уæд? – дзырдта сагъæсхуызæй йæ фыртæн. Йе ’намондæн, сыхæгтæй дæр дзуллаг никæмæ разынд, æмæ Бадинæ бынтондæр æрæнкъард.

– Ды нæ разы куы уаис, уæд афтæ мæгуыр бæргæ нæ уаиккам, – арæх-иу дзырдта уый кæуæгау, сынтæджы сæрмæ йæ лæджы хуызистмæ кæсгæйæ.

Бирæ хæттыты йæ баййæфта Таймураз къамимæ ныхас кæнгæйæ,æмæ йæм-иу уæд афтæ каст, цыма зæронддæр фæвæййы, уыйау. Ахæм рæстæг-иу Таймуразæн цæмæндæр йæ зæрдыл æрбалæууыд, Болат уæд сæ колхозонты цардæй куыд æппæлыд, уый æмæ та йæм-иу йæхимидæг æрбамæсты. «Мæхæмæты бинонтæн дæр махау сæ къæбиц афтид куы уаид, уæд Болат ахæм æдылы нæхæстæ нæ кодтаид...»

Уæддæр Бадинæйæн цыдæр амæлттæй йæ къухы бафтыд нартхоры ссадæй чъиритæ скæнын æмæ сыхæгты æрбахуыдта. Адæм ын арфæтæ кодтой, йæ фырт институтмæ кæй бахауд, уый тыххæй.

– Ныр мацæмæйуал тæрс, – дзырдта йын сыхæгтæн сæ хистæр ус Бæмбæг, – Таймураз дын ахуыргæнæг суыдзæн, æмæ дæ дæ зынтæ ферох уыдзысты. Кæд уæдмæ дæ мой дæр искæцæй фæзынид. Цы нæ 'рцæуы? Дæлæ, дам, Бруты иу бинонтæн сæ лæппу уацары бахауд æмæ, дам, сæхимæ нырма ныр раздæхт.

Уыцы ныхæстæм Бадинæ аивæй скаст йæ лæджы хуызистмæ, æмæ йæ цæсгом зына-нæ-зына фæсырх. Чысыл фæстæдæр сыхæгтæ райдыдтой Мæхæмæты кой кæнын.

– Цыма йыл ницы 'рцыд, йæхи афтæ дары, – загъта лæгтæй иу. – Йæ бæхыл та уынгты дыууæрдæм кæнын байдыдта.

– Æмæ йыл ахæмæй цы 'рцыд? – йæ ныхас ын айста иннæ лæг. – Рог цæф уыди, æмæ йæ уайтагъд рынчындонæй рафыстой.

– Уæдæ уæд аххос йæхимæ цæуылнæ райсы æмæ Асæхъойы ахæстонæй цæуылнæ рауадзын кæны? Зæронд лæг рынчын куы у... – райхъуысти устытæй кæйдæр мæсты хъæлæс.

– Цалдæрæй йæм курдиатимæ бæргæ бацыдыстæм, цæмæй йæ рауадзын кæна, уый тыххæй, фæлæ нæм нæ байхъуыста, – дзуапп радта, лæгтæй фыццагдæр Мæхæмæты кой чи скодта, уый. – Закъон, дам, неппæтæй дæр тыхджындæр у, æмæ, дам, йæ сæрты ахизын чи фæлвара, уый, дам, хъуамæ карз æфхæрд баййафа. Ныр, дам, ын мæнæн мæ бон ницыуал у.

– Куы йæ фæндид, уæд закъоныл дæр фæуæлахиз уаид, – хъæрæй бафиппайдта сыхы хъайтардæр ус Азырхан. – Æдзух сæм горæтæй хицауад сæ машинæтыл куы цæуынц, æмæ сын Косерхан сæ разы дзадждзын уæлибæхтæ сау бæгæныимæ куы 'рæвæры, уæд йæ бон куыд ницы у? Уæдæмæ хъæуæн йæхицæй чысыл хуыцау сарæзта, æмæ йыл æцæг Хуыцауы зæрдæ фæхудæд!

«Ахæм зæронд лæджы ахæстоны хъуамæ бирæ ма фæдарой, – йæхинымæр сдзырдта Таймураз. – Кæддæр колхозæн диссаджы дыргъцæхæрадон кæй скодта, уый хатырæй йæ уæддæр раудздзысты». Ацы ран йæ зæрдыл æрбалæууыд, дæсæм къласы сын ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг хъæуы зынгæдæр колхозонтæй иуыл сочинени ныффыссын куы бахæс кодта, уæд Таймураз Асæхъойы кæй равзæрста, уый. Лæппу тынг уарзта Асæхъойы цæхæрадоныл фæлгæсын, уæлдайдæр та уалдзыгон. Бæлæстæн-иу сæ дидинджытæ урс фынчытау куы рахæлиу сты,

уæд сæм-иу кæсынæй нал æфсæст. Таймуразæн йæ къухы бафтыд Асæхъойы цæхæрадоны рæсугъддзинад равдисын. Уый хорз спайда кодта ирон дзырды хъæздыгдзинадæй, ссардта фаг ахорæнтæ зæронд лæджы сурæт саразынæн.

Ахуыргæнæг ын йæ сочинени куы бакаст, уæд дзы тынг раппæлыд æмæ йын бафæдзæхста, цæмæй йæ очеркы хуызы районы газетмæ арвита. Таймуразмæ йæ куыст мыхуыры аккаг нæ касти æмæ йæ нæ фæндыд, цæмæй йыл редакцийы кусджыты зæрдæ фæхуда, барвитын сæм æй кæй бауæндыд, уый тыххæй. Фæлæ йæ Мурат иуран нал уагъта, ахуыргæнæджы фæндон сæххæст кæн, зæгъгæ.

– Кæд дын мыхуыры аккаг нæ уа, уæд дын æй фæстæмæ рарвитдзысты, æндæр цы? Дæ орден дын айсдзысты? – бустæхуызæй дзырдта уый.

Фæстагмæ Таймураз сразы ис Муратимæ. Рацыди иу мæйы бæрц. Редакцийæ ницы хабар уыд. «Æвæццæгæн æй бырæттæ калæн чыргъæды ныппæрстой», – йæхинымæр алыг кодта Таймураз æмæ йын цæмæндæр фенцони. Фæлæ иубон куыддæр сæ къласы дуарæй бакаст, афтæ йе ‘мбæлттæ æмхуызонæй хъæр кæнынылфесты:

– Шолохов! Шолохов нæм æрбацыд!

– Нæ къласы ног Шолохов фæзынд!

Таймураз йæ бынаты сагъдау аззади. Фыццаг æй не ‘мбæрста, йæ ‘мбæлттæ афтæ цæмæн хъæр кæнынц, уый, фæлæ Мураты къухы газет куы ауыдта, уæд бамбæрста, йæ сочинени мыхуыры кæй рацыд, æмæ йæ цинæн кæрон нал уыд.

– Арфæ дын кæнæм! – Мурат æм цинхуызæй газет бадардта.

– Арфæ дын кæнæм! Арфæ дын кæнæм! – алырдыгæй схорхор кодтой чызджытæ.

Болат сыл былысчъилæй йæ цæст ахаста.

– Дæ зæрдæмæ нæ фæцыд Таймуразы очерк?! – бадис кодта Зæриффæ.

– Æмæ уый цæй очерк у? – йæ фарстæн ын фарстæй дзуапп радта уый. – Районы газеты цы нæ рауадзынц!.. – Стæй йæхи æддæрдæм кæсæг акодта.

Таймуразæн æнæнхъæлæджы йæ цин цыдæр æрбаци. Дыккаг бон скъоламæ куы фæцæйцыд, уæд фæндагыл хæрхæмбæлд фæци Мæхæмæтимæ.

– Хъæуы Асæхъойæ хуыздæр лæг не ссардтай? – сонтæй йæ афарста уый. – Фæскомцæдисон куы дæ, уæд, æппæлинаг чи у, уый ныры онг нæма базыдтай?

Таймураз, цы загъта, уый нал зыдта.

– Ацы хатт ма дæ зæрды искæуыл ныффыссын куы уа, уæд дзы-иу фыццаг мæн бафæрс, уымæн æмæ колхозæн хицау æз дæн, – цыма йæ маст тыххæй урæдта, ахæм хъæлæсыуагæй йæ ныхасмæ бафтыдта Мæхæмæт.

Цалынмæ Таймураз, цы дзуапп ын радтаид, ууыл хъуыды кодта, уæдмæ уый йæ бæх размæ фесхуыста æмæ ма йе уæхсчы сæрты фæстæмæ радзырдта:

– Дæу скъолайы цæуыл ахуыр кæнынц, уый базонон!..

Сыхæгтæ сæхимæ куы ахæлиу сты, уæд Бадинæ разы хуызæй загъта:

– Бирæ арфæтæ нын фæкодтой. Кæд ныл сæ куывдтытæ æрцæуиккой, æмæ дæ фыд дæр искæцæй нæхимæ фæзынид! Институтмæ кæй бахаудтæ, уый йын стыр æхсызгон уаид. Хæрзаг зæгъид, дæ афæдзы куывды дын дæ цуры алцытæ куы æрæвæрдтам, уæд фыццагдæр чиныг хуымæтæджы нæ равзæрстай, зæгъгæ, – Бадинæйæн æваст йæ зæрдæ æрбауынгæг æмæ йæ куатæйы кæронæй йæ цæссыгтæ асæрфта. Лæппу хъавгæ йæ мады йæ хъæбысы æрбакодта.

Æхсæвы Таймураз йæ фыны уыдта Асæхъойы. Уымæн цыма аст азы тæрхон скодтой æмæ суды лæгты фарста:

– Чи зоны, æмæ ма иу афæдз фæцæрон, фæлæ уын иннæ авд азы та мæ бæсты уым чи фæбадддзæн, чи?

* * *

Институты ахуырады азы райдайæн цас хæстæгдæр кодта, уыйас Таймураз зæрдиагдæрæй архайдта сæ хæдзары ахсджиагдæр куыстытæ фæуыныл: базылди уынджырдыгæй сæ каумæ, аивта сæ кæркдоны сæр; хъуыдис ма йæ ‘рмæстдæр хъæдæй зымæджы фаг сугтæ ‘рласын.

– Иучысыл ма дæ фæллад дæр суадз, – арæх ын лæгъстæхуызæй дзырдта Бадинæ. – Дæхиуыл мын куынæуал ауæрдыс.

– Горæтмæ куы ацæуон, уæд ма æнцад бадынæй тыхсгæ дæр скæндзынæн, – дзуапп ын лæвæрдта Таймураз.

– Уым та дæ æдзух чиныджы кæсын хъæудзæн.

– Æмæ чиныджы кæсын дæр куыстыл нымайыс? – йæхи-иу дисгæнæг акодта лæппу, фæлæ йæ хорз зыдта, ахуыр кæнын дæр æнцон кæй нæ уыдзæн, уый…

Таймуразы райгуырæн хъæу кæд рæсугъд ран æвæрд ис, уæддæр рагæй дæр æвадат цæрæнбынатыл нымад уыд: хъæд æм – бæрзонд ран, куырой – дард, цæугæдон дзы нæй… Таймураз бонцухæй цæуын райдыдта лæгуæрдонæй суг ласынмæ.

– Æвæццæгæн, тагъд хъæды хус бæлас нал ныууадздзынæ, – хъазæгау-иу бафиппайдта сыхæгтæй исчи, Таймуразы-иу дзаг лæгуæрдонимæ куы федта, уæд.

Бадинæйы фæндыд йæ фыртæн истæмæй феххуыс кæнын, фæлæ йæ иу хатт дæр колхозы йæ куыстæй не суæгъд кодтой…

Мæхæмæт фыццагау адæмæй домдта, цæмæй, мызды кой нæ кæнгæйæ, куыстмæ цæуой. Чысыл-иу йæ хæдзары чи фæфæстиат ис, уыцы колхозоны-иу загъды бын фæкодта, уæлдайдæр та сылгоймæгты.

– Дæхи ус быдыры нæ фарсмæ иу хатт дæр куы никуыма æрлæууыд, уæд нæ дæ фыццаг цы скодтай? – иубон æм йæхи нал баурæдта Азырхан.

Мæхæмæт искæмæн йæхимæ афтæ бауæндын æнхъæл нæ уыд æмæ исдуг хæлиудзыхæй аззад, стæй уæд æваст йæ цæсгом сырх-хъулон аци, æмæ тарæрфыгæй кæсгæйæ хъæрæй бафарста:

– Æмæ нын дæу та пъырыстыфы бынаты сæвæрдтой? Мæ бинойнагимæ дæ цы кæсы? Æви, рынчын кæй у, уый тыххæй дæм дохтырæй гæххæтт æрбахæссон?

– Алчи дæр нæ уый хуызæн «рынчын» куы уаид! – мæстæймарæгау æм бахудти Азырхан. – Йæ туфлиты зæвæттæй цыма зæгæлтæ фæхойы, уыйау къуырцц-къуырцгæнгæ бон-изæрмæ кæцæй нæ ракæсы, ахæм ын куы нæ вæйиы…

– Æз… Æз дын… Æз дæ… – Мæхæмæт фырмæстæй цы загъ-таид, уый нал зыдта.

Уыцы минут Таймуразмæ афтæ фæкаст, цыма лæг усы ехсæй æрцæвынмæ хъавы, фæлæ уый æваст йæ бæхы размæ фесхуыс-та æмæ хъæуы астæуырдæм атахт.

Азырхан йæ фæдыл хъæрæй ныххудти.

Азырханы стырæй-чысылæй чи нæ зыдта, ахæм нæ уыд. Иууылдæр æй нымадтой цыргъзонд æмæ дзуапджын сылгойма-гыл. Уымæ гæсгæ бирæтæ тарстысты йæ зæрдæхудты бацæуынæй: æмбæрстой, ус йе ‘фхæрд кæй никæмæн ныббардзæн, уый.

Азырханы лæг Хъæвдын удыхъæдæй фæцис бынтон æндæрхуызон: уыдис мадзура, æфсæрмыгæнаг æмæ барон. Æвæццæгæн, уымæн цардысты бинонтæ æнæхыл, æнæхъаугъайæ, сыхбæстæйæн фæзминагæй.

Алы аз Таймураз кæникулты рæстæг сæ къласимæ куыста быдыры. Арæх-иу баззадысты æхсæвæддæйы. Кæд-иу боны дæргъы тынг бафæлладысты, уæддæр-иу изæры станы кæрты скодтой стыр арт æмæ-иу йæ алыварс æртымбыл сты. Алырдыгæй-иу хъуысти хъазæн ныхас, фæсивæды худын, æмæ-иу Таймуразæй уайтагъд йæ фæллад æрбайрох. Иухатт та хуыссыны размæ скъоладзаутæ, арты фарсмæ бадгæйæ, дзурын байдыдтой алы худæджы цаутыл. Хистæртæй сæ цуры ничиуал уыд. Уыдон сæхи байстой станмæ сæ фæллад уадзынмæ.

– Хъæрæй ма худут, кæннод искæй райхъал кæндзыстут, – иузаман сдзырдта скъоладзаутæй чидæр, æмæ иууылдæр фæсабыр сты.

Фæлæ дын уыцы рæстæг устыты агъуыстæй райхъуысти Хазбийы зарæг, æмæ Таймураз хæлиудзыхæй аззад.

– Цымæ, уый чи зары? – ныддис кодта Мурат. – Нæлгоймæгтæй уым куы ничи ис!

Уайтагъд зарæгмæ бахъырныдтой цалдæрæй. Скъоладзауты ‘хсæнæй хъыпп-сыпп нал цыд.

Æхсæвы тары гом рудзынгæй мæнæуы быдыры дардмæ тахтысты зарæджы зæлтæ, æмæ адæймагмæ æвзæрын кодтой цавæрдæр рæсугъд æнкъарæнтæ. Таймураз иу æмæ дыууæ хатты нæ фехъуыста Хазбийы зарæг, фæлæ уæды хуызæн йæ зæрдæмæ никуы фæцыд. Мæнæ уалынмæ райхъуыст сылгоймæгтæй кæйдæр хъæлæс:

– Уæ, бирæ нын фæцæрай, Азырхан! Нæ лæгты нын куы амбылдтай! Куыд хорз зарыс!

– Ацы мæгуырæй ма уæдæ зарын дæр ма зонон? – æхсызгон ныххудт Азырхан...

Уæдæй фæстæмæ Таймураз Азырханмæ дардта уæлдай хуыздæр зæрдæ. Куысты рæстæджы йын ахста йæ алы дзырд дæр, хъуыста йын йæ амындтытæм. Æвæццæгæн, уымæ кæсгæйæ, уæд сахуыр ис æхсырфæй мæнæу кæрдын дæр...

Æмæ ныр ус райсом раджы Мæхæмæтæн ахæм дзуапп куы радта, уæд дзы диссаджы бузныг фæци.

– Мæнæн дæр кæйдæртау тæппуд æнхъæл у, – Мæхæмæты

фæдыл кæсгæйæ сдзырдта ус. – Нæ, мæ хур, Азырхан кæмæй фæтæрса, ахæм лæг нæма райгуырд. Стæй цыма райгуыринаг дæр нæу!..

Уыцы бон горæтæй хъæумæ æрыхъуыст æнамонд хабар: зæронд Асæхъо ахæстоны æвиппайды йæ зæрдæйæ æрбамард. Таймуразы хабар фыццаг уырнгæ дæр нæ кодта, цалынмæ йæ хъустыл лæгты хъæрæй куыд æмæ устыты хъарæг нæ ауад, уæдмæ...

* * *

Искуы иубонæй фæстæмæ Косерхан æцæгдæр йæ бæрзондзæвæтджын туфлиты къуырцц-къуырцгæнгæ фæцæйцæуы дуканимæ. Уынæрмæ хæдзæрттæй йæ фæстæ рæйгæ ратæхынц сыхы куыйтæ.

– Уæ хицæутты сæртæ бахæрут! – æлгъитын сæ байдайы ус. – Æмæ уæ дарæг мауал баззайæд!

Таймураз æй дардмæ дæр куы ауыны, уæд цæмæндæр йæхи сæ кæртмæ байсы. Фæлæ ацы хатт йæ дзаг лæгуæрдон къанауы ныссагъди, æмæ йыл цалынмæ схæц-схæц кодта, уæдмæ Косерхан йæ цурмæ схæццæ.

– Ды дæр, дам, институмæ бахаудтæ, – цæугæ-цæуын бафиппайдта ус. – Æмæ дæ цæй институт хъæуы? Дæ мады ам иунæгæй уадзыс? Уе 'ппæт дæр мын ахуырыл сыстут. Æмæ ма уæд колхозы та чи кусдзæн, чи? Æви уын искæцæй лæвар хор ласдзысты?

– Æмæ уæд Болаты уæхимæ цæуылнæ бауромут? – фæцырд æм Таймураз.

– Уымæн мад æмæ фыд ис, – йе уæхсчы сæрты йын дзуапп радта Косерхан. – Дæхи йемæ барыс?

«Æмæ, дам, фидæны коммунизмы цæрдзыстæм, – мæстыйæ ахъуыды кодта Таймураз. – Мæхæмæты бинонтимæ коммунизм саразæн нæй».

Ахæм хатдзæгмæ Таймураз йæхæдæг æрцыд. Уыцы хъуыды Муратæн куы загъта, уæд уый дæр йемæ сразы.

– Æвæццæгæн нæм нырма бирæ ис, йæ зондахаст Мæхæмæты хуызæн кæмæн у, ахæм адæм, кæд сæхи коммунисттыл нымайынц æмæ уыйау æдзух сæ партион билеттæй сомы кæнынц, уæддæр...

– Цæуыл æрæнкъард дæ? – изæрæй Бадинæ сагъæсхуызæй бафарста Таймуразы. – Исты дæ риссы?

– Нæ... Институты мæ ахуыр куыд ацæудзæн, ууыл хъуыды кæнын... – къуызгæ дзуапп ын радта.

Афтæмæй та йæ сæрæй иу минут дæр нæ хицæн кодта Косерханы фарст: «Дæ мады ам иунæгæй уадзыс?»

«Уæд та фæсаууоны ахуыры хайадмæ бацæуин? Æмæ Бади ууыл куы нæ сразы уа?» – иудадзыг йæхи фарста Таймураз.

Уыцы хъуыдытæ йæ суанг хъæды суг кæнгæйæ дæр иу ран нæ уагътой. «Цæй, изæры мæ фæндон Бадийæн зæгъдзынæн», – фæстагмæ алыг кодта Таймураз æмæ та йæ дзаг лæгуæрдонимæ хъæумæ рараст ис. Уырдыджы уæрдон йæхæдæг размæ тахти, æмæ йæ Таймураз тыххæй урæдта, науæд æй дæлбылмæ йемæ куы ахæсса... Фæлæ хъæумæ куы 'рхæццæ æмæ та йæ фæндаг æрхы цур Стыр уынджырдæм кæм фæхæрд, уым та йæ уæрдон хæрдмæ ласын куы бахъуыд, уæд та уайтагъд йæ хид йæ цæсгомыл гæр-гæр кæнын байдыдта. Ацы ран-иу Таймураз уæлдай тынгдæр архайдта тагъддæр уæлбылмæ схæццæ уæвыныл. Уый тарсти, исчи йыл куы 'рбамбæла æмæ та йын, тæригъæдгæнгæйæ, æххуыс кæныныл куы ныллæуа, уымæй. Фæлтау йæхæдæг цыфæнды зынæн дæр бафæраздзæн. Таймураз размæ ахæц-ахæц кæны уæрдоныл, фæлæ та дзы сугтæ æгæр бирæ самадта, æмæ йын ласын нæ комы. Лæппу бынтондæр стыхсти. Мæнæ йæм уалынмæ фæстæрдыгæй æрбайхъуыст нæлгоймаджы хъæлæс:

– Чидæр йæхицæй хæрæг куыд сарæзта!

– Æсс, худинаг у. Фехъусдзæн дæ... – мынæг хъæлæсæй йæм сдзырдта сылгоймаг. – Фæлтау ын иучысыл аххуыс кæнæм...

Таймураз сæм йе уæхсчы сæрты ракаст æмæ уайтагъд йæ лæгуæрдоны аууоны Болат æмæ Зæриффæйы ауыдта. Лæппу йæ фæстаг тыхтæ æрбамбырд кодта æмæ дурджын фæндагыл йæ уæрдоны цæлхыты къуыр-къуыр ссыд. Æрмæстдæр уæлбылмæ куы фæцæйхæццæ кодта, уæд бафиппайдта, фæсте йын йæ уæрдоныл размæ Зæриффæ кæй хæцы, уый. Болат цыди йæ фарсмæ худгæйæ.

– Нæ хъæуы... Дæхи счъизи кæндзынæ... Мæхæдæг æй ласдзынæн, – æрæджиау ма æфсæрмыгæнгæйæ сдзырдта Таймураз.

Фæлæ йæ цыма Зæриффæ хъусгæ дæр нæ фæкодта, уыйау фыццагау уæрдон нæ уæгъд кодта.

– Цы хорз сугтæ æрластай! – раппæлыди дзы чызг. Стæй ма уæд йæ ныхасмæ тæригъæдгæнæгау бафтыдта: – Дæ хид, мæгуыр, дæ фæсонтæй дæр ма рахъардта!

Фæстаг дзырдтæ цæмæндæр Таймуразæн фæхъыг сты, æмæ йæ цæсгом фæтар. Чызг ын уайтагъд фембæрста йæ зæрдæйы ахаст æмæ рæвдауæг хъæлæсы уагæй загъта:

– Хорз у, дæ мадæн зымæгмæ суг кæй цæттæ кæныс, уый.

– Мæ уæрдон дарддæр мæхæдæг тулдзынæн, – йæ цæсгомы хид сæрфгæйæ, сдзырдта Таймураз. – Бузныг... Де ‘ххуысæй...

Зæриффæ уынджы фæзилæны куы фæауон ис, уæд Таймураз ахъуыды кодта: «Дзæгъæлы йæм уыдтæн хæрам, Болаты хъазгæйæ йæ хæстæджыты хуыздæртæй иуыл кæй нымайы, уый тыххæй. Тынг зæрдæхæлар чызг у».

Изæрæй Бадинæ фæскуыст сæхимæ куы ‘рбацыд, уæд ын Таймураз радзырдта, йæ зæрды фæсауон ахуыры хайадмæ раивын кæй ис, фæлæ мад уайтагъд йæ хъуыры абадтис:

– Уый та куыд?! Æмæ дæхи Муратæй фæхицæн кæнынмæ хъавыс? Æви уый дæр йæхи фæсауон ахуыры хайадмæ ивы?

– Уымæн йæ фыд хæстæй сыздæхт, æмæ сæ бинонтæ æххуысхъуаг нал сты.

– Мæнæ цытæ дзуры дæ фырт! – къулмæ йæ læджы хуызистмæ кæсгæйæ, кæуынхъæлæсæй фæхъæр кодта Бадинæ. – Æмæ мæ иунæг удæн цастæ хъæуы? Мæн тыххæй хъуамæ мæ læппу йæ ахуырæй фæкъуылымпы уа? Æз уæд мæрдты дыккаг мард дæр ма куы акæндзынæн!

Таймураз зыдта, мад ын йæ фæндоныл кæй нæ разы кæндзæн, уый, фæлæ йын уæддæр йæ ныхмæ афтæ цæхгæр ныллæууыны æнхъæл нæ уыд æмæ исдуг, цы загътаид, уый нал зыдта. Стæй æрæджиау нæуæндонæй сдзырдта:

– Институтæн фæсауонмæ дæр хорзæй фæуæн ис...

– Нæ, Таму, нæ, – фидарæй алыг кодта Бадинæ. – Фæсауонмæ ахуыры кой мын ма кæн! Æнæ дæу уал æз дæр цæрынæн исты амæлттæ кæндзынæн.

Таймураз æнæбары йемæ сразы ис... Сыхæгтæ-иу арæх дзырдтой, Таймураз мадуарзаг læппу у, зæгъгæ, æмæ-иу уый дисы бацыд, ныййарæгæн та æнæ уарзгæ куыд ис, зæгъгæ.

Бадинæ рынчынæй дæр йæ куыст никуы уагъта. Суанг ма-иу æнафонтæм дæр хæдзары зилæнтæ кодта. Уымæ гæсгæ-иу Таймураз æхсæв куы райхъал æмæ-иу Бадинæйы хуыссæнырдыгæй уынæр куы нæ цыдис, уæд-иу фæтарсти, кæд ыл исты ‘рцыди, зæгъгæ, æмæ-иу æнæбары йæ сынтæджы рабадти.

– Цæуылнæ фынæй кæныс? Нырма бон куы нæма у, – рай-

хъуысти-иу мады хъæлæс, æмæ-иу лæппу æхсызгонæй сулæфыд

«Уый дæр фынæй нæ уыди, – йæхинымæр-иу сдзырдта Таймураз. – Æвæццæгæн та истæуыл сагъæс кодта».

Таймуразы фыд фæстаг хатт хæстæй цы æртæтигъон фыстæг сæрвыста, уый бынтондæр баихсыд: Бадинæ йæ йæ къухмæрзæны тыхтæй цæмæндæр æдзухдæр дардта йæ дзыппы. Хатгай-иу æй хъæрæй бакæсын кодта Таймуразæн, кæд ын йæ алы дзырд дæр йæ зæрдыл дардта, уæддæр. Лæппуйæн-иу уæлдай æхсызгондæр уыди, фыд йæ кой кæм кодта, уыцы бынат бакæсын.

«Цымæ адæмтæ кæрæдзиимæ цæмæн фæхæцынц, зæххы къори сын къуындæг цæмæн у?» – арæх йæхи фæфæрсы Таймураз, фæлæ йæ фарстæн йæ бон дзуапп раттын нæ вæййы. Ноджы ма сын-иу скъолайы сæ ахуыргæнæг историйы урочы, дунейыл цы хæстытæ цыдис, уыдоныл куы дзырдта, уæд-иу бынтондæр сгуырысхо ис, кæд адæм сабыр цæрын никуы базондзысты, зæгъгæ...

* * *

Хæст куы банцад, ууыл сæххæст цыппар азы, фæлæ адæмæн сæ цард ницыуыйас фæхуыздæр. Лæг кæй хæдзары уыд, уыдон цæрынæн цыдæр амæлттæ кодтой, фæлæ, сидзæргæсæй чи баззад, уыцы сылгоймæгтæ, сæ сывæллæтты цæмæй хастаиккой, уымæн ницы зыдтой. Чидæртæ ма дзы æнхъæлмæ кастысты сæ бæлццæтты фæзындмæ, æмæ сын уый лæвæрдта цавæрдæр ныфс.

Таймураз-иу хъæдмæ куы фæцæйцыд, уæд-иу хъæуысæр иу хæдзарæй йæ размæ рауади гуыбыргомау зæронд ус æмæ-иу æй тыхстхуызæй афарста:

– Бæппуйыл никуы сæмбæлдтæ?

Таймураз фехъуыста, усæн йæ фырт хæстæй куы нæуал фæзынд, уæд сæрæй дзæгъæлтæ кæнын кæй байдыдта æмæ алы хатт цæуджыты чысылæй-стырæй йæ лæппуйæ кæй фæфæрсы, уый, фæлæ йын уæддæр исдуг исты зæгъынмæ нал фæарæхсы.

– Дæ рынтæ дын бахæрон, Бæппуйы мын нæ федтай? – ногæй та йæ афæрсы ус.

Таймураз æм «нæ», зæгъгæ йæ сæр куы батилы, уæд зæронд ус æнкъардæй сæхимæ араст вæййы.

Усæн йæ ном у Бабуца, цæры йæ чындз æмæ йæ фырты дыууæ чызгимæ. Чындз рагæй дæр у хуысгæ рынчын. Уый тыххæй

йæ чызджытæ се скъола ныууагътой. Таймураз сæ хистæримæ иумæ ахуыр кодта æвдæм къласы онг. Арæх læппу чызджытимæ баиу вæйиы хъæды. Уыдон дæр лæгуæрдонæй фæласынц суг.

Уыцы бон дæр та сыл Таймураз фембæлди хъæдмæ цæугæйæ, фæлæ ацы хатт уыдон уыдысты æнæ уæрдонæй.

– Фæрæт дæр уæм куы нæ ис, Аминæт, уæд цавæр хъæддзаутæ стут? – хъазæнæмхасæнты хистæр чызджы афарста Таймураз.

– Сындзтелтæ агурæг цæуæм, – дзуапп радта уый. – Нæ цæхæрадон куы нæ сæхгæнæм, уæд нæ сыхы фос хъыгдардзысты...

Таймураз зыдта: хæсты рæстæджы рагъы бын немыц кæм бадтысты, уырдыгæй адæм сындзтелтæ кæй хæссынц, фæлæ уæддæр йæхимидæг дисы бацыд, чызджытæ иунæгæй афтæ дардмæ куыд араст сты, зæгъгæ. Æрмæст сæм дзургæ ницыуал скодта.

Суанг фæссихормæ фембырд кодта Таймураз хус сугтæ. Иннæ хæттытау дзы йæ лæгуæрдон куы байдзаг, уæд та хъæумæ рахæцыд. «Цымæ, Аминæтитæ цы баисты?» – фæндагыл хъуыды кодта læппу, йæ уæрдон æй уырдыджы размæ куыд нæ ахæсса, ууыл архайгæйæ. Хъæумæ йæ бирæ нал хъуыд, афтæ хъæдырдыгæй æваст цавæрдæр гæрахæй бæстæ ныццарыдта, æмæ Таймураз фыртарстæй йæ бынаты хæрдмæ фæхаудта. Чысыл ма бахъæуа æмæ цæлхыты бын ма фæуа, фæлæ афойнадыл йæ лæгуæрдоны рæтæнæгъдтæ хæрдмæ фæцарæзта æмæ йæ цыдæр амæлттæй баурæдта. «Хъæд минæтæй сыгъдæггонд æрцыд, зæгъгæ, куы дзырдтой, уæд, цымæ, уый цæй рæмыгъд уыдис?» – бадис кодта Таймураз, йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп куыд цæуы, уый æмбаргæйæ.

Læппу хъæумæ куы ‘рхæццæ, уæд алырдыгæй йæ хъустыл уайын байдыдтой адæмы тарст хъæлæстæ:

– Цымæ, уый цавæр гæрах уыди?

– Кæд та искæй хæдзар бабын?

– Ныр дæр ма мæ хъусты гуыв-гуыв цæуы...

Дзурджытæ иууылдæр катайгæнгæйæ кастысты хъæдырдæм...

Изæрæй Бадинæ сæхимæ куы ‘рбацыд æмæ Таймуразы кæрты сугтимæ архайгæйæ куы ауыдта, уæд æвиппайды сцин кодта:

– Хуыцауæй разы, æгайтма дæ дзæбæхæй æрбайиæфтон!

– Æмæ мыл хъуамæ цы ‘рцыдаид? – Таймураз æм дисхуызæй фæзылди.

– Ау æмæ уыцы гæрах нæ фехъуыстай? Æз ма дзы быдыры дæр удайст куы фæдæн!

– Гæрахæй фылдæр та цы вæйиы? – цæмæй йæ мады æрсабыр кæна, уый тыххæй куыдфæндыйы хъæлæсы уагæй бафарста лæппу. – Кæд исчи йæхи ирхæфста, уæд та?

– Уый та цавæр хиирхæфст у? Нæ, нæ, мæ къона, мæн суг дæр нал хъæуы. Æз дæу иунæгæй хъæдмæ нал ауадздзынæн. Мæнмæ гæсгæ, цыдæр фыдбылыз æрцыд...

Бадинæ раст уыд: дыккаг бон райсомæй хъæуыл айхъуыст Аминæты фæмарды хæбар. Чызг, немыц цы акъоппыты бадтысты, уыдоны раз тулдзбæласæй сындзтел райхалыныл куыд архайдта, афтæ йыл минæ схæцыд æмæ йæ къабазгай фæйнæрдæм фæхаста. Йæ кæстæр хо Заремæ та цæф фæци æмæ ма цыдæр амæлттæй сæ хæдзарыл сæмбæлди.

– Фыдбылыз мæгуыр адæймаджы кæмфæнды дæр ссары, – дзырдтой устытæ, мæрдджынтæм цæугæйæ.

Аминæты фыдымад Бабуца иннæ хæттытау нæлгоймæгты фарста:

– Бæппуйы мын уæ ничи федта?..

Таймураз тынг фæхъыг кодта Аминæтыл. Иудадзыг дæр йæ цæстыл уади, чызджытæ райсомæй телагурæг хъæдмæ куыд фæцæйцыдысты, уый, æмæ йæм цæмæндæр афтæ каст, цыма сын бауромæн уыдис, цæмæй фыдбылызы ма бахаудаиккой, æмæ йæхи аххосджыныл нымадта. «Дардмæ ма ацæут, зæгъгæ, сын уæддæр куы бафæдзæхстаин», – фæсмон кодта уый алы хатт.

– Кæд, мæгуыр, Аминæтæн йæ хъысмæт афтæ амыдта, уæд ын дæ бон цы уыд? – фарста Таймуразы Бадинæ, куыд тыхсы, уый æмбаргæйæ.

Хæсты рæстæг фондз сывæллоны мад Чабæхан сæхимæ дон хæсгæйæ бомбæйæ куы фæмард, уæддæр чидæртæ, йæ хъысмæты афтæ фыст уыдис, зæгъгæ, дзырдтой. Фæлæ Таймураз ахæм хъуыдыимæ нæ разы кодта:

– Уæдæ нын скъолайы ахуыргæнджытæ цæмæн амыдтой, адæймагæн йæ хъысмæт йæхицæй аразгæ у, зæгъгæ?

Таймуразæн-иу арæх йæ зæрдыл æрлæууыд, Аминæтимæ иу къласы куыд ахуыр кодтой, уый. Кæддæр сæ ахуыргæнæг иумæ сбадын кодта, æмæ цалынмæ чызг йе скъола нæ ныууагъта, уæдмæ сæ партæ нал аивтой. Уый тыххæй ма сæ чидæртæ фыццаг мæстæй марыныл дæр ацархайдтой, фæлæ Таймураз æмæ

Аминæтмæ сæ ныхæстæ нæ бахъардтой, æмæ уыдон дæр куыдфæстæмæ ныссабыр сты.

Аминæт математикæмæ дæснымæр уыд, Таймураз та – æвзаг æмæ литературæмæ. Алгебрæ йæ-иу сæм контролон куыст куы уыд, уæд-иу Аминæтæй раздæр йæ хынцинæгтæ скæнынмæ ничи сарæхст.

– Ковалевская дæ ма рауайа! – иу хатт дзы урочы раппæлыди ахуыргæнæг.

Ахуырдзаутæ æрмæстдæр уæд базыдтой, Софья Ковалевская зынгæ математик кæй уыд, уый, æмæ уымæй фæстæмæ Аминæтмæ уæлдай хуыздæр цæстæй кæсын байдыдтой.

Æвдæм къласы сын бахæс кодтой, кæй цы дæснымæр дзинад райсын фæнды, ууыл сочинени ныффыссын.

Таймуразы темæйыл бирæ хъуыды кæнын нæ бахъуыд: уый рагæй дæр бæллыд ахуыргæнæг суæвынмæ æмæ уайтагъд фыссынмæ фæцис. Аминæт бадти, рудзынгмæ кæсгæйæ, стæй уæд уый дæр фыссынмæ бавнæлдта. «Аминæт дæр, æвæццæгæн, мæнау ахуыргæнæджы дæсныйад равзæрста», – йæхинымæр сдзырдта Таймураз æмæ йын æнæбары йæ тетрадыл йæ цæст æрхаста. «Мæн фæнды дохтыр суæвын, цæмæй мæ мады сдзæбæх кæнон, уый тыххæй... » – фыста чызг.

* * *

Таймураз райхъал арвы гæрæхтæй. Æдде хъуыстис дымгæйы æхситт æмæ уарыны сæх-сæх. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу ссыди рудзынджы æвгты дыз-дыз, æмæ-иу Таймуразмæ афтæ фæкаст, цыма ныртæккæ уыдон базгъæлæнтæ уыдзысты, æмæ агъуыстмæ дон æрбакæлдзæн, уыйау. Мæнæ та æвиппайды арв ферттывта, æмæ Таймураз ауыдта Бадинæйы хуыссæн афтидæй. «Æвæццæгæн та къæбицы истытæ архайы», – ахъуыды кодта лæппу æмæ хъавыди йæ сынтæгæй рахизынмæ, фæлæ уыцы рæстæг дуар фегом ис, æмæ мидæмæ тагъд къахдзæфтæй æрбауад Бадинæ. Æдде та арв куы ферттывта, уæд мад бафиппайдта, йæ лæппу фынæй кæй нæ у, уый æмæ лæф-лæфгæнгæйæ сдзырдта:

– Диссаджы къæвда рацыд: арв æмæ зæхх сæхи кæрæдзиуыл хойынц. Æвæццæгæн, дæу дæр арвы гуыр-гуыр райхъал кодта...

– Цæй раджы та сыстадтæ?- мадæн дзуапп раттыны бæсты æнæразыйы хъæлæсы уагæй бафарста Таймураз.

– Фæндагмæ дæ, зæгъын, истæмæйты арæвдз кæнон. Абон горæтмæ куы цæуыс…

– Æмæ дæхи æгъуыссæг уый тыххæй фæкодтай?

– Æз дæр дымгæйы уынæрæй райхъал дæн æмæ уал мæхи къæбицмæ айстон, быдырмæ цæуыны размæ, зæгъын, мæ куыстытæ акæнон, кæннод та Мæхæмæт хъæрæй бæстæ йæ сæрыл куы сиса, иннæтæ дæумæ кæсынц, зæгъгæ.

– Ау, æмæ дæ ахæм бон дæр быдырмæ цæуын хъæудзæн?! – ныддис кодта Таймураз – Уарынæй æддæмæ акæсæн куы нæ ис…

– Сæрдыгон къæвда бирæ нæ ахæссы, – загъта Бадинæ æмæ фæтæгены цырагъ ссыгъта.

Таймураз дуарæй куы ракаст, уæд хæлиудзыхæй аззад: хъæуы сæрмæ арвыл иу мигъы тæпп дæр нал зынди, кæрты астæу уарынæй æхсад бæлæсты цъуппытыл хъазыдысты хуры фыццаг тынтæ, æмæ сæ сыфтæртæ налхъуыт-налмасау сæрттывтой. Лæппуйы фындзы хуынчъытыл сæмбæлди хуылыдз зæххы тæф æмæ йын æнæнхъæлæджы цавæрдæр æнæмбаргæ æхсызгондзинад лæвæрдта. Уыцы рæстæг уынгæй æрбайхъуыст бригадиры хъæлæс:

– Фæтагъддæр кæнут, цалынмæ та нæм Мæхæмæт йæхæдæг нæ фæзынди, уæдмæ.

– Куы дæ афæндараст кодтаин, уый мæ бæргæ фæндыд, фæлæ мын быдырмæ æнæ ацæугæ нæй, –Бадинæ хатыр курæгау Таймуразы цонгыл йæ къух æрхаста.

– Ма тыхс, Бади, æфсадмæ мæ, мыййаг, куы нæ кæнынц, – лæппу йæ мады дæрзæг армытъæпæныл андзæвыд.

Сихормæ æввахс Таймураз æмæ Мурат сæ хæссинæгтимæ Беслæныхъæуырдæм араст сты. Фæндаггæттæ Мæхæмæты хæдзары цур бидаркæ куы ауыдтой, уæд Мурат худгæйæ фæкодта:

– Болатæн дæр та йæ файтон цæттæ у!

– Хæлæг æм кæныс? – хъазæгау æй афарста Таймураз.

– Æз?! – Мурат мæстыхуызæй йæ бынаты дзыхълæуд фæкодта. – Æмæ йæм хæлæггагæй та цы ис? Æви бидаркæ æд бæх йæхи у?

– Хъазгæ кæнын, Мурат, хъазгæ, цæуыл та æрбатæвд дæ? – Таймураз лæппуйы цонгыл размæ рахæцыд.

Иуцасдæр рæстæг лæппутæ цыдысты æнæдзургæйæ. Алчи сæ аныгъуылд йæхи хъуыдыты, цалынмæ хъæугæрон сæ размæ Азырхан нæ фæцис, уæдмæ.

– Горæтмæ та рараст стут? – læппуты хæссинæгтыл цымыдисæй йæ цæст æрхаста.

– Уырдæм у нæ фæндаг, – сæ дыууæйы бæсты дæр дзуапп радта Мурат.

– Тæхудиаг сты уæ ныййарджытæ, цыппар азы фæстæ цæттæ лæгтæй кæмæ фæзындзыстут! Даплонтимæ!

– «Даплонтæ» нæ, Азырхан, «даплонтæ,» – бахудти йæм Мурат. – Æвæццæгæн, «дипломтæ» зæгъинаг уыдтæ.

– Цæй «деплон» дæр фæуæд, – йæ къух ыл ауыгъта Азырхан, стæй уæд, тыхстхуызæй уæлæрдæм акæсгæйæ, афарста:

– Мæхæмæтыл никуы амбæлдыстут?

– Цыма сæхимæ ис, – гуызавæгæнгæйæ сдзырдта Таймураз. – Йæ бидаркæ йын уынджы федтам.

– Дæ-дæ-дæй! Абон быдырмæ кæй нæ ацыдтæн, уый куы базона, уæд та йæ хъæрæй æгас сыхы йæхимæ æрыхъусын кæндзæн. Дысонæй нырмæ мæ дыгæрдыг кæй нæ арын, уый дæр мын ницæмæ æрдардзæн...

Азырхан дзургæ-дзурын фæлладæй æрхы ‘рдæм фæраст.

– Æвæццæгæн, Азырхан дæр Мæхæмæтæй æдас нæу, – бафиппайдта Мурат, – афтæмæй та æхсарджын сылгоймаг у...

– Æмæ, дæумæ гæсгæ, Мæхæмæтæй тæрсгæ кæны? – Азырханы сæрыл рахæцыд Таймураз. – Уæдæмæ йæ йемæ хъаугъа кæнын нæ фæнды.

– Æвæццæгæн, раст зæгъыс, – æнæнхъæлæджы йемæ сразы Мурат.

Læппутæ хъæуæй куы радард сты, уæд иу заман фæсте сæ хъустыл ауадис бидаркæйы цæлхыты къуыр-къуыр, æмæ дыууæйæ дæр æнæбары сæхи фæндагæй фæиуварс кодтой.

– Салам, Хетæггаты Къостайы номыл институты студенттæн! – сæ размæ бидаркæ куы ‘рбахæццæ, уæд сын уæле дæлæмæ хъалхуызæй салам радта Болат, стæй уæд йæ фыды хъусы сусæгæй цыдæртæ бадзырдта æмæ йæ цыма бынæй исчи æнæнхъæлæджы хъыдзы акодта, уыйау æвиппайды хъæрæй ныххудти.

– Цымæ ма йæ уыцы æдылы худт та цæмæн бахъуыд? – мæстыйæ афарста Мурат, фæлæ сæ уæдмæ бидаркæ фæсте фæуагъта.

– Æвæццæгæн, мах фистæгæй кæй цæуæм, уый та цъæтджын бидаркæйы кæй бады, уый йæм худæг фæкаст, – бафиппайдта Таймураз.

– Æмæ уым худæгæй цы ис?

– Уымæй та Болаты бафæрс.

– Æндæр мæ мæт дæр нæй, – йæ къух ауыгъта Мурат. – Ахæмтимæ æз мæ бензин нæ хардз кæнын…

Бидаркæ Бруты фæзилæны куы фæауон, уæд Таймураз, йæ сæр банкъусгæ, Мураты афарста:

– Цымæ, адæмæй иутæ амондджын цæмæн фæвæййынц, иннæтæ – æнамонд?

– Кæмæй зæгъыс?

– Фыццаджыдæр, Болатæй. Нырма йæ къух уазал доны дæр никуы атылдта, афтæмæй йын алцы дæр цæттæйæ ис. Аминæт та, мæгуыр, цардæй ницыма фенгæйæ, немыцы афтид акъоппыты фарсмæ йæ адзал ссардта.

Таймуразæн дзуапп раттыны бæсты Мурат мæстыйæ загъта:

– Нæ кълас иууылдæр мардмæ уыдысты, Болатæй фæстæмæ.

– Чызджытæн дзырдта, нырма, дам, мын зианы фæдыл цæуынмæ раджы у.

– Йæхи мын уæдæ авдæны бабæттын кæнæд!

Лæппутæ иуцасдæр ныхъхъус сты, стæй Таймураз сдзырдта:

– Хаттæй-хатт мæм афтæ фæкæсы, цыма хæст нæма банцад, уæддæр цыма мæ фыд тагъд нæхимæ фæзындзæн… Ацы ран æвиппайды йæ хъæлæс барызт æмæ уайтагъд йæ ныхас иннæрдæм фездæхта: – Афонмæ нæм Зауырбег æнхъæлмæ кæсы…

Хуымæллæджы хидыл куы бахызтысты, уæд æцæгдæр хъæугæрон бафиппайдтой Зауырбеджы, бæласы бын лæугæйæ.

– Æмæ уæ чызджыты кæм ныууагътат? –кæрæдзийæн салам куы радтой, уæд сæ цымыдисæй афарста Зауырбег.

– Уыдон знон ацыдысты, – бамбарын ын кодта Мурат, стæй ма худгæбылæй бафтыдта: – Болат дæр абон сæ фæстæ фæтæхы.

– Федтон æй, – бахудти Зауырбег дæр. – Мæ рæзты бидаркæйы Беслæныхъæуырдæм аивгъуыдта. Афонмæ йæ поезд горæтмæ фæласы.

– Кæд байрæджы кодта, уæд æй хъуамæ вагзалы сæйиафæм, – сдзырдта Таймураз, Муратырдæм бакæсгæйæ.

– Æнæ уымæй дæр фæндаг ссардзыстæм, – куыдфæндыйы хъæлæсы уагæй йын дзуапп радта Мурат.

– Куыд æмбарын, афтæмæй йæ тынг нæ уарзут, – бафиппайдта Зауырбег. – Æниу, цыма, йæхи чи бауарзын кæна, ахæм гуырд нæу, уыйау мæм кæсы.

– Демæ разы дæн, – йæ сæр батылдта Мурат. – Цавæр адæймаг у, уый мæнæ фæстæдæр дæхæдæг хуыздæр базондзынæ...

Болатыл нæ сæмбæлдысты, æвæццæгæн, уæдмæ горæтмæ аивгъуыдта.

– Æмдзæрæны иу уаты бынæттæ ‘рцахсыныл кæй бадзырдтам, уый уæ нæ ферох? – Поездмæ билеттæ куы райстой, уæд сæ бафарста Зауырбег.

– Мах хъæу кæддæриддæр сæ дзырдæн хицау вæййынц – сæ дыууæйы бæсты дæр фидарæй дзуапдæттæг фæци Мурат.

– Цыма та уæхицæй æппæлут, афтæ мæм кæсы, – йæ цæстытæй сæм хин худт бакодта Зауырбег. – Æвæццæгæн та уæ ферох, æз дæр уæ хъæуккаг хæрæфырт кæй дæн, уый.

– Ахæм сæрæн дæр уымæн дæ! – галиу къухæй йын худгæйæ йæ уæхск æркъуырдта Мурат.Таймураз дæр йæ худын нал баурæдта.

Адæм сæм се ‘ргом раздæхтой, æмæ уæд æртæйæ дæр сæ худын фæуагътой, ноджы уалынмæ поезд дæр æрхæццæ горæтæй.

Таймураз куыддæр вагоны Мурат æмæ Зауырбеджы фарсмæ бандоныл йæхи æруагъта, афтæ йæ зæрдыл æрбалæууыд, æрæджы сæ къласимæ фыццаг хатт поездæй институтмæ куыд цыдис æмæ аивæй Заретæйырдæм бакæс-бакæс куыд кодта, уый æмæ æнæнхъæлæджы фенкъард. Мурат æмæ Зауырбег нæ бамбæрстой се ‘мбалы зæрдæйы уаг æмæ цæуылдæр хъæлдзæгæй дзурын байдыдтой, фæлæ сын Таймураз сæ ныхасмæ нæ хъуыста – аныгъуылд йæ хъуыдыты.

Йæ цæстытыл та ирдæй уадис Заретæ, йæ худгæ цæсгом, йæ фæлмæн мидбылтыхудт, йæ рæсугъд гуырыконд. «Цымæ йæ кæм фендзынæн?» – йæхи афарста лæппу, æмæ йæм афтæ фæкаст, цыма йын поезды цæлхытæ дзуапп лæвæрдтой: «Горæты... Горæты... Горæты...» Таймураз æнæбары йæ цæстытæ æрцъынд кодта.

– «Ме ‘рдхорд, фынæй бадæ æви цы?» – иузаман ын йæ фарс æрбакъуырдта Мурат, æмæ Таймураз йæ бынаты хæрдмæ фæхаудта.

– Дысон мыл исдуг хуыссæг нал хæцыд... – афсон кодта Таймураз.

–Æхсæрыл сыфтæр нал хæцы,

Уый, дам, уазалы тыххæй у.

Æхсæв мыл хуыссæг нал хæцы,
Уый, дам, уарзоны тыххæй у.

Йæ хъусы йын сусæг хъæлæсæй базарыд Мурат, стæй йæм уæд хинхуызæй йæ цæст æрныкъуылдта. Таймуразы цæсгом фæсырх.

Поезд горæтмæ куы схæццæ, уæд уал лæппутæ фыццаджыдæр æмдзæрæны комендантыл сæ фæндаг акодтой.

– Афойнадыл бынæттæ куы нæ ‘рцахсæм, уæд æмдзæрæнæй æнæхай куы фæуæм... – Таймураз æмæ Мураты фарсмæ цæугæйæ, мæт кодта Зауырбег.

Фæлæ ма, сæ амондæн, æмдзæрæны уæгъд бынæттæ разынд.

Комендант куы базыдта, лæппутæ иу курсæй кæй сты, уый, уæд сæ хицæн агъуыстмæ арвыста. Таймуразы цинæн кæрон нал уыд. Уый фæндыд, тагъддæр йæ цæрæнбынат куы фенид æмæ дзы йæ дзаумæттæ куы æрæвæрид. Уæлдай æхсызгон та йын уый уыд, æмæ сын Мурат æмæ Зауырбегимæ иу уат кæй радтой.

Фæлæ æмдзæрæны дыккаг уæладзыгмæ куы схызтысты æмæ сын радгæс сæ агъуысты дуар куы байгом кодта, уæд æртæйæ дæр къæсæрыл сагъдау аззадысты: кæройнаг сынтæгыл лæууыд бур сæрак чумæдан, йæ уæлæ гом тетрадь. Тетрадыл фыст уыдис: «Æппæлойты Болаты хуыссæн».

– Ам ма ноджыдæр иу адæймаг цæрдзæн? –тарæрфыгæй радгæс усы бафарста Зауырбег.

– Æмæ уæдæ сымах куыд æнхъæл уыдыстут? Хъуамæ нæм алы уаты дæр цыппар сынтæджы уа, – дзуапп ын радта радгæс æмæ стъолыл дæгъæлтæ æрæвæрдта.

Лæппутæн уайтагъд сæ цин цыдæр æрбаци...

Уыдзæн ма

КОКОЙТЫ Эльзæ

ÆВЗИСТ РУХС

ПОЭЗИ

Поэзийы куырдадз –
Уæларвон цъæхы.
Зæллангзæл-æрвхъуытаз
Æврæгътыл тæхы.
Æнæрцæф – йæ хайуан,
Æрвæрттывдау – арт.
Сæууон арт-æртæхтæй
Кæд равзæрд, мыййаг,
Поэзи?!.

* * *

Æхсæв, сау æхсæв, ахызт æмбисæй,
Тымыгъ хойы мæ фæрссаг тызмæг, –
Цыма хъары йæ уды фыдриссаг,
Цыма ‘нахуыр бæлццон у,
Тыхст лæг...

Алыгъд, фесæфт мæ хуыссæг бынтондæр,
Дудгæ сагъæстæй зæрдæ ныссым,
Байтыгътон æз мæ фæрссаг æрдхордау
Урс тымыгъæн:
«Мæ къуым дын фысым!»

Фæлæ фемæхст йæ худындзæг уымæн!..
О!.. Æзынма æнцойгур у кæд...
Сфæйлыдта уый мæ уатæн йæ къуымтæ
Æмæ алыгъд, æрбайсæфт йæ фæд...

...Бирæ нал баззад
Æхсæвæй бонмæ, –
Арвы кæрæтты рухс тын фæзынд.
О, мæ дуне,
Ды зон æй, ды зон æй: –
Уый мæ арф риуы
Зæрдæ хъæрзыд!..

Уый мæ зæрдæ дæ уындмæ бæллыди,
Уый мæ риуы мæ зæрдæ куыдта.
Тымыгъ аххосджын мур дæр нæ уыди,
Фæлæ...
Ды та?!.

ЦАРДЫ ‘НАУÆРДОН УÆРДОН

Царды ‘науæрдон уæрдон
Мæн йæ быны ‘вдулы,
Æмæ удæргом хъæдгом
‘Нæрынцойæ дуды.

Кæд мæ æнæхин зæрдæ,
О, мæ бон, дæу уыди,
Царды уаз цинтæм тырнгæ,
Амондмæ бæллыди...

Уæд цæмæн фæсайдтай мæн
Цардуалдзæджы разы?
Урссыф дидинты тæмæн,
О, цы мæнгард разынд!..

...Хъазыд рухс хуры рæу тын
Уæлдæфы фæлм базыл,
Дымгæ урсæфцæг бæхыл
Балæууыд йæ разы...

...Царды ‘науæрдон уæрдон,
Цæй, æруром, курын!..
Гом у, удæргом хъæдгом,
Цалх ма йыл цы тулыс?!.

МÆГУЫРГУР

О куыд æнæуынон дæн мæхицæн,
О куыд ницæйаг уд у мæ уд!..
Фæлæ... Иунæг Хуыцау мын æвдисæн, –
У мæ зынг зæрдæ хурау рæсугъд.

Уадз, æхсат мæ уæ цæстыты тигътæй,
Уадз, æвæрат мыл даутæ сымах! –
Ме ‘рвон цæссыг æрызгъæлы ихтæй
Æмæ фесты æвдадзы æртах...

Иу мын иу хатт куы бакувид искуы:
«Ма уæнт донæй йæ цæстытæ дзаг!» –
Уынджы къæйыл мæ удæй цы риссы,
Уымæ никæй ис, никæй, хъуыддаг...

* * *

Æнкъард зарæг нæ хъавыдтæн
Æз ме ‘мдзæвгæйы ‘вæрын...
Ды ацыдтæ!.. Ды ацыдтæ!..
Мæн баивтай æндæрыл.

Цы урс гæнах мын самадтай,
Уый мит-тъыфылау атад...
Хъæлдзæг рæнхъмæ дын хъавыдтæн,
Фæлæ кæсыс – нæ рауад...

* * *

Цы уыди, уый ацыд æрсдонау...
Цы нæ уыд – æгъгъæд ын фæуæд.
Дæ тыргъы фæбадтæн ысбонмæ, –
Чысыл, зæгъын, схъарм уаин кæд...

Мæ дугъон бæх дугъы æрхаудта,
Йæ цæссыг йæ гагуыты ссыгъд...
Бæргæ уыд уый, уадæмдзу, артау,
Æрвнæрдау æрвгæрæтты зылд.

...Дæ размæ æрхызтæн мæ рыстæй,
Мæ хъæдгæмтты хъарм туг нырхæм.
Дæ уазал цæстыты рæхуыстæй
Мæ цæстыты абадтис фæлм...

ÆХСÆВЫГОН ХЪÆУЫ

Ыстъалытæ арвыл
Тыбар-тыбур систой.
Сæ æвзист рухс зæхмæ
Æнæвгъау æрвыстой.

Сæ урс рухсы артæй
Уыд æхсæв бæллиццаг.
Сæ æнæхин хъазт дæр
Уыд диссаг, уыд диссаг.

Фæлыгъди мæ риссаг
Зæрдæйæ мæ сагъæс, –
Уыд диссаг! Уыд диссаг!
Ысуыдтон дæ уаз къæс,
Поэзи!.. Цæй, байрай!
Цæй, байрай,
Поэзи!..

ТОМАЙТЫ Мисурхан

ИРЫХЪÆУЫ УЫНГТЫ ЦÆУГÆЙÆ

Мысинæгтæ

Фæндзайæм азты Ирыхъæуы куы ‘рцардыстæм, уæд ма æххæст бинонтæ уыдыстæм: фыд, мад æмæ дыууæ чызджы – æз скъоладзау æмæ мæнæй цалдæр азы хистæр хо Зинæ.

Æрбаивтам нæ цæрæнуат Куырттаты хъæуæй, уым æрмæстдæр цыппар азы фæцардыстæм.

Зинæ нын нæ цардмæ хаста рæсугъддзинад йæ алы хъуыддагæй дæр.

Хъæуы ма куы цардыстæм, уæд бацыдтæн скъоламæ. Хуымæтæг хъуымацы гæбазæй хуыд хызыны мын сæвæрдтой мæ чингуытæ æмæ ацыдтæн скъоламæ. Цард Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ гыццылгай йæ къæхтыл фæлвæрдта слæууын. Дуканимæ-иу исты куы ‘рбаластой, уæд æм адæм уадысты, цы ‘рбаластой, уый фенынмæ.

Зинæ дзы схаста тетрæдтæ æмæ, скъоладзауы цы хъæуы ахуыр кæнынæн, ахæм лыстæг дзаумæттæ. Ног тетрадь байгом кæнын, фыссынмæ йæ æрцæттæ кæнын мын-иу тынг æхсызгон уыд. Дæ къух ыл æрхæсс æмæ, куыд лæгъз у, уый дæ зæрдæйыл сæмбæлæд... Иннæ ахæм мын мæ фыд сцыргъ кодта алыхуызон кърандæстæ – сæ ахуырст æмæ хъæды тæф былтыл æмбæлдис.

Кæсæндонæй Зинæ цы чингуытæ схаста кæсынмæ, уыдонимæ уыд, ахуыргæнæн чингуытæй уæлдай цы фыццаг чиныг бакастæн, уый дæр. Æмæ уый дæр сабидугæн уыд цау; федтон ын йæ нывтæ, стæй йæ гыццыгай кæсын райдыдтон.

Уæды азты кæм уыдис рудзынгæмбæрзæнтæ уæййаг, æмæ Зинæ цикъæйæ нывæфтыдтæ ралыг кодта, дыууæ фæтæнæй рудзынг цы бамбæрстаид, ахæм кæрдæныл сæ лыстæг сынкæй бахуыдта, æмæ крахмалгонд рудзынгæмбæрзæнтæ афтæ рæсугъд сфидыдтой рудзгуытыл, æмæ-иу нæ хæдзары рæзты чи цыд, уыдон-иу сæм æнæ кæсгæ нæ фесты.

Уыцы рæстæг уырыссаг æмæ ирон театр се спектакльтæ æвдыстой, ныртæккæ уырыссаг театры бæстыхай чи у, уым.

Алчи дæр-иу нæ диссаг æрцæуынмæ æнхъæлмæ кæсæгау каст. Мæнæ цырæгътæ ахуыссыдысты, æмæ уæззау хъæдабæйæ хуыд æмбæрзæнтæ фæйнæрдæм ацыдысты. Æмæ-иу райдыдта аргъау, æппæтæй рæсугъддæр хъуыдытæ чи ‘взæрын кæны, адæймаджы сæрызонд хорз хъуыддæгтыл чи аразы, уыцы архайд.

Горæты цыдтæн æртындæсæм скъолайы цыппæрæм къласмæ. Ам домæнтæ уыдысты, хъæуы скъолаимæ абаргæйæ, бынтон æндæр. Уроктæм цæуын хъуыд сæрмагонд дарæсы – итуæрд фæхсæвæрд морæ кæнæ тарцъæх къабайы æмæ сау раздарæны. Бæрæгбонты та – урс раздарæнты æмæ дзыккутыл стыр урс бантимæ. Æндæр хуызы ацæуын скъоламæ иу чызджы хъуыдыйы дæр не ‘рцыдаид.

Иунæг хатт мæ мæ галстук бабæттын ферох. Фæхъуыды йæ кодтон, скъоламæ куы бахæццæ дæн, æрмæстдæр уæд.

Урокты райдайынмæ бирæ нал хъуыд, афтæмæй ратахтæн – дыууæ уынджы фалдæр цардыстæм скъолайæ. Нæхимæ бахæццæ дæн. Рæвдз абастон мæ галстук æмæ та фæстæмæ тæхгæ. Æндæр куыд хъуамæ уыдаин æз æнæ галстукæй?! Æгъдау халæн нæ уыд…

Æртындæсæм скъола у дыууæуæладзыгон. Йæ асинтæ фæтæн, схизæнты кæрæттæ, куыд æмбæлы, афтæ æмдымбылгонд, цыргъ нæ фæлæ. Тыргътæ фæтæн æмæ стыр рудзгуытимæ.

Дыккаг уæладзыгмæ схизæны иуварс уыди зал. Уый фарсмæ ахуыргæнджыты æмæ директорты кусæн бынæттæ.

Урокты райдиан-иу сæрдыгон кæрты, зымæгон та алчи йæ

къласы размæ ралæууыд, афтæмæй кодтам зарядкæ. Не уæнгтæ-иу дзæбæх куы базмæлыдысты, уæд-иу заргæйæ æрзылдыстæм тыргъыл, иу кæронæй иннæмæ, стæй, чи куыд хæццæ кодта йæ къласмæ, афтæ уырдæм здæхт.

Цы зарджытæ кодтам, уыдонæй иу уыд Москва-Пекин – Советон Цæдисы стырдæр хæлар уыд Китай, æмæ нæ бæстæты лымæндзинадыл дзырдта ацы зарæг дæр.

Уыцы иу дзаумæтты куы цыдаид алы бон дæр ахуыргæнæг, уæддæр-иу афтæ аив уыдысты бакастæй, цыма дзы алчи дæр йæ уæлæдарæс уыцы бон фыццаг хатт скодта.

Скъоладзау æппæт предметтæ æмхуызон нæ фæзоны. Кæцыдæртæ йын вæййынц уарзондæр, æнцондæр æмбарæн, иннæтæ – зындæр. Фæлæ ахуыргæнджытæй та куыд хорз зыдта æмæ уарзын кодта сæ алкæцыдæр йæ предмет! Зæрдæйæ куыд тыхстысты скъоладзауы ахуырыл, куыд æххуыс кодтой, læмæгъдæр чи ахуыр кодта, уыдонæн!

Арфæйагæй læууынц зæрдæйыл Гуыриаты Ванойы чызг Мисурæт, Рубайты Мысосты фырт Мурат, Махъоты Харитоны чызг Замирæт, Цырыхаты Алыксандры чызг Нинæ, Тедтойты Сослæмбеджы чызг Езетæ, Такъæты Тасолтаны чызг Раисæ, Хъулаты Константины чызг Дзерассæ æмæ иннæтæ. Кæй нæмттæ нал хъуыды кæнын, уыдон мын бахатыр кæнæнæт...

Ныр Ирыхъæумæ сæфтгæйæ, йæ уынгты æрцæйцæугæйæ, мæ цæстытыл ауайы мæ ахуыры азты хабæрттæй, уæд цы цаутæ цыд царды мидæг, уыдонæй исты.

Мæ рæстæджы чызджытæ æмæ læппутæй кæуыл амбæлын, ныр дæр уыдон бæрæг дарынц се ‘гъдауæй, се сныхасæй, сæ ракъахдзæфæй, сæ уды хъæздыгдзинадæй. Мемæ чи ахуыр кодта, уыцы чызджытæй, – афтæ мæм кæсы, кæйдæрты ма дзы зонгæ дæр кæнын, – рауад хорз сылгоймæгтæ, мадæлтæ. Уыдоны къухты схъомыл сты хорз кæстæртæ, къулбадджытæ нæ, фæлæ, уымæн æмæ сæхæдæг дæр уыдысты æгъдауджын, бонзонгæ, дæ уат куыд амоны, афтæ адаргъ кæн дæхи, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, ахæмтæ.

Уыцы заман зымæг хаста тынг хъызт, уыд даргъ. Мит-иу къæхты бын хъыс-хъыс кодта. Хурбон та йæм цæстытæ нæ læууыдысты.

Æппынфæстаг-иу, уалдзæджырдæм тæдзынджытæ хъæлдзæгæй тæдзын райдыдтой. Хур-иу, адæмы зæрдæлхæнæгау, бонизæрмæ каст æмæ-иу адæймаджы фæндыд, зымæг-зымæджы дæргъы цы миты хъæпæнтæ ныффидар кæрæдзиуыл, уыдон тагъддæр куы атаиккой, уый. Фæлæ-иу, хуссарварс кæм атад, уым алчи мондаг бадт акодта хурмæ. Чи, йæ кусинаг йæ къухы, афтæмæй, чи та йæ сывæллоны ирхæфсгæйæ...

Нæ чызджыты сæрыфаст дæр-иу аивта: бæгъæмсарæй, уазалæй нал тæрсгæйæ – аив фаст дзыккутæ-иу, зымæг-зымæджы дæргъы фестырдæр сты, фæлæ зымæгон дарæсы мидæгæй нæ зындысты. Ныр-иу æнгом быд дзыккутæ фæсонтыл сæхи æруагътой.

Фæсивæд тырнытой ахуырмæ. Æрыгон адæймаджы зæрдæйы æвзæрд фидæны бæллиц, æмæ йын уый йæ цард рæсугъддæр кодта. Ахуыры фæстæ йæ цавæр фæндагыл ацæуын хъæудзæн, уый-иу сæрæй атæрын нал куымдта, йæхицæн дæр уарзон чи уа, адæмæн – пайда, ахæм фæндаг.

Мах дæр Зинæимæ уарзтам бирæ цыдæртæ. Аивад. Литературæ. Зинæ-иу библиотекæйæ цы чингуытæ схаста, уыдоны 'хсæн уыдысты Секъайы, Туаты Давиды, Елбыздыхъойы, Уырыймæгты Езетханы, Дæбейы уацмыстæ, фæсарæйнаг æмæ уырыссаг фысджыты чингуытæ. Чингуытыл ныхас нæ дыууæйæн дæр уыдис уарзон.

Зинæ стыр уарзтæй бауарзта сценæ. Йæ курдиат адæмы дисы бафтыдта, Куырттаты хъæуы Кочысаты Розæйы пьесæ «Мæ уарзондзинад æви мæ фыды фæдзæхст»-ы куы ахъазыд, уæд. Фæлæ йæ цард афтæ рауад, æмæ сценæ баззад норст цæхæрау йæ зæрдæйы мидæг. Ацыд æндæр фæндагыл.

Уалдзæг æрмæст хъарм бонтыл цин хæссæг нæ уыд. Уалдзæг нын уыд адæмы ныфсæвæрæнты рæстæг. Уалдзæг уыд, зæхх куы райхъал вæййы æмæ æххормагау нæмыг æрæппарынмæ куы фенхъæлмæ кæсы, уыцы рæстæг. Æмæ-иу, цæхæрадæттæ æмæ быдыртæ сагъд куы æрцыдысты, уæд-иу æвзартæй цъæх адардтой.

Адæм-иу уыцы азты уалдзæджы сæ зæрдæ дардтой цыдæр хорздзинад æрцæуынмæ. Хæсты фæстиуджытæ уæззау уаргъæй нæ куымдтой адæмы уæхсчытæй ахауын, æмæ ныфсы ныхасæй кæрæдзийæн зæрдæтæ æвæрдтой. «Мæнæ та «снижени» куы

уа мартъийы мæйы, уæд та нын фенцондæр уыдзæн...»

Æмæ-иу æцæг æрцыд уыцы рæстæг æмæ-иу адæмæн цыдæр тых радта цæрынæн, цардыл æууæндынæн. Бæстæ дæр-иу уыдоны бацис, уымæн æмæ-иу се 'нхъæлмæкаст дзæгъæлы нæ фæцис, фæлæ сын 1953 азы мартъи уæззау уац æрхаста – фæрынчын нæ фæтæг.

Стырæй-чысылæй æндæр кой никæмæуал уыд. Адæм хъуыстой, радио цы радзурдзæн, зæгъгæ, уымæ. Æмæ багомыг сты. Нал сæ æндæвта даргъ зымæджы фæуд æмæ уалдзæджы æрцыд дæр, тæдзынджыты тад æмæ хуры царддæттæг цин.

ГÆДЖЫНОН-ХАБÆТЫ Риммæ

ЗÆРДÆЙЫ ÆВÆРÆНТÆ

РАГБОНТЫ ЦИН

А изæр цъæх арвыл тулы мæй,
Стъалытимæ ‘взонг сабийау хъазы.
Комы армы у мæ хъæу фынæй,
Уый æхсæвдзу уазджытæ нæ уарзы.

Хус кæрдæгыл донбылты цæуын,
Уым кæнын мæ рагуайæнтыл цинтæ.
Уылæнты æз узæлгæ фæрсын:
– Цæй, цы фесты рагуалдзæджы цинтæ?!

Бахудынц мæм стъалытæ фæлмæн,
Исын сæ мæ рагбонты цъæх мондаг.
Ехх, цы зæгъон, азты тых, дæуæн,
Не скæны дæу царды дугъ цъæхдæндаг.

Ныр куы мысын стъалыджын æхсæв,
Мах куыд кодтам ардхæрæн нæ уарзтæн.
Узæлы мыл дидинджыты тæф, –
Рагбонты цин, атъæпп мын уай уастæн!

ЦАРДЫ ЦÆУГÆДОН

Ыскодта фæд мæ царды дон йæхицæн,
Æмæ кæлы, æнæрæнцойæ уайы.
Йæ былгæрон æз дæр лæууын мæхицæн,
Мæ мысинæгты рагбонты хур тайы.

Йæ фаллаг фарс, о, цас диссæгтæ баззад:
Уым дидинтæ кæрæдзийы рæвдыдтой,
Мæнæргъы уым мæ къæхты фæдтыл разад,
Мæ рæзгæ цинтæ уым фæллад нæ зыдтой.

Æвæццæгæн, уым базæронд мæ авдæн,
Фæлæ дзы узынц хъуыдытæ сæхи.
Мæ царды доны фаллаг фарс мæ мадæн
Бæргæ сбуц кæнин абон дæр мæхи.

Фыццаг къахдзæф, фыццаг æмæ фæстаг уарзт,
Чызджы сагъæстæ, зарæг æмæ мæт...
Нæ уынджы-иу мах сарæзтам ирон хъазт,
Æхцон зæлтæй-иу байдзаг и нæ кæрт.

Мæ царды доны фаллаг фарсæй хъуысы
Мæ чындзхонтæн сæ хъал фæндыры цагъд.
Мæ зæрдæ ныр йæ æвæрæнтæ мысы,
Хæссынц æй уыдон царды фурдмæ дард.

Цы ис уæдæ, цы, ацы фарс та гъеныр?
Хъæбулты цин, мæ рох æмгæрттæ, уарзт,
Фæрныг бинонтæ, зарæг æмæ фæндыр,
Фæлæ сæ фарсмæ ‘ хъарæг æмæ маст.

Уæддæр лæууын æз къахыр былыл абон,
Мæ царды донмæ айдæнау кæсын.
Мæ цин, мæ хъарæг ласы кæд мæ хъал дон,
Уæддæр та цардыл зарджытæ фыссын.

2011.29.10

ДЖУСОЙТЫ Майæ

ФЫДЫУÆЗÆГ

Новеллæ

Фыдыуæзæг. Лæууын дæ разы ‘рхæндæг æмæ ‘нкъардæй. Мæ кæуын мæ хъуырмæ схæццæ, фæлæ архайын, цæмæй цæссыг ма ‘ркæла, фæлæ уæддæр рустыл æрлæдæрст.

Фыдыуæзæг... Нæ мæм худыс æмæ мæм нæ дзурыс. Нæ мæ хоныс мидæмæ. Æрмæст д‘ алыварс дæуау æвæндонæй æдзæрæджы ном цы хæдзæрттыл æрбадт, астæумæ хæмпæлгæрдæг цы уынгтæн паддзахиуæг кæны, уыдонмæ сагъæсхуызæй нымдзаст дæ, æмæ уымæй ноджы мæ зæрдæ ныддур.

Фыдыуæзæг... Фæнды мæ бакъахдзæф дæм кæнон æмæ дыл ныттыхсон, цæмæй иумæ нæ кæрæдзийæн нæ зæрдæйы дудгæ хабæрттæ фæкæнæм, фæлæ ме уæнгтæ коммæ нæ кæсынц.

«Ацы хæдзары цард цæджиджинагау куы фыхтис, хæдзары дзаг бинонтæ дзы куы змæлыд, уæд цы ‘рцыд», – ныххостæуыд мæ риумæ.

Ацы хъуыдыйæ мæ мидсагъæстæй фестъæлфыдтæн æмæ ма мæм цы хъарутæ уыдис, уыдон кæрæдзимæ бæндæнау æрбалвæстон, æмæ нæ бинонты къухты хъарм цы дуарыл баззад, уый сындæггай бакодтон æмæ нæ кæрты хæмпæлгæрдæгмæ бакъахдзæф кодтон.

Уыцы уысм мæ сабибонты нывтæ мæ размæ киноныв тау æрбагуылф ластой: Уæртæ нæ сыхæгты сывæллæттæ – Розæ, Анзор, Мери, Вадик, Людмилæимæ портийæ «къенцъал»-æй, куы та дзаумæттæ ауындзæн бæттæны сæрты валейболæй хъазæм. Мæ мад торнейæ тæвд дзултæ скалдта æмæ дзы адджынæн цыхтимæ хæræм. Нæ кæрты дынджыр быркуымæ мæ фыд сæнæфсир дуцы.

Мæ адджын хъуыдытæй мæ фæхицæн кодта зæрватыччы цъыбар-цъыбур. Цыма мын «æгас цу» дзырдта, уыйау мæм фæкасти, æмæ риуы циндзинад бахъыдзы. Стæй мæ къухтæ зыр-зыргæнгæйæ авæрдтон, мæ мады ‘фсымæртæ – Уане æмæ

нын Шота цы дурæй хæдзар самадтой, уый фæрстыл, æмæ мын йæ хъармæй мæ зæрдæ ныццавта.

«Куыд адджын дæ, фыдыуæзæг, куыд фæлмæн! Æрмæстдæр дæ хъæбысы мæхи хатын æцæг уарзон хъæбулæй. Дæ сау дур дæр мын цины хос у, цины», – дзырдтон ын сусæгæй йæ хъусы, йæ дæрзæг фæрстæ йын лæгъзытæгæнгæйæ.

Мæ тыхстæй, нæ цæхæрадонмæ бахизæны цы къомси бæлас ис, уый сыфты сыбар-сыбурмæ æрыхъуыстон æмæ цыма мæ рагон хæлар уыдис, уыйау æм цудтытæгæнгæ бараст дæн. Йæ хæрзад дыргътæй нæ бирæ фæрæвдыдта æмæ йын бузныджы охыл йæ фæлмаст къалиутыл мæ къухтæ æруагътон. Фæлæ æваст фергъиуау дæн, мæ фыд-иу нæ цъыфдзаст цæхæрадоны бæркадджын нартхор кæм æртыдта, уый фæндаджы хуызæнæй куы ауыдтон, уæд. Диссæгтæ! Нæ сæндонæй дæр куы ницыуал аззад! Мæнæ, нæ сыхаг Шопантимæ не ‘хсæн быруйы бæсты цы сындз къутæр ис, уый æнæзылдæй фæдисонау уæлæрвтæм фæцыд æмæ дзы æваст фæтарстæн.

Нæ цæхæрадон цы алыхуызон дыргъбæлæстæй фидыдта – чылауитæй, æхсæртæй, фæткъуытæй, легъуитæй, абрикостæй, балтæй – уыдонæй бирæтыл нал æрхæцыд мæ цæст. Мæнæ ам та тутаты бакомкоммæ, ме ‘фсымæртæ Дзамболат æмæ Ибрагим кæсæгтæн цы æрхгонд скъахтой, уымæй рæстæджы фæлмæй ницыуал аззад. Йæ фарсмæ, цæхæрадоны сæрмæ зивæггæнаг чызгау цы чысыл дон кæлы, уый цур мæ фыд кæддæр цы гæдыбæлæстæ ныссагъта, уыдон уæлæрвтæм фæцыдысты æмæ салдæттау сæрбæрзондæй кæсынц.

Нæ цæхæрадонæй афæлгæсыдтæн быдыртыл дæр æмæ дардæй Арешпераны, Сывылджыны, Къакъалиджыны, стæй бæлццæттыл аудæг æнусон Хошатаны дзуарыл мæ цæст куы ‘рхæцыд, уæд мæ зæрдæмæ хуры цъыртт ныккаст.

Ардæм-иу æрвылаз дзуары бонмæ нæ бинонтæ дæр иннæтау æд кувинæгтæ цыдысты нæхи йыл бафæдзæхсынмæ. Афтæ бакодтон ныр дæр, æмæ мын цыма мæ фæндагæн раарфæ кодта, уыйау мæм фæкаст æмæ, мæ маст ныхъуыргæйæ, фыдыуæзæгæн та хæрзбон загътон æмæ зæрдæрыстæй рараст дæн ме ‘мбæлццæтæм...

ÆРЫГÆТТЫ СФÆЛДЫСТАД

Фарон РЦИ-Аланийы Культурæ æмæ дзыллон бастдзинæдты министрад æмæ Фысджыты цæдис æрыгон литературтæн расидтысты Хъамбердиаты Мысосты номыл конкурс. Конкурс цыди 1-æм апрелæй 15-æм сентябрьмæ. Жюрийы уæнгтæ бæстон равзæрстой 10 авторы уацмыстæ, æмæ поэтты ‘хсæн фыццаг бынат бацахста Аслæмырзаты Дзерассæ, дыккаг – Баситы Зæлинæ, æртыккаг – Бызыккаты Александрæ. Прозаикты уацмыстæй фыццаг æмæ дыккаг бынæтты аккаг нæ разынд. Æртыккаг бынатмæ рацыди Зассеты Ирадæ.

Нæ журналы ацы номыры мыхуыр кæнæм конкурсы архайджытæй цалдæры æмдзæвгæтæ.

АСЛÆМЫРЗАТЫ Дзерассæ

АФТÆ МÆМ КАСТИ

Афтæ мæм касти,
Бахоста дымгæ мæ рудзынг.
Афтæ мæм касти,
Ме ‘рыгон бонтæ нæ судзынц.

Афтæ мæм касти,
Бонтæ мæ фæстæ нæ цæуынц,
Зæрдæ нæ тарсти –
Зæрдæйы бонтæ нæ хъæуынц.

Афтæ мæм касти,
Гом ысты алырдæм дуæрттæ.
Афтæ мæм касти,
Удæн йæ хъару нæ сæтты.

Басыгъд йæ масты,
Зæрдæйы стъæлфæн рæмудзы…
Афтæ мæм касти,
Ме ‘рыгон бонтæ нæ судзынц.

* * *

Цардæн йæ аргъ у иу сом,
Царды дæргъад у бон.
Цардæн йæ тох – æмбисонд,
Алыхуызон – цæсгом.

Алкæцы сулæфт – диссаг,
Уды ныууадзы фæд.
Цардæн йæ цæфтæ – риссаг,
Дурзæрдæ у хъысмæт.

Фæлæ цæрын æмбисыл?
Алы цæфæй тæрсын,
Алы хъынцъымæй риссын...
Афтæ хъæуы цæрын?

«Байхъус-ма, мæ хур, иу дæн», –
Иухатт мын загъта цард.
Аразын æз мæ фидæн,
Царды æнкъарын ад!

* * *

Рæстæг фæцæуы. Акæс.
Иу ран нæ лæууы цард.
Цас рацыд? Дæс? Дыууадæс?
Нал кæнынц азтæ ад.

Азтæ цæуынц... Æз – иунæг...
Уæнгтыл тыхсы фæллад.
Риссы мæ зæрдæ риуы,
Ацыд цыма мæ рад.

Хурæн йæ тын нæ тавы.
Рæстæг нын у æлдар,
Бонтæ мæ цардæй давы,
Зæрдæ йæ митæй – тар.

Уадз æмæ! Нæу уый диссаг. –
Хиуæттæ мемæ уæнт.
Рацыди дæс? Дыууиссæдз?
Дарддæр дæр ма цæуæнт!

БАСИТЫ Зæлинæ

* * *

Нывæн нæй гом къухæй æрцахсæн –
Кæны цъыллинг.
Йæ уддзæф – удцырынау адджын,
Йæ хуыз – зæрин.
Мæ хъысмæт кодта мыл æдзухдæр
Куыдзау хæпп-хæпп.
Мæн артæй пиллонмæ ысхуыста,
Стæй ихыл – тъæпп.
Дæ дурын зæрдæйыл æнцонæй
Мæ ныфс ныммур.
Æз та æнæхинæй хуыдтон дæ
Мæ мæй, мæ хур.
Дæуæй хæстæгдæр æмæ дарддæр
Мæнæн цы ис? –
Æнæрцахсгæ æмæ уыраугæ
Æртуд бæллиц!

2012.01.09

* * *

Дæтты нын уарзт рæвдыд, дæтты нын мæт,
Куы цардамонд хæссы, куы дур йæ роны.
Куы ныл бæрзуисæй ралæууы хъысмæт,
Куы та нæ йемæ бафидауын домы.

Æмбисонд у, зын рахатæн у уарзт:
Йæ базыртыл нæ ахæссы уæларвмæ,
Ыстæй нæ зæхмæ раппары æваст,
Æмæ ныххауæм авддæлдзæхы арфмæ.

2012.29.08

ГÆБУАТЫ Галинæ

ДИДИНÆГ

Рагуалдзæг доны был фæзы
Дидинæг сдардта йæ сæр,
Хъæлдзæг, æнæмæтæй рæзы,
Буц дæн йæ уындæй æз дæр.

Хур ыл зæлдаг тынтæ уафы,
Калы хæрдгæйау тæмæн.
Хъал дымгæ й' алыварс кафы,
Мидбылты худы фæлмæн.

Аивæй рог цæнгтæ тилы,
Рухс у йæ зæрдæ фынтæй.
Заргæ йыл мыдыбындз зилы,
Адджинаг нуазы зыдæй.

Байрæз, цæй, дидинæг, тагъддæр,
Æрдзæн йæ фидыц ды дæ!
Уарзæттæн буцдæр лæварæн
Ракал сырх-сырхид сыфтæ!

ГАБОЛАТЫ Зауырбег

ФÆДЗÆХСТ НÆЛГОЙМÆГТÆН

Сылгоймаджы нымайын у алы раст
адæймаджы хæс дæр æмæ йæ хъуамæ
æххæст кæна йæ райгуырдæй фæстæмæ.
Лопе де Вега

Сылгоймагæн зонут йæ кад,
Сылгоймагыл зарджытæ зарут –
Сылгоймаг у махæн нæ мад.
Уæ зæрдыл уый алкæддæр дарут!

Сылгоймагмæ ма сисут къух! –
Сылгоймæгтæ – махæн нæ хотæ.
Нымайут сæ, уарзут æдзух!
Фæдзæхсут мæ ныхас уæ цотæн.

Сылгоймагæй фидауы цард,
Сылгоймаг нын уарзонад уары.
Сылгоймаг у къонайы арт,
Уый алчидæр хъуамæ æмбара!

2009.12.08

* * *

Цы ис зынаргъдæр хойы хъарм ныхасæй,
Йæ рисæн уд куы нал зона быхсын?..
Фыд уавæры йæм бацæуын æдасæй,
Цæмæй дзырдæй фæсура уый мæ зын.

Мæ уарзаг хойы фурдау арф цæстæнгас
Ыскæны мæн æппынæдзух тыхджын.
Мæ фæлмæн хо, æнус мын у сæрæгас,
Уыдзынæн уæд дæ фарсмæ æз фæрнджын!

2012.18.03

МÆНГ ИРÆТТÆМ

Тымбыл къухæй дæ фæтæн риу ныххойыс,
Æдзух дæхи аланты фырт фæхоныс.
Дæхи цыфæнды хон, фæлæ йæ зон –
Æрмæст æвзагæй нæу бæрæг ирон!..

2008.25.03

ГОДЖЫСАТЫ Æхсар

КÆД МА ДÆ ФÆФÆНДЫ

Цы фæци нæ амонд, кæм фесæфт нæ уарзт,
Кæй фæндæй фæлыгъди, куы ‘рбайсæфт æваст,
Йæ бæсты ныууагъта мæ зæрдæйæн маст, –
Цы ‘взаræм ма, чи уыд нæ дыууæйæ раст?!

Фæсмонтæ æрбахойынц зæрдæйы дуар –
Кæд сафæг æз уыдтæн, уæд мын æй ныббар.
Ды фидæныл бауурæнд, ды амондыл зар,
Нæ хуыздæр изæртæ дæ зæрдæйы дар!

Кæд ма дæ фæфæнды «дæу уарзын» зæгъын,
Кæд ма дæ фæфæнды мæ размæ цæуын,
Кæд ма дæ фæфæнды мæ фæдыл кæсын,
Уæд бауурæнд – æз дæр дæм фыццагау бæллын...

2012.29.02

ТОМАЙТЫ Къоста

Дзæуджыхъæуы 43-æм скъолайы
10-æм къласы ахуырдзау

КЪОСТАЙÆН

Дæ Иры бæллæхтыл
Ды цас кодтай хъыг!
Ныууагътай фæлтæртæн
Æнæдур мæсыг.

Нæмыг дзы нæ хизы,
Нæ судзы зынгæй.
Уый дон дæр нæ ласы,
Мæлæт ын куы нæй.

Фæлтæрты зæрдæты
Ыссыгътай ды арт.
Цæрдзæнис æнусты
Дæ намыс, дæ кад.

ХОРЗЫ АЛЧИДÆР УАРЗЫ

ТМЕНАТЫ Дзерассæ

ИРÆН АМОНДЫ ХОС ДÆ...

Адæймагæн хорзы ном кæрæйкæронмæ ахæссын стыр хæс у. Æмæ Цомайты Уырысханы чызг Мария уыцы хæс йæ тæнтъихæг уæхсчытыл ахаста кадимæ. Йæ уæздандзинад, йæ хæрзæгъдауы тыххæй у нымад йæ сыхæгты æмæ йæ чи зоны, уыдоны ‘хсæн.

Мария райгуырди 1919 азы змæст рæстæджы Алагиры. Йæ сабибонтæ уым цыдысты. Йæ хистæр хо скъоламæ куы бацыд, уæд уый дæр иунæгæй хæдзары бадын нæ фæндыд æмæ йемæ фæраст, фæлæ йæ ахуыргæнæг фæстæмæ раздæхта, нырма, дам дын раджы у. Чызг хæкъуырццæй кæугæ цыд сæхимæ, æмæ йæ сæ сыхаг Гатеты Инал куы федта, уæд ахуыргæнæг Битарты Евдженмæ бацыд, цæмæй йæ райса скъоламæ. «Ахуыры тыххæй афтæ чи кæуы, уый æвзæр скъоладзау хъуамæ ма уа». Уыйадыл Мария скъоладзау сси. Авд къласы йеддæмæ нæ уыд Алагиры, æмæ Мария иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци скъола. Цингæнгæ сæхимæ уад йе ‘мбæлттимæ. Уыцы заман Дзæуджыхъæуæй Алагирмæ цыди поезд. Иу изæр Мария йе ‘мбал чызгимæ куыд фæцæйцыдысты, афтæ вагонæй рахизæг бæлццæттæй иу, æнæзонгæ сылгоймаг, афарста, æххæстком кæм и, зæгъгæ. Æххæсткоммæ йæ бахæццæ кодта Мария, фæлæ уым ничиуал уыд – кусгæ бон фæци. Сылгоймаг катайы бацыд, æнафоны ма кæдæм фæцæуон, зæгъгæ. Фæлæ йæ Мария сабыр кодта, махмæ баззай райсоммæ, зæгъгæ.

– Æмæ дæ ныййарджыты фæндон куы нæ зоныс, уæд куыд?

– Уыдон дæр разы уыдзысты, æппындæр ма мæт кæн. Марияйы ныйййарджытæ сбуц кодтой æнæнхъæлæджы уазæджы.

Сылгоймаг æхсæвæры фæстæ радзырдта, йæ цыды сæр кæй у ахуырдзауты медицинон техникуммæ самидин кæнын. Куыд рабæрæг, афтæмæй куыста техникумы партион къорды разамонæгæй, ноджы уыд комендант дæр. Йæ ныхасы кæрон Ясневская (афтæ уыд йæ мыггаг) йе ‘ргом разылдта Мариямæ æмæ йæ афарста:

– Æмæ дæу нæ фæндид медицинон хо, йе та фелсыр суæвын?

Мария уæдмæ авд къласы куыд фæци, уымæ гæсгæ разыйы дзуапп радта. Æмæ æцæг йе ‘мбал Ундиадзе Таняимæ бацыд ахуырмæ медицинон техникуммæ. Цард æмдзæрæны.

1937 азы иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци техникум æмæ хистæр ахуыргæнджыты уынаффæмæ гæсгæ æрвыст æрцыд Махачкалайы медицинон институтмæ. Уырдæм æй фæласта сæ сыхаг лæг Хъæрджынты Георги. Йæ гæххæттытæм гæсгæ Марияйæн бар уыд æнæ фæлварæнтæй институтмæ бацæуынæн, уæддæр сæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ радта æмæ сси студенткæ. Ахуыр та кодта хирурджы дæсныйадыл. Фæлæ куыддæр институт каст фæци, афтæ райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Æмæ æнæнхъæлæджы, диплом дæр нæма райста, афтæ райдыдтой Марияйы хæстон фæндæгтæ. Куыста санитарон поезды. Цæфтæ, уæззау цæфтæ... Ластой сæ хæсты быдырæй, хæст кæм нæ уыд, ахæм горæттæм: Ростовмæ, Алма-Атамæ, Семипалатинскмæ. Æдасæй кæм цыдысты фæндæгтыл. Знаг сыл бомбæтæ згъæлста уæлдæфæй.

Цæф салдæтты тухитæ, хъизæмæрттæм кæсгæйæ-иу æрыгон чызджы зæрдæ суынгæг, сусæгæй-иу кæугæ дæр акодта, фæлæ та-иу йæхицæн ныфсытæ авæргæйæ, балæууыди сæ уæлхъус.

1942 азы знаг схæццæ Ирыстонмæ. Фашисттæ бырстой Грозна æмæ Бакуйы нефты гуырæнтæм. Цыдысты уæззау хæстытæ. Æфсæддон разамынды уынаффæмæ гæсгæ Цомианы рарвыстой, Красноводскы цы госпиталь уыд, уырдæм. Стæй та Орджоникидзейы госпитальмæ. Уыцы ран уыдысты æфсæддон разамынды уæззау цæфтæ. Мария операци кодта синты, къæхты хъæдгæмттæ, сæстытæ, цæфтæн.

– Æнахуыр рынчынтæ уыдысты, бацæуæн сæм нæ уыд, – мысы Мария, – мæстыгæр, сæ нервытæ фехæлдысты. Дæ цæстытыл ауайын кæн: бæрзонд, хæрзконд, зноны рæсугъд уæнгджын læппу

ныр æнæ къах, æнæ дыууæ къахы. Сæ бæллицтæ доны къус акалæгау фесты. Сæ æдыхдзинады тыххæй дохтыртыл хъæртæ, бустæ кодтой, сæхиуыл сæ къух сисынæй дæр сын тас уыд. Фæлæ æргом зæгъын хъæуы, мæнмæ дзы никуы ничи сдзырдта тызмæгæй. Уый нæ, фæлæ ма мын лæвар кодтой сæхи конд нывтæ, фыстой мын æмдзæвгæтæ дæр.

Æвæццæгæн-иу сын фæндаг ссардта сæ тыппыр, мæстæйдзаг зæрдæтæм, æмæ йын уымæн кодтой уæлдай аргъ. Йæ къухы бавнæлд уыд æвдадзы хос. Уыцы миниуджытæ йын бафиппайдта Уазиты Увыдзыхъо дæр, æмæ 1943 азы баиу кодтой сæ цард.

Не ‘фсæддонтæй бирæтæ сæ цард радтой, фæлæ знаджы Дзæуджыхъæумæ нæ бауагътой – райдыдтой йæ сурын. Хæст кæм цыд, уырдыгæй цæфты ластой Дзæуджыхъæумæ. Уæд 1620-æм госпиталь уыди хæххон-металлургон техникумы бæстыхайы. Йæ хицау та – Едзеты Андрей. Едзейы-фырт йæхæдæг, йæ дохтыртæ Хъалæгаты Мæирхан, Дзиуаты Райæ, Уазиты Мария æмæ иннæтæн улæфты рæстæг нæ уыд. Цомайты-Уазиты хирург иу иннæйы фæстæ операцитæ кодта.

– Иу операцийæ иннæ уыд уæззаудæр. Къæхтæ-иу сæ дыздызæй не ‘нцадысты. Фыр фæлладæй-иу куы æррæдзæ-мæдзæ кодтон, уæддæр-иу мæ фыны федтон рынчын æфсæддонты, – мысы медицинон службæйы хистæр лейтенант.

Ацы госпитальмæ æрбахауди фыссæг Цæгæраты Максим дæр. 1944 азы 15-æм майы уый Марияйæн ныффыста æмдзæвгæ: «Мæ хомæ».

Фæлмæндзырд адæймаг йе ‘нæхиндзинадæй æлхæдта æрмæст рынчынты нæ, фæлæ йæ алфамблай-иу чи уыд, уыцы адæмы зæрдæтæ. Афтæ арæхстджын æвнæлд кодта, æмæ иууылдæр æнхъæл уыдысты, цыма бирæ рæстæг кусы хирургæй. Фæлæ-иу æцæгдзинад куы базыдтой, уæд-иу дисы бацыдысты.

Уыцы миниуджытæ йын раиртæста Цæгат Ирыстоны медицинон институты кафедрæйы сæргълæууæг Полиектов, госпиталы йемæ кусгæйæ, æмæ хæст куы фæци, уæд æй йæ кафедрæмæ кусынмæ бахуыдта. Æмæ та ам дæр – хуыздæртимæ. Æмæ та институты газет «Медик»-ы йæ хорз хъуыддæгты кой. Зын зæгъæн у, цал æмæ цал дохтыры бацæттæ кодта Мария.

Тынг разы дзы сты йе ‘мкусджытæ дæр. Хорз æмбал, æнæсайд адæймаг... Марияйы номыл цæуы бирæ арфæйы фыстæджытæ

Уæрæсейы алы къуымтæй, – афтæ фыссы госпиталы хирургийы кафедрæйы уæды ассистент Баллаты Аслан.

1980 азы Цомайты-Уазиты Мария сси пенсионеркæ. Æмæ Уæлахизы бæрæгбон куы æрцæуы, уæд арф æвæрæнæй райсы йæ хæрзиуджытæ æмæ сæ бакæны йæ риуыл. Фыдыбæстæйы хæсты II къæпхæны орден, 8 майданы. Ис æм Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советы Президиумы Кады грамотæ, хæссы кадджын ном «Отличник здравоохранения». Мария къорд хатты архайдта Уæрæсейы хирургты конференциты. Ис æм наукон куыстытæ.

Уазиты Марияйæн стыр кад ис йæ сыхбæсты дæр. Бирæ йæ уарзынц хистæрæй-кæстæрæй. Мæнмæ гæсгæ йыл хорз фидауынц Цæгæраты Максимы ныхæстæ:

Нæ Ирæн амонды хос дæ
Æмæ нын бирæ цæр!

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

САНАТЫ УАРИ

(1884–1968)

Ирон аив дзырды дæсны, фыссæг-таурæгъгæнæг Санаты Умары фырт Уари райгуырди 1884 азы Бруты хъæуы. Астаздзыдæй йæ радтой Стъараполы гимназмæ, фæлæ дзы ‘рмæст æхсæзæм къласмæ фæцахуыр кодта: йæ фыд фæзиан, æмæ Уари сыздæхт йæ райгуырæн уæзæгмæ.

Æвзонг лæппуйы кары ма уыд, афтæмæй хæдзардарæг сси. Йе стыр мыггаг дæр ын ныфсы хос уыдысты.

Æвæццæгæн, йе ‘намондæн уыд, цуаны цæуыныл кæй фæцалх, уый: 1924 азы æнæнхъæлæджы йæ къухты топп схæцыд, æмæ Уари саугуырм баци. Фæлæ та ацы хатт дæр лæджыхъæдджын разынд, цардыл йæ къух нæ ауыгъта – бацыд куырмытæ æмæ къуыттыты Æхсæнадмæ æмæ дзы хъазуатонæй куыста.

Фæстæдæр сæ бинонтæ ралыгъдысты Хъобанмæ. Ам сси ногдзауты дыууæ лагеры комендант. Рагæй фæстæмæ дæр зæрдæргъæвд уыд фыдæлтыккон кадджытæ, таурæгътæ æмæ аргъæуттæм хъусынмæ, банкъардта æмæ бауарзта ирон алæмæты дзырды ад. Æмæ 1926 азы йе ‘ргом аздæхта литературон сфæлдыстадмæ. Йæ хуыздæр уацмысты бындур системы хъобайнаг хъайтарты тыххæй таурæгътæ – Тлаттаты Чермен æмæ Алыккаты Бæтæйы фырттæ Будзи æмæ Аслæнбегыл.

Уари йæ цардæй ахицæн 1968 аз 15 сентябры.

Йæ уацмысты æххæстдæр æмбырдгонд у чиныг «Фыдæлты таурæгътæ» – 1984 азы рауагъд.

БÆТÆЙЫ ФЫРТТÆ

Хъобан. Раджы заман...

Уæд ма Дайраны нарæг Слонаты къухы уыди суанг Сæнамæ. Бирæ адæм цыдысты ууылты Фæскавказмæ, стæй Фæскавказæй ацырдæм. Тæгиатæ алы бæлццонæй дæр истой Арвыкомы фæндагыл цæуæггаг. Уыцы цæуæггаг хуындис илци-хай.

Уæды заманы Иры фылдæр хай цардысты Хъобангомæй мидæмæ – Санибагомы, Дæргъæвсгомы. Тæгиатæ-иу мыггагæн лæгæй æрцыдысты Хъобанмæ æмæ-иу уым тæрхон кæнын байдыдтой фæндаггæттæй илци-хай исыны æгъдауыл. Сæппæрстой-иу хæлттæ, æмæ-иу кæй хал схаудта, уый-иу æхсæз мæйы дæргъы уыдис Арвыкомы фæндаджы хицау, – илци-хай исæг. Æгъдаумæ гæсгæ-иу уыцы æвзæрст лæг адæмы æхсæн бахордта ард, фæндаггæттæй цы мулк æрæмбырд кæна, уымæй суари дæр кæй нæ бааууон кæндзæн, уый тыххæй.

Иу æмбырды схаудта Мамсыраты Дудайы хал. Уый уыдис æнæцæстуарзон, фыдцъылыз, дæлæмæдзыд, хин æмæ кæлæнтæйдзаг адæймаг. Искæй зæрдæ фæриссын кæнын, искæй масты баппарын, искæй зиантæм кæсын – уыдон уыдысты йе стырдæр æхсызгондзинад зæххон царды. Æмæ Дуда сси Арвыкомы фæндагыл хицау.

Раст йе ‘хсæз мæйы куы ахицæн сты, уæд Дайраны нарæгæй рахизæны, Æркъайы фæзы æрæмбырд сты бирæ адæм. Фæндаджы галиуварс джихæй лæууыди цардахъсæр агъуыст, сыджытæй æмбæрзт чысыл ныллæг хæдзар, фæндаджырдæм ын дыууæ рудзынджы. Агъуысты фале сагъд уыди ставд тулдзæй бæхбæттæн, æмæ йæ уæлæ бирæ бæхтæ æфтыд. Уыдонæй Терчырдæмдæр та арф кæрдæджы хызтысты хæрзæлвæст, хæрзхаст æндæр бæхтæ саргъæвæрдæй, сæ уæлæ сахсæнтæ.

Агъуысты цур дыууæрдæм рацу-бацу кодтой гæрзифтонг лæгтæ. Сæ уæлæ уыдис цыбырдыс, уæрæх цухъхъатæ, сæ бæрцагъуд-тæй зындысты бæрзонд бæрцыты сæртæ æмæ хуры тынтæм æрттывдтытæ калдтой. Сæ зæнгтыл – байрагдзармæй аив хуыд зæнгæйттæ, сæ астæутыл – урсфистонджын фæринк кæрдтæ, сæ уæхсчытыл – хъыримаг топпытæ, зыгъарæг агъудты мидæг. Сæ фæрстыл дæлиау æруагътой прангаг[1] дамбацатæ æмæ амадан сæракæй

[1] Прангаг – франкаг, ома францаг.

цырыхъхъытæ. Иутæ дзы уыдысты гæзæмæ милрихи лæппулæгтæ, иннæтæн сæ зачъетæ хæццæ кодтой сæ ронбастмæ. Иу зæронд лæгæн йæ къухы уыди хуыйысæр фæндыр, афтæмæй бадти чысыл къодахыл æмæ цагъта сандрахъ.[1] Адæмæй бирæтæ ныххæцыдысты дæларм-уæларм кæрæдзийы цæнгтыл æмæ, сæ къахы фындзтæй лыстæг хуыртæ иуварс æппаргæйæ, самадтой диссаджы симд.

Иннæ къорд бацыдысты симджыты размæ сæ хъал бæхтыл æмæ сæ цæхæр цæстытæй æдзынæг кастысты, Æркъайы фæзы цы цин абузыди, уымæ. Уыдон æнгом æлхъывтой идæттæ æмæ бæхтæ дæр згъæллаггæмттæ æууилгæ сæ сæртæ бæрзонд дардтой. Барджытæн сæ фæсарцты уыдис рæсугъд абадзехаг нымæттæ баст. Думæдан хæрдгæйæ[2] хуыд хъусбæстæ та цæхæртæ калдтой сæ риутæй.

Симды кæронæй рацæуынц адæм. Барджыты раз зæххыл æрæппарынц æвзист æхца, æмæ йæ барджытæ тæхгæ-тæхын акъуырынц топпæй.

Иуныхасæй, ахæм цин никуыма федта Æркъайы фæз уæдæй размæ. Фæндаггæттæ-иу ныллæууыдысты æмæ-иу кæсынтæ систой уыцы уæйыг фæсивæдмæ, бирæ-иу фæдис кодтой сæ арæхст змæлдыл, стæй-иу дарддæр кодтой сæ фæндаджы кой...

Афон уыдис илци-хай уарын райдайынæн, фæлæ Алыккаты хистæр Ахбол нæма зынди, æмæ уымæ æнхъæлмæ кастысты адæм.

Хур акъул и ныгуылæнырдæм. Райхæлд симд. Банцади бæхтыл хъазт дæр. Адæмæй иутæ мæсты кæнын райдыдтой. Уæд Дуда афтæ зæгъы:

– Уæдæ кæм уа ныронг Ахбол? Цæмæн нæ уыйбæрц фæстиат кæны? Хъуыстгонд ын куы уыдис хабар. Æгъгъæд у æнхъæлмæ кæсын! Кæд æй фæндыд, уæд ныронг ам цæуылнæ ис?

– Хорз уыдаид, чысыл ма куы багæдзæ кодтаиккам, уæд. Ахбол не ‘ппæтæй хистæр у, æмæ хистæры тыххæй фæриссын æгад нæ уыдзæн, – загъта хæрзконд зæронд лæг Зауырбег.

Уæд Дуда афтæ зæгъы:

– Мæнæ хорз адæм, Алыккатæн æнæ сæхи дæр сæ хай бакæндзыстæм. Райдыдтам уарын.

---

[1] Сандрахъ — дыгурон кафты цагъд.

[2] Думæдан хæрдгæ — бæхы саргъыл, басылыхътыл æмæ æндæр дзаумæттыл нывæфтыдтæ.

Адæм сразы сты æмæ æнгом æрбалæууыдысты Дудайы алыварс. Зауырбег æрбацыд адæмы ‘хсæнмæ. Дудайы къухæй иста хъуымацы тынтæ æмæ сæ æмбырды астæумæ иугай æппæрста, хъæрæй сын дзырдта сæ нæмттæ, афтæмæй.

– Мæнæ уый хъармандур. Ай та уын глази. Мæнæ уый та – мычъыртан. Ай та – хæйрæджы цъар. Ай та – цикъæ. Мæнæ уын уый та – кæрдæн. Уый та уын къупец кæлмæрзæн. Мæнæ уый та – хыз. Адон та уын – хæтæлæй фыст сæрбæттæнтæ. Мæнæ уын уыдон та – сæрæктæ. Кæсут дзæбæх. Мæнæ уын иу дæстаг сæрак, мæнæ уый та – амадан сæрак, мæнæ адон та – гоггæ сæрæктæ, ноджыдæр ма уын цырыхъхъытæ, – загъта Дуда, цырыхъхъытæ ехсы бырынкъæй иуварс аппаргæйæ, стæй та ногæй райдыдта: – Мæнæ адон та, æхцайæ цы æрæмбырд, уыдон – дæс туманы æмæ фондз сомы.

Хъуымæцтæ, сæрæктæ æмæ дзаумæттæ иуварсырдæм æппæрст куы фесты, уæд Дуда йе ‘ргом раздæхта адæмырдæм, хъавгæ адаудта йæ зачъейы кæрæттæ æмæ загъта:

– Мæнæ адæм, Хуыцауы æхсар мæ æрæййафæд, комдзоджы номæй мæм фæдзырдæуæд, кæд дзы æз иу денускайы бæрны дæр бацыдтæн.

– Цæмæн зæгъыс, Дуда, уымæй дыл нæй гуырысхо æппындæр, – схор-хор кодтой адæм. – Хорз уыдаид, Ахбол ма ам куы уыдаид, уæд, – сдзырдта Зауырбег.

– Дыууæ боны йæм æнхъæлмæ кæсæм Ахболмæ: уый иу у, мах та бирæ стæм, – йæхи нал баурæдта Дуда.

– Бар уæхи. Æз дæр уæ ныхмæ æрлæууинаг нæ дæн, – загъта Зауырбег, стæй бафарста: – Кæмæ куыд кæсы, куыд сæ хъуамæ байуарæм?

– Адихтæ сæ кæнут хæдзаргай æмæ сыл хæлттæ сæппарут. Афтæ æнæзæрдæхутдæр уыдзæн, – райхъуысти кæйдæр хъæлæс.

Æвзæрст лæгтæ уайтагъд фæхицæнтæ кодтой дзаумæттæ æмæ райдыдтой хæлттæ ‘ппарын. Йæ хал кæмæн куыд хаудта, афтæ цыди адæмы ‘хсæнмæ æмæ йæ хай иста æнæ хъуыр-хъуырæй æмæ-иу ралæууыдис иуварс.

Илци-хай уæрст куы фæци, уæд адæм рараст кæнынмæ хъавыдысты Æркъайы фæзæй. Фæсивæд сæ хистæртæн тагъд скъæфтой сæ бæхтæ æмæ сын лæвæрдтой æгъдау. Раст уыцы рæстæджы æрбахæццæ Ахбол дæр йæ кæстæр Аслæнбегимæ. Адæмæн салам ратгæйæ Ахбол йе ‘ргом аздæхта Дудайырдæм æмæ сдзырдта:

– Дуда, банхъæлмæ кæсын ма дæ хъуыдис махмæ.

– Дыууæ боны дæм фенхъæлмæ кастыстæм: ды иу дæ, мах та бирæ стæм, – сбустæ кодта Дуда.

– Уæ гормон, æмæ мыл бустæ та цы кæныс, куыд хъæрæй мæм дзурыс, исты дæ сывæллон дæн æмæ мæ дæс мæйы дæ гуыбыны фæхастай? – бауайдзæф кодта Ахбол.

– Æмæ мын ды исты паддзах дæ, цæмæн дæм хъуамæ æнхъæлмæ кæсон? – ерысæй сдзырдта Дуда.

Уыцы ныхæстæм Ахбол йæ бæх базылдта Дудайырдæм:

– Паддзах нæ дæн, фæлæ дæ разы кæстæртæ ис, æмæ уыдоны цур хистæрмæ тызмæг ма дзур, науæд дæуау æнæгъдау ахуыр кæнынц! – загъта Ахбол æмæ йæ ехсы бырынкъ бахаста Дудайы цæстмæ.

Дуда сонт риуыгъд æрбакодта йæ бæхы рохтæ æмæ ехсæй æрцавта Ахболы, ды ехс кæй цæстмæ хæссыс, зæгъгæ.

Аслæнбег иуварс лæууыдис æмæ исдуг æнцад касти, цы ‘рцæудзæн, уымæ, фæлæ Дуда æгæр-æгæр куы кодта, Ахболы йæ ехсæй дыккаг цæф куы ‘ркодта, уæд йæхи нал баурæдта, йæ бæх фæзылдта Дудамæ æмæ йæ бæхы риуæй иуварс ассыдта, ды ехсæй кæй хистæры цæвыс, зæгъгæ.

Дуда фæдзой кодта саргъæй æмæ мæнæуы куырисау æрхаудта зæхмæ. Адæм æддæг-мидæг ауадысты. Чи кæмæ лæбурдта, уый бæрæг нал уыдис. Уæд Дуда тугæйдзаг цæсгомимæ дурыл алæууыдис æмæ йæ дзыхы дзаг фæхъæр кодта:

– Мæнæ адæм! Уæ хорзæхæй, хъаугъа ма кæнут. Алыккатимæ кард æмæ топпæй хæцгæ нæу! Уыдоны мыггаг хох у, æмæ йæ цæмæй сæттын хъæуы, уый æз хорз зонын!.. Уæ хорзæхæй, хъаугъа ма кæнут!..

Адæм фæхъус сты. Алчи йæ бæхыл сбадти æмæ рацыдысты. Æркъайы фæз ногæй ныссабыр ис. Æрмæст ма хъуысти Терчы бын дурты гыбар-гыбур æмæ бæлæстыл мæргъты цъыбар-цъыбур.

* * *

Бонтæ цыдысты, рæстæг ивгъуыдта. Æркъайы фæзы цы чысыл цау æрцыд, уый цыма ферох ис. Фæлæ алкæмæй нæ – уыцы бон Дудайы зæрдæйы ныххаудта дойнаг дурау. Æдзухдæр йæхинымæр хъуыды кодта, Аслæнбег æй адæмы æхсæн кæй бафхæрдта, ууыл, æмæ йæ маст исты хуызы райсынæн агуырдта фадæттæ.

Дудайæн йе ‘фхæрд æргомæй райсын йæ къухы цас не ‘фтыд, уыйас йæ риуы тынгдæр æнхъызти маст, æмæ йæ уыцы маст æфтыдта хин æмæ фыдракæндыл. Æхсарæй цас лæмæгъ уыдис, уыйбæрц тыхджындæр уыд хинæй, æвзагæй фыдбылыз саразынмæ.

Иубон йæ хæдзары раз ныллæг хъæдын бадæныл бадти, йæ къухтæ сбыцæу кодта йæ роцъомæ, æмæ йæ йæ хъуыдытæ ахастой Æркъайы фæзмæ. Цæстытыл ауадысты Цæлоны фырт Аслæнбеджы бæхы риуыгъд, Ахболы ехсы фындз йæ цæстыты раз, йæ бæхæй æрхауд, йæ уадултыл туджы æрхæмттæ...

«Мæ раны æндæр нал слæууыдаид йæ къæхтыл, нал рацыдаид адæмы ‘хсæнмæ, – хъуыды кодта Дуда, – фæлæ та æз слæууыдтæн, рацыдтæн та адæмы ‘хсæнмæ дæр. Афтæ фæзæгъынц: де знагимæ ныхæй-ныхмæ æрлæууыдтæ, – йе йæ ды амар, йе та дæ хъуамæ уый амара! Уый нæм баззад æгъдауæн, уæздандзинадæн, фæлæ цæй уæздандзинад у уый? Нæ, уый æррадзинад у. Архай æвзагæй, сусæгæй, худ разæй де знæгтæм дæ мидбылты, фæсте та сын се счъилты нуæрттæ уадз. Гъе уый у лæгдзинад! Æмæ уымæн мæнмæ ис хотых: ме ‘взаг. Нывонд кæнын мæ чызджы дæр, разы кæнын Ахболимæ бафидауыныл дæр. Цорæ куры мæ чызджы. Раттинаг ын æй нæ уыдтæн. Ныр ын æй дæттын. Уый фæрцы мын бантысдзæн Алыккатæй мæ маст райсын...»

Ахæм хъуыдытæ кæрæдзийы фæдыл, иу иннæйы ивгæ, цыдысты Дудайы сæрымагъзы. «Цы хин, цы кæлæн, цы æбуалгъдæр ми æрхъуыды кæнон Аслæнбегæн?» – уыцы хъуыдытæ йын судзинтæ тъыстой йæ сæрымагъзы.

Иуахæмы та Дуда хъуыдыгæнгæ бадти сæ кæрты. Раст уыцы рæстæджы йæ дуармæ æрхызти æртæ барæджы. Сæ бæхтæ афтыдтой бæхбæттæныл, адзæбæхтæ кодтой сæ цухъхъаты æнцъылдтæ æмæ, кæмæн куыд æмбæлди, афтæ, кæрæдзийы фæдыл бараст сты Дудайырдæм. Уыдон уыдысты Ахберд, Зауырбег æмæ Агуыбечыр – æрцыдысты Дудамæ курæг Алыккатимæ бафидауыны тыххæй.

Урсзачъе Ахберд Дудайы джихæй бадгæ куы ауыдта, уæд æм худæнбылæй сдзырдта:

– Фарн дæ хъуыдыты, Дуда!

Дуда фестади йæ бынатæй, йæ цæсгом æнæбары фæрухс кодта æмæ салам радта Ахбердитæн, стæй сæ уазæгдонмæ бахуыдта.

Кæрæдзийы хабæрттæй афарстой, стæй рахызтысты хъуыддаджы ныхасмæ.

– Дуда, – дзырдта Ахберд, – лæг куы райгуыры, уæд цæры йе ‘фсармы тыххæй, мæлгæ дæр акæны уый тыххæй, хатыр дæр кæны уый тыххæй. Мах æрбацыдыстæм дæумæ хатыр курæг...

– Цæмæн уый зæгъыс, Ахберд? Цæй амонджын уаин æз, сымах дзæбæх суазæг кæнын куы бафæразин, уæд!

– Бузныг, Дуда, уый тыххæй. Ды мæ кæстæр дæ. Мæ зæрдæ дыл дарын, нæ цыдæн нын аргъ кæй скæндзынæ, уымæй. Алыккатимæ ныхас кодтам, æмæ уыдон разы сты фидауыныл. Махæн дæр нæхиуæттæ стут, æмæ не ‘хсæн кæрæдзимæ хæрамæй цæрат, уый нæм раст нæ кæсы. Кæд ды дæхи æфхæрдыл банымадтай, уæддæр Алыккатæ дæр къаддæр æфхæрд нæ баййæфтой: сæ хистæр Ахболы сын ехсæй ныццавтай. Ехсы цæф æмæ карды цæф та иу сты...

Дуда исдугмæ ницы дзырдта: йæхи мидæг разы уыдис бафидауыныл, фæлæ ма уæддæр йæхи буц кæнынæн загъта:

– Æз иттæг зæрдиагæй хъусын уæ ныхасмæ, Ахберд, фæлæ мын чысыл маст нæ уыди: цы ‘гъдауыл мын бахаста мæ цæстмæ йæ ехсы фындз? Ахболæй уыйбæрц цæмæй фæивар дæн? Сæ хуыцауы хъалæй мæ бафхæрдтой.

– Истытæ дзы куы нæ уаид, уæд, æвæццæгæн, мах дæр ам нæ уаиккам, Дуда. Фæлæ ацы хъуыддаджы уæ иу зылындæр у, иннæ та, æвæццæгæн, растдæр у. Уе ‘хсæн ис къардиу æмæ хъуамæ, Дуда, йæ сæрты арæзт æрцæуа хид, уæрæх хид. Уыцы хидæн йæ уромæнтæ сты нæ фыдæлты ‘гъдæуттæ, йæ фæйнæджытæ та – æфсарм. Лæгæн ма, йæ дарæг – йæ уромæг искæй къухæй мард куы фæвæййы, уæд ын адæмы ‘фсарм суанг йæ тудджыны дæр ныхъхъæбыс кæнын кæны! Уый дæм æнцон кæсы? Нæ, уый æнцон нæу, фæлæ уыдæттæ кæныныл æгъдау æмæ дзыллæйы ‘фсарм æфтауынц адæймаджы.

Дуда бадтис æнцад æмæ сыбыртт дæр не скодта фидауынгæнджыты ныхмæ. Æрæджиау афтæ зæгъы:

– Разы дæн, нæ фæразын уæ ныхмæ дзурын. Хорз хылæй æвзæр фидыд хуыздæр у, зæгъгæ, акæнынц, гъемæ фидыдыл ахицæн уæд нæ хъуыддаг.

Фидауынгæнджытæ Дудайы хæдзарæй рацыдысты иттæг хъæлдзæгæй.

Фæлæ Дуда æндæр фæндтæ кодта.

Иу хуыцаубоны сæумæрайсом Дæллаг Хъобаны стыр ныхасы æрæмбырд сты хъæубæсты фæсивæд. Æрæгвæззæг уыди, адæм сæ фæллой бафснайдтой æмæ сæ рæстæг хъæлдзæгæй æрвыстой. Арæх уыдысты чындзæхсæвтæ, куывдтæ. Фæсивæд цин кодтой кæрæдзийы циныл, усгуртæй алчидæр тырныдта хуыздæр чындзæхсæв саразын æмæ хъæубæсты рæдаудæрæй бахынцынмæ, йæхицæн фылдæр кад скæнынмæ.

Цорæ уыцы бон æнæвдæлон уыд æмæ ныхасмæ дæр нæ ракаст. Иннæ бонты хуызæн хæснагыл йæ хъыримагæй нысанмæ не ‘хста, йæ сауфистон фæринк хъамайы комыл не ‘вæрдта æрдутæ æмæ сæ фу кæнгæйæ нæ лыг кодта. Фæлæ уæддæр фæсивæды æхсæн цæмæндæр рауад йæ кой.

– Йæ ног усы цурæй йæ йæ къах нал хæссы. Цорæйы, – дзырдтой иутæ.

– Ахæм Дзылаты рæсугъды йын балæвар кодта Дуда, – хъазыдысты иннæтæ.

– Цорæ, мæ хур, кадыл мæлæг адæймаг у, кæд хиуарзон у, уæддæр. Федтат, цы чындзæхсæв сарæзта!

– Нæ зонын, фæлæ а фæстаг заманты йæхи куыддæр иппæрд дарын райдыдта, Бæтæйы фырттæм рагæй дæр рæстзæрдæ нæу, фæлæ Дудайы сиахс куы баци, уæдæй фæстæмæ сæ цыма нымайгæ дæр нал кæны, йæхи афтæ дары, – ахæм ныхæстæ кодтой фæсивæд ныхасы. Фæстагмæ чидæр сдзырдта:

– Абон Дуда йæ ног хæстæджытæм хуынды уыдзæн. Фæкæсын нæ хъæудзæни уазджытæм, фæсивæд.

Æмæ уыцы бон, æцæгдæр, Бæтæйы æфсымæры фырты хæдзары уыди стыр циндзинад. Цорæ кадджын хуынд æркодта Дудайы. Стыр хæрдзтæ скæныныл нæ бацауæрста. Алыккатырдыгæй хуынды уыдысты æмæ уазджытæн æгъдау лæвæрдтой мыггаджы хистæртæ Сырхау, Беслæн, Тæтæрхъан, Сæхуыг æмæ иннæ разагъды лæгтæ.

Суанг фæсахсæвæртæм гаджидау гаджидауы фæдыл цыдис хистæрæй кæстæртæм. Буц уыди Дуда, Алыккатæ йын ахæм стыр кад кæй кодтой, уымæй. Райхæлди йæ мæлгъæвзаг, æмæ уый дæр йæ рады нæ ауæрста Алыккатæн хуыздæр раарфæ кæныныл.

– Æнæкæрон рæвдыд дæн æз, мæ хæстæджытæ, сымахæй, – сау бæгæныйы стыр кæхцыл йæ дыууæ къухæй хæцгæйæ дзырдта

Дуда, – уæ цин, уе ‘ууæнк, уæ уæздандзинæдтæ дунейы къардиуты цæугæ дæр нæ бакæндзысты. Сымахимæ хæстæг куы кодтон, уæд æнхъæл цы уыдтæн, уый ныр мæ цæстæй уынын. Уымæ гæсгæ, Сырхау, æз арфæ кæнын дæуæн, стæй дæ кæстæртæн дæр.

– Бузныг, Дуда. Куыд æмбæлы, дæу афтæ бабуц кæнын махæн нæ хъару уæвгæ дæр нæу, фæлæ нæм ис зæрдæ, æууæнк. Æмæ уыдон дæ разы кæддæриддæр æнæцудгæ лæудзысты.

– Арфæ уын кæнын, исын уын мæ худ дæр. Æууæнк æмæ зæрдæ – уыдон æнæкæрон бирæ лæвæрттæ, зынаргъ хæзнатæ сты, æмæ сæ хайджын ут!

– Тыхджынæй дын зæгъæм, Дуда, уыцы æууæнк æмæ зæрдæ дæ разы налхъуыт-налмасау сыгъдæг кæй уыдзысты, уый.

Дуда лæмбынæг хъуыста Сырхауы алы дзырдмæ дæр æмæ йын арæхстджынæй лæвæрдта дзуапп. Ног хæстæджытæ кæрæдзийæн цы зæрдæбын арфæтæ кодтой, уымæй сæм афтæ касти, цыма ныræй размæ ахæм амонджын хъуыддаг никуы ничи бакодта. Уымæ гæсгæ сæ алчи дæр арфæ ракæнынæн агуырдта, зæрдæмæ арфдæр чи бахъардтаид, ахæм ныхæстæ.

Дудайæн Алыккаты хистæртæ æмæ фæсивæд цы стыр кад лæвæрдтой, уый йын хуры тынтау тавта йæ зæрдæ, æмæ-иу хаттæй-хатт хин æрттывд фæкодтой йæ къуырфæвæрд чысыл цæстытæ. Фæлæ æрмæст уыцы кад æмæ цытæй нæ уыдис бузныг Дуда. Уый ногæй ахъуыды кодта, кæддæр Æркъайы фæзы цы цау æрцыди, ууыл æмæ йæхинымæр дзырдта: «Ацы хъуыддæгтæ иууылдæр сарæзтон Æркъайы фæзы хъуыддаджы фæдыл». Æмæ Алыккатырдыгæй цы ‘фхæрд баййæфта, уый цыма бынтондæр ферох кодта, афтæ дардта йæхи. Дудайы фæндыд Алыккаты уæздан хистæрты зæрдæтæ бынтондæр йæхирдæм разилын æмæ уый тыххæй сфæнд кодта ныхас бынтон æндæрырдæм аздахын. Дуда хорз зыдта, Алыккатæ Бæтæйы фыртты сæхиуыл кæй нæ нымайынц, номылусы цотæй сæм кæй дзурынц, уый. Уымæ гæсгæ бафæлвæрдта Бæтæйы фыртты æмæ Алыккаты иннæ фæсивæды ныхæй-ныхмæ æвæрыныл. Уый йæ зæрдæ дардта, Бæтæйы хъæбатыр фырттæ Алыккаты къæхты бын фæззыгон дидинæгау кæй ныцъцъæл уыдзысты æмæ Дудайæн йæ маст бынтондæр кæй ссæудзæн, ууыл. Æмæ бирæ буц ныхæстæ, зæрдиаг арфæты фæстæ Дуда фынджы адæмыл йæ цæст ахаста, стæй хъавгæйæ загъта:

– Фарн дæм бадзурæд, Сырхау, æз стыр амондджын дæн, сымахимæ хæстæг кæй бакодтон, уымæй. Раст зæгъын хъæуы, искæй хæдзары хъуыддæгтæм бар дарын хорз нæу, фæлæ уæддæр, бирæ аргъ уын кæй кæнын, мæхи сымахыл кæй нымайын, уымæ гæсгæ мæ фæнды уæ хорздзинад дæр æмæ уе ‘ппæт хабæрттæ дæр зонын.

– Цæмæн уый зæгъыс, нæ зынаргъ хæстæг Дуда! Уæдæ ма нын чи хъуамæ зона нæ хабæрттæ? Кæмæн ма сæ хъуамæ фæкæнæм? Хæстæг ма цæй тыххæй вæйиы? – бадис ыл кодта Сырхау, кæд ын йæ хъуыды нæма ‘мбæрста, уæддæр.

Дуда йæ чысыл хинæйдзаг цæстытæ ногæй ахаста фынджы адæмыл æмæ загъта:

– Уыйбæрц диссагæй дзы ницы ис, иубон дæр ма нæм рауад Бæтæйы фыртты кой... Куыд цæуы уæ хъуыддаг? Афтæ тызмæг ма у?

– Раст дын куы зæгъæм, уæд ницы хæлардæр хуыз у нæ хъуыддаг. Афтæ уазал стæм нырма кæрæдзимæ, – загъта Сырхау.

– Рухсаг уой нæ фыдæлтæ! Дæсны та куыд нæ уыдысты, дæсны... Афтæ-иу акодтой: «Кæнджытæй кæсджытæ дæснымæр сты». Бæтæйы фырттæ сæхицæй бузныг сты, былысчъилæй уæм кæй кæсынц, æнæсæттон кæй сты, уымæй. Бауырнæд уæ, сымахæй сæм кæсджытæ мæстыдæр кæнынц. Куыд дæм кæсы дæумæ та, Тæтæрхъан?

– Дуда, дæ ныхас тынг раст у. Куы ницы дзы уаид, уæд æй кæсджытæ дæр нæ уыниккой, фæлæ дзы исты ис, æвæццæгæн.

– Уæдæ дзы кæд ис, уæвгæ та дзы ис, уæд ма æнхъæлмæ та цæмæн кæсæм, цæуылнæ йын кæнæм исты хос? – сдзырдта Сæхуыг.

– Раст зæгъы Сæхуыг, – фæцырд ис Дуда, – æрцæуинаг чи уа, уымæ æнхъæлмæ кæсын нæ хъæуы, дæхæдæг æм фæтагъддæр у, æмæ дæ фыдбылыз уыдзæни къаддæр.

– Дуда, æмæ ма ууыл аныхас кæныны тыххæй цы боны хорзмæ кæсæм? Мæнæ ам куы стæм иууылдæр. Бауынаффæ кæнæм нæхимидæг. Ды дæр нæ зынаргъ хæстæг дæ. Æз афтæ ‘нхъæл дæн, æмæ нын дæ фæнд æмæ дæ зонд нæ бахæлæг кæндзынæ, – загъта Тæтæрхъан.

Дуда дарддæр дон уагъта, æнæуи дæр цыренæй чи зылди, Алыккаты уыцы куыроймæ, æмæ уый фыдты хъыррыстмæ

алырдæм цæрдæг зылдта йæ чысыл цъæх цæстытæ. Йæ зæрдæ гуыпп-гуыпп кодта йæ риуы æмæ йæм афтæ касти, цыма уыцы минут йæ мадæй дзыхъхъынног райгуырди. Уый афтæ ныхас кодта дарддæр:

– Æгъдауæй дæр æмæ æфсармæй дæр сымахыл цы уæз цæуы, уый сымахимæ æмхуызон дих акæныныл æз кæддæриддæр разы дæн.

Уыцы ныхасмæ зæронд Тæтæрхъан комкоммæ бакаст Дудайы цъæх цæстытæм æмæ фæрсæгау бакодта:

– Мах тынг фæнды, Дуда, дæумæ байхъусын. Цы цæстæй кæсыс ды ацы хъуыддагмæ?

Дуда загъта:

– Мæнæн сымах зынаргъ æфсымæртæ стут, æмæ мæ Бæтæйы фыртты сагъæс æхсæвæй-бонæй зынгау судзы. Бæтæйы фырттæн чысыл сæ рохтæ куы нæ фæцыбыр кæнат, уæд уын уыдон фыдбылыз йеддæмæ пайда не ‘рхæсдзысты. Гыццыл сын сæ алыварс сæ къабузтæ æрцæгъдын хъæуы.

– Дуда, зæгъ æргомдæр, дæ хорзæхæй, дзæбæх не ‘мбарæм дæ хъуыдытæ, – загъта Сырхау.

– Куыд уæм фæкæсдзæн, уый нæ зонын, – дзырдта дарддæр Дуда, – фæлæ æз уæ цуры æргом кæнын мæ хъуыдытæ. Уæ зæххæн йæ тæккæ ахсджиаг ис Бæтæйы фыртты къухы. Бæтæ амарди, рухсаг уæд, фæлæ, цымæ, куыд уаид, Бæтæйы фырттæн, зæххыл уæ бар нал цæуы, зæгъгæ, куы бамбарын кæниккат, уæд? Кæд исты змæлой, уæд мæ дыккаг фæнд та уый у: зындгонд куыд у, афтæмæй Хазби амардта кæсгон кънйазы. Уыцы кънйазы хицæттæ ныр дзæвгар рæстæг зилынц нæ фæдыл: сæ туг райсынæн агурынц къухбакæнæнтæ. Æвзæр нæ уаид, Бæтæйы фыртты кæсæджы амæддаг куы скæниккам, уæд. Цы нæ сæфы, Цæлоны фыртты йеддæмæ? Кæннод сын идæдз Хамбечыры Тъæрæсæн куы ахæссын кæниккат, уæд та куыд уаид? Афтæ сын сæ мæсыджы дуртæ иугай-дыгай куы раппариккат, уæд уыйфæстæ мæсыг йæхæдæг бындзарæй афæлдæхид. Гъе, уыдон уын фæндтæ Бæтæйы фыртты тыххæй. Сымахмæ куыд кæсы, уымæн та уæхæдæг фæут тæрхонгæнæг.

Исдугмæ Алыккаты уæздан хистæртæ ницы дзырдтой. Уыдон аныгъуылдысты арф хъуыдыты, æмæ сæ Дудайы ныхæстæ ахастой кæдæмдæр. Фæстагмæ Сырхау загъта, Дудайы фæндыл разы кæй сты, Бæтæйы фырттæн æцæг сæ рохтыл æрбахæцын

кæй хъæуы, уый. Уыдон Дудайæ ракуырдтой, цæмæй ацæуа Бæтæйы фырттæм минæвары хуызы æмæ сын сæ хъуыдытæ бæлвырддæр базона.

– Æндæр исчи куы ацыдаид, уæддæр æвзæр нæ уыдаид, фæлæ, сымах кæм бафæндыд, уым бафыдæбон кæндзынæн.

– Нæй гæнæн, Дуда, ацы хъуыддаджы дæуæй фылдæр кæуыл бауæндæм, нæ алыварс ахæм адæймаг нæ уынæм. Бафыдæбон кæн, æмæ нæ хорздзинадæй ды дæр æнæхай нæ уыдзынæ, ныртæккæ нæ фыдæбонæй æнæхай куыд нæ дæ, афтæ.

Бæркады нуазæнтæ ма баныстой хæдзары бадджытæ æмæ сыстадысты фынгтæй. Дуда йæхи номæй æмæ йе ‘мбæлтты номæй арфæ ракодта фысымтæн æмæ, хæрзæхсæв зæгъгæйæ, рахызти къæсæрæй.

Дуда Ахболимæ бафидыдта, фæлæ Бæтæйы фырттæм никуы уыдис, кæд уыдон дæр Алыккатæй уыдысты æмæ се ‘хсæн хæстæгдзинад сæвзæрд, уæддæр. Фæлæ ныр, Сырхауиты фæдзæхстмæ гæсгæ, Дудайæн Бæтæйы фыртты хæдзармæ æнæцæугæ гæнæн нал уыдис. Æркъайы лæгъз та ногæй февзæрди йæ цæстыты раз æмæ йæхинымæры хъуыды кодта: «Æнхъæлдæн, мæ амонд мæ байдыдта рæвдауын. Мæхицæн æнхъæл цы нæ уыдтæн, уый ныр мæ къухы æфтын райдыдта. Гъæйтт-мардзæ, Дуда, саг дын фæрæтмæ æрцыди, фæлæ, цымæ, цыхуызы равдисдзысты Бæтæйы фырттæ сæхи? Уæвгæ, ууыл рагацау цы мæт кæнон! Фендзыстæм дарддæр».

Ахæм хъуыдытæ кæнгæйæ Дуда дыккаг бон изæрæй балæууыд Бæтæйы фыртты дуармæ. Аслæнбег æмæ Будзи худгæ разгъордтой йæ размæ. Æгъдау куыд амоны, афтæ йыл бацин кодтой æмæ йæ мидæмæ бахуыдтой. Разæй бахызти Аслæнбег, æмæ Дудайы йæ хæдзары лæугæ куы ауыдта, уæд ноджы хъæлдзæгдæрæй загъта:

– Цæй, гъеныр алыбон æгас æрцу, Дуда. Æнæкæрон æхсызгондзинад нын у, дæу нæ хæдзары кæй уынæм, уый. Арфæ кæнæм уыцы зæдæн, дæу махмæ чи сарæзта. Æрбад, дæ хорзæхæй, Дуда, барвæсс нæ цæхх, нæ кæрдзыныл.

Дуда бузныг загъта Аслæнбегæн æмæ йæхи бандоныл æруагъта. Иучысыл хабæрттæй афарстой кæрæдзийы. Фæстагмæ Дуда загъта:

– Дыууæ хохы иу нæ кæнынц, фæлæ дыууæ адæймагæн та

цы диссаг у? Нæ сæмбæлд амондыл нымад фæуæд. Сымах абæрæг кæнын мын æмбæлгæ дæр кæны, фæлæ уæм ныртæккæ хъуыддаджы фæдыл æрбауадтæн.

– Хайыр хъуыддаг æй не сфæлдисæг фæкæнæд, – загътой Будзи æмæ Аслæнбег æмдзыхæй æмæ Дудамæ æнæууæнк каст бакодтой.

Уыцы минут та Дудайы хинæйдзаг цæстытæ разил-базил кодтой Бæтæйы фыртты цæсгæмттыл æмæ хъуыды кодтой, сæ быны сын арт куыд тынгдæр бандзæрстæуа, ууыл. Уый загъта:

– Æз уæм дæн минæвар Алыккатæй. Цæмæйдæриддæр, тынг хорз хъуыддаджы фæдыл нæ, фæлæ сымахæн æхсызгон чи нæ уыдзæн, ахæм хъуыддаджы фæдыл. Фæлæ мæнæн мæ хæс æнæ сæххæст кæнгæ гæнæн куыд нæ уыд, уымæ гæсгæ сразы дæн уе ‘рвадæлты фæндоныл, мæн сымахмæ æрбарвитыны фæдыл.

Бæтæйы фырттæ цымыдис каст кодтой Дудайы фæлывд цæстытæм. Исдугмæ ницы дзырдтой. Хъуыды кодтой, цы ‘гъдауыл сæрвыстаиккой Дудайы Алыккаты хистæртæ минæвар Бæтæйы фырттæм? Æппынфæстаг, Аслæнбег комкоммæ бафарста Дудайы:

– Минæвар не ‘фсымæртæй махмæ?.. Цымæ, цавæр стыр хъуыддаг уыдзæн уый?

Уæд Дуда загъта:

– Минæвар дæн æз уыцы хуызы: уæ фыды æрвадæлтæ уын æмбарын кæнынц, уæ фыд Бæтæйы амарды фæстæ, ныртæккæ цы зæххытыл цæрут æмæ уæ къухы цы мулк ис, уыдоныл уæ бар кæй нал цæуы æмæ сæ мыггаджы æхсæнмæ цæмæй раттат, уый.

Уыцы ныхæстæм Аслæнбег джихæй баззадис. Дардыл æй ахастой йæ хъуыдытæ. Бирæ хæттыты адæмæй цы уайдзæфтæ æрыхъуыста, цы фидистæ баурæдта, номылусы цот, зæгъгæ, уыцы æбуалгъ хъуыддæгтæ та ногæй ауадысты йæ цæстытыл. Йæ маст рафыхти йæ риуы, фæлæ Аслæнбег кæддæриддæр хиуылхæцаг, хæрзæгъдау адæймаг уыд, æмæ уыцы маст йæ зæрдæйы куыд пихылæйттæ хаста, уый цæмæй Дуда нæ бамбара, ууыл архайгæйæ бафарста:

– Дуда, арвы ныццавдæй уæлдай дæ ныхас не ‘мбарын.

Аслæнбеджы уыцы фарстмæ Дуда йе схъæл зачъейы кæрон йæ уырзтæй адаудта, комкоммæ бакасти Аслæнбеджы цæсгоммæ æмæ загъта:

– Куыд уæ фæнды, афтæ йæ ‘мбарут. Кæд æй не ‘мбарут, уæд уын æй æз æргомдæр зæгъдзынæн, стæй дзы цы ис не ‘мбаринагæй? Цæвиттон, уæ фыды ‘рвадæлтæ уын исынц уæ зæххытæ, сæхицæй уæ нæ хонынц.

Уыцы ныхæстæм Будзи йæхи нал баурæдта æмæ сабыргай загъта:

– Уæдæ сæ мах та нæхицæй куы хонæм. Куыд æмбарын, афтæмæй уыдон мах Бæтæйы фырттыл дæр нæ нымайынц. Нæ фыды ‘рвадæлтæй стыр бузныг уаиккам, чи стæм, кæмæй стæм æмæ кæцæй равзæрдыстæм, уый нын куы бамбарын кæниккой, уæд, стæй ма нын куы зæгъиккой, нæ фыд Бæтæ кæмæй уыд, уый дæр, уæд.

Будзи йæ ныхас нæма фæци, афтæ ныхас айста Аслæнбег. Уый загъта:

– Диссаг уый у, Дуда, кæд Бæтæ се ‘фсымæр уыд, уæд сын, цымæ, мах та чи стæм, кæуыл нæ нымайынц? Кæд Бæтæйæн зæххытæй æмбæлди æмæ сыл цæргæ дæр кодта, уæд уыцы бар махмæ цы дымæгмæ нал хауы, уый не ‘мбарæм.

– Бæллæх æмæ замана дæр гъеуыцы ран ис, – дзырдта Дуда. – Æз ма уын куы загътон, сæхиуыл уæ нæ нымайынц, хонынц уæ Цæлоны фырттæ.

Аслæнбег рафыхти фырмæстæй. Йæ цæсгом сырх-сырхид афæлдæхт. Сæрттывтой йæ цæстытæ æмæ афтæ зæгъы:

– Дуда, кæд нæм не ‘фсымæртæ æндæр ницы фау хæссынц, уæд мах тынг разы стæм ууыл. Мах бузныг стæм, адæм нæм Цæлоны фырттæй кæй дзурынц, уымæй. Уæздан мыггаг æмæ уæздан тугæй равзæргæ адæм дзыллæты бæрзæйыл цы уæззау æфсондз æвæрынц, уыцы æфсондз нæ бæрзæйыл ахæссыныл та мах разы никуы уыдзыстæм. Мах нæхи нæ нымайæм уæздан адæмыл. Фæлæ не уæнгты ис æгъдау, æфсарм, хъару æмæ уыдоны фæрцы кæддæриддæр цæудзыстæм, «уæздан» адæмыл нымад чи у, уыцы дзыллæты æмрæнхъ. Æмæ уымæй уыдзыстæм амонджын. Дæуæн та Дуда, мах стыр арфæ кæнæм, не ‘фсымæрты зæрдæйы уаг нын кæй базонын кодтай, уый тыххæй. Фæлæ мах фæнды, ноджыдæр ма иу хатт куы сфыдæбон кæнис æмæ не ‘фсымæртæн куы бауайдзæф кæнис, дæу, æгас мыггаджы хистæры, стыр тæрхоны цæуæгау, не ‘хсæн фыдæбоны кæй бацæуын кодтой, уый тыххæй.

– Раст куы зæгъæм, Аслæнбег, – дзырдта Дуда, – уæд мæхи

дæр фæндыд ацы хъуыддаджы бацæуын. Мæн фæнды, хъуыддаг æнæхъаугъайæ, æнæмастæй куы ахицæн уаид, уый. Адæм иухуызон не сты. Æвзаг дур халы. Æмæ æндæр исчи уе ‘хсæн куы бацыдаид, уæд сымах цы дзырдтаиккат æмæ уе ‘рвадæлтæ цы дзырдтаиккой, уыдон уын кæрæдзийæн не ‘мбарын кодтаид растыл æмæ уæ афтæмæй кæрæдзийы тугагур скодтаид. Мæнмæ та ахæм хъуыддагæй ницы ис. Мæнæ ныртæккæ сымахæн уæ фыдыфсымæрты ныхæстæ куыд хъусын кæнын, афтæ сын зæгъдзынæн, ныртæккæ мын сымах цы бафæдзæхстат, уый дæр. Æмæ, уæ рын бахæрон, уе ‘хсæн хахуыр хъуыддагæй ницы уыдзæн, кæрæдзийы сыгъдæгдæрæй бамбардзыстут.

– Раст зæгъыс, Дуда, – дзырдта Аслæнбег, – стыр амондæй дæр саразæн ис стыр фыдбылыз, фыдбылызæй та саразæн ис амонд. Гъеныр нын не ‘фсымæртæн радзур нæ дзуапп ахæм хуызы: зæххытæ, зæгъ, лидзæг ничердæм сты. Зæххытæ дæр æмæ нæ удтæ дæр, зæгъ, фæуæнт уæ фæхъхъау. Цæмæн хъæуы ам æртхъирæнтæ æмæ æхсары сæр? Ам ис æфсымæрдзинад, æмæ уыцы æфсымæрдзинады бындурыл алцæмæн дæр бакæнæн ис æнцонæй. Курæм дæ, æмæ сын-иу бауайдзæф кæн се ‘нæрхъуыдыдзинады, сæ цыбырхъуыры тыххæй. Зæгъ сын: æхсарæн æмæ тыхкæнындзинадæн не ‘хсæн нæй бынат. Зæххытæ зæгъынц, æмæ сæ фæхъхъау фæуæнт нæ зæххытæ. Фидис кæнынц, Цæлоны фырттæ, зæгъгæ, æмæ уымæй дæр сты раст. Мах æцæг стæм Цæлоны фырттæ...

Дуда лæмбынæг хъуыста Аслæнбеджы ныхæстæм. Æмæ кæд уыцы ныхæсты мидæг æртхъирæн дæр æмæ æхсар бавзарыны кой дæр нæ уыди, уæддæр Дуда йæхинымæр хъуыды кодта, Алыккатæн бынтон æндæр ныхæстæ ракæныны тыххæй цы хуыздæр æрымысыдæуа, ууыл. Уыимæ Дудайы фæндыд Бæтæйы фыртты се ‘рвадæлты ныхмæ бацардауын æмæ ма фæстагмæ загъта:

– Бузныг, Будзи æмæ Аслæнбег, уæ дзуапп, уе ‘гъдауæй æмæ уе ‘фсармæй. Сымах æз арын иттæг растæй æмæ æназымæй. Фæлæ уыл уе ‘рвадæлтæ æвзарынц се ‘хсар. Кæд æз уыдонæй æрвыст дæн, уæддæр рæстдзинадыл кусын, æмæ мæм сæ фæнд хорз нæ кæсы. Мæхæдæг дæр сæм мæхимидæг мæсты кæнын, иу æнæаипп, æнæтæригъæд сылгоймаджы кой кæй кæнынц æмæ йæ фидисæн кæй хæссынц, уый тыххæй. Ахæм æбуалгъ хъуыддагмæ æнæ мæсты кæнгæ дæр хос нæй. Стæй, æниу уанцон

нæу, Бæтæ фæстæмæ куы раздæха, уæд та? Йæ ингæн уал ын æруазал кæнын уæддæр бауадзæнт. Уыдон æфсымæртæ не сты, фæлæ сын фыдызнæгтимæ абарæн ис. Цæй, бахатыр мын кæнут, фехъусын кæндзынæн æз уæ дзуапп уе ‘рвадæлтæн. Хуыздæр зонд сæм æрцæуæд.

Уыцы ныхæстæ кæнгæйæ Дуда сыстади бандонæй, Аслæнбег æмæ дзы Будзи хатыр ракуырдтой йæ фыдæбоны тыххæй æмæ йын фæндараст загътой.

Дудайы ацыды фæстæ Аслæнбег æмæ Будзи дзæвгар фæбадтысты иумæ æмæ хъуыды кодтой, сæ алыварс цы сау мигътæ æмбырд кæнын райдыдта, уыдоныл. Кæд сæм уымæй размæ Алыккатæ уыйбæрц уазал цæстæнгас нæ дардтой, уæддæр Дудайы сæмбæлды фæстæ сагъæсы бацыдысты Бæтæйы фырттæ.

– Будзи, – дзырдта Аслæнбег, – æппындæр не ‘мбарын æз Дудайы æрцыд.

– Нæ зонын, не ‘рвадæлтæ нæм уыйас цæуыл сфыдæх сты, уымæн ницы æмбарын.

Будзийы ныхæстыл Аслæнбег ногæй ныхъхъуыды кодта. Йæ къухтæ сбыцæу кодта йæ роцъомæ æмæ иудзæвгар зæхмæ джихæй кæсгæ баззад. Афтæ бадтис Будзи дæр æмæ йæ уарзон æфсымæры цæсгоммæ цымыдис каст кодта. Хæдзар афтæ сабыр уыди, æмæ уыцы сахат Аслæнбег æмæ Будзийы сæрты бындз куы атахтаид, уæд йæ базырты сыр-сыр хъуыстаид. Фæстагмæ Аслæнбег йæ сæрыл уæлæмæ схæцыд æмæ сагъæсгæнгæ загъта:

– Стыр диссаг у, хуыцауыстæн, не ‘фсымæртæ нын нæ мулкмæ хæлæг кæной? Æмæ нæм ахæмæй дæр куы ницы ис. Чи зоны, раджы кæддæр Ахболы сæрыл бæхæй Дудайы кæй скъуырдтон, кæд мыййаг Дуда уый йæ зæрдыл бадардта æмæ кæд не ‘хсæн хахуыр ныхас кæны, йæ маст нæ кæд исы.

– Тобæ зæгъ, Аслæнбег, – бакодта Будзи, – уый та куыд? Дуда йæ номхæссæн чызджы Ахболы фырт Цорæйæн куы радта, иу хæдон сын уæрæх куы у. Нæ, Дудайы кой тæригъæд у. Цы сты, уый не ‘фсымæртæ сæхæдæг. Цы йыл дзурæм: рæстæг йæхæдæг комдзог цæудзæн.

– Уæвгæ, уый дæр раст у, Будзи, – йæ мидбылты бахудгæйæ загъта Аслæнбег, – ныууадзæм æй рæстæджы бар.

Аслæнбег уыцы ныхæстæгæнгæ сыстади йæ бандонæй, рацыдис æддæмæ æмæ ехс бийгæйæ æрбадти сисы кæрон дурыл. Уыцы рæстæджы æрхæй фæцыдис гæрах. Нæмыг ахаста Аслæнбегæн

йæ бæрцытæ. Фесхъиудта йæ мидбынаты Аслæнбег. Топпы дзыхæй фæздæг нæма фæхицæн, афтæ Аслæнбег цæф фыранкау гæрахгæнæджы уæлхъус февзæрдис æмæ фæхъæр кодта:

– Цорæ, о мæнгард Цорæ! Худинаг! Æфсымæры ард дæ фæдыл æфтыд уæд! Æниу ды цæй æфсымæр дæ? Фыдызнаг!

Хъуыддаг афтæ тагъд æрцыдис, æмæ цалынмæ Цорæ фæстæмæ топп ифтыгъта, уæдмæ йын æй Аслæнбег йæ къухтæй акъахта. Цы ‘рцыди, уый Цорæ йæхæдæг дæр нæ бамбæрста. Уыцы сахат, Цорæйы амондæн, Алыккаты уайсадаг чындзытæ, Беслæн æмæ Афæхъойы устытæ Насихан æмæ Гуытаз, æрбацæйцыдысты, æмæ, хабар куы бамбæрстой, уæд Аслæнбеджы раз сæ кæлмæрзæнтæ æрæппæрстой.

– Мах хатыр. Мах – де уазæг, Аслæнбег, – сдзырдтой устытæ.

Аслæнбег цавддурау баззад йæ мидбынаты лæугæйæ, йæ сæр æруагъта йæ риуыл, æрæнцой кодта топпы бырынкъыл æмæ, арф ныуулæфгæйæ, радзырдта Цорæйы фæдыл:

– Цорæ, абон арвыл де стъалыйы хай аныгуылдаид, фæлæ дæ уымæй бахызтой нæ уайсадæг чындзыты æфсарм æмæ æгъдау.

Уыйфæстæ Аслæнбег йæ мидбынаты разылди чындзытырдæм æмæ æфсæрмхуызæй загъта:

– Ныббарут мын, кæд истæмæй уæ цуры фæрæдыдтæн, уæд.

Цорæ фæстæмæ дæр нал фæкаст, афтæмæй расыг лæгау цудтытæгæнгæ ацыд сæхимæ. Будзи фæдисы рауади, фæлæ хабар куы ныссабыр ис, уæд та баздæхт сæхимæ. Аслæнбег ма кæйдæртимæ афæстиат, стæй уый дæр бахызт сæ хæдзармæ æмæ Будзийæн радзырдта хабар.

– Не ‘фсымæртимæ нæхи æхсарæй куы нæ сарæхсæм, уæд фидиссаг фæуыдзыстæм æнустæм. Баныхас кодтон нæ кæнгæ æфсымæр Сау Хуысинæимæ дæр. Æмгъуыд нын ис райсоммæ, æмæ дæхи цæттæ дар, Будзи.

– Цы цæттæгæнинаг мын ис, Аслæнбег. Уд у – æмæ кæддæриддæр мемæ вæййы.

– Нæ зонын, кæд дæ гæрзтæ кæнæ æндæр истæмæ азилын хъæуы... Диссаг та куыд нæ у, – дзырдта Аслæнбег чысыл фæхъусы фæстæ, – цæй дымæгмæ систаид Цорæ хæцæнгарз мах ныхмæ? Цы дарæг стæм уыйбæрц Ахболы фыртæй? – Уыцы фарстæн Аслæнбег дæр æмæ Будзи дæр дзуапп раттын нæ фæрæзтой.

Цæвиттонæй, хъуыддаг афтæ уыди: Дуда Аслæнбегтæй Алыккаты хистæртæм фæстæмæ куы раздæхт, уæд сын ракодта ахæм хахуыр ныхас:

– Алыккатæ, – дзырдта Дуда, – амонджындæр минæварыл уæ Хуыцау сæмбæлын кæнæд, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, æз æдых дæн. Минæвар цы хъуыддаджы бацæуы, уый дзæбæхæй куы ахицæн вæййы, уæд йæхицæн дæр амонд æмæ кад у. Фæлæ ацы хъуыддаджы æз фыдбылыз йеддæмæ ницы уынын. Цы рахъаст кæнон сымахæй, бафидаут, зæгъгæ, зæгъын дæр ме ‘фсарм нæ хъæцы, цæсгом ын хъæуы. Бæтæйы фырттæн сæ ныхас хæрæг уаргъæн нæ ахæсдзæн. Цы уын æй æмбæхсон, ракодтой уын æртæ лæвары: кардæн йæ ком, топпæн йæ фындз, сæхицæн та сæ риу. Æз дис кæнын, кæд æй уе ‘хсар урæдта, уæддæр æй уе ‘фсарм куыд баурæдта, ууыл. Арв нæрын кæмæй нæ уæндыд, уыцы Хъасболаты чызг, уæларвæй стъалытæ чи тыдта æмæ зындонæй цæхæртæ чи хаста, уыцы Гогойы саккаг кæнут Цæлоны фырт Аслæнбегæн усæн... Æмæ йæ Хъасболаты стыр хæзнатимæ Цæлоны фырт Аслæнбеджы хъæбысы цæвæрут. Цæлоны фырт цæуæд æвзист сауæфтыд хъуывгъанимæ. Сырхау æмæ Ахболы цотæн та саст хъуывгъан дæр ма уæд... Æмæ не ‘мбæрстат уæхæдæг, Цæлоны фырттæм ахæм зондахаст кæй ис, уый? Куыд сразы стут ууыл? Бафидауын хорз у, кæд æй уæхæдæг уромын фæразут, уæд, фæлæ уый зæгъын нæ фæразын æз, ме ‘фсарм æгæр æдых у уæ разы.

Дудайы уыцы ныхæстæ Алыккаты быны арт бафтыдтой. Алыккаты хистæртæ кæрæдзийæн дзырды бар нал лæвæрдтой, кæрæдзимæ уайдзæф ныхæстæ æппæрстой, ныронг Бæтæйы фыртты рохтыл кæй не ‘рбахæцыдысты æмæ сæ сæ къæхты бын кæй нæ ныцъцъист кодтой æмæ, уымæ гæсгæ, ныр уыдон мыггаджы сыгъдæгдзинады сæрмæ схизынмæ кæй хъавынц, уый тыххæй. Цорæ уыдис тæвдтуг æмæ рæузонд. Уый йæ бынатæй фæгæпп кодта æмæ, кæд хистæрты ныууадзын, æгъдаумæ гæсгæ, не ‘мбæлд, уæддæр топп раскъæфта æмæ араст йæ лæгдзинад бавзарынмæ.

Афтæ уыдис, Аслæнбег æмæ Будзи бирæ цæуыл хъуыды кодтой æмæ дзуапп ссарын кæмæн нæ фæрæзтой, уыцы хабар. Æмæ раст уыцы рæстæг æвиппайды сæ уæлхъус февзæрди Хуысинæ.

– Уæ изæр хорз æмæ æнæфыдбылыз ут! Цы кæнут, Бæтæйы

фырттæ, уе ‘фсымæртæ уæ нысантæ цæмæн аразынц? – загъта Хуысинæ.

Аслæнбег æмæ Будзи фестадысты сæ бынæттæй. Салам радтой Хуысинæйæн. Æрæджиау Аслæнбег афтæ зæгъы:

– Бауырнæд дæ, Хуысинæ, адзал мæ зæрдиагæй ныхъхъæбыс кæнынмæ хъавыд, фæлæ та йæ зæрдæ нал бакуымдта.

– Иуныхасæй, дæ риу Церечы згъæр разындис, æмæ дзы нæмгуытæ фæстæмæ схъиуынц, и?

– Мæ амонд мæ, æвæццæгæн, мæрдтæм бынтон фидиссагæй барвитынмæ нæ хъавы.

– Хуысинæ, уый йæм бæрæг уыдаид, нæмыг ма чысыл галиуырдæм куы бауадаид, уæд, – йæ ныхас баппæрста Будзи.

– Цæй, не ‘фсымæрты æхсарæй ныл чи ‘рцæуа, уый тынг диссаг нæу, – дзырдта Аслæнбег, – фæлæ диссаг уый у, Битартæ æнæмæтæй сæхицæн чындзæхсæвтæ кæй кæнынц. Не ‘фсымæр Дотчейы нын амардтой, æмæ нын уый ахъуыдыйаг у, Будзи æмæ Хуысинæ, – загъта Аслæнбег.

– Аслæнбег, абон кæнæм нæ фыццаг къахдзæф: хъуамæ нæ амонд бавзарæм Битартимæ, – загъта Будзи.

– Амондджын къахдзæф уын æй Хуыцау фæкæнæд, Дотчейы раз æфсæрмыйаг цæмæй мауал уæм, ахæм амондджын къахдзæф, – дзырдта Хуысинæ. – Фæлæ ма уын ноджыдæр иу хабар фехъусын кæнон. Дотчейы идæдз Хамбечеран исты уаг скæнын хъæуы. Тъæрæс æй скъæфынмæ хъавы, зæгъгæ, цъиутау уасынц адæм, æмæ тæрсын хъæуы уыцы хабарæй.

Будзи исдугмæ æнцад хъуыста ныхæстæм, стæй æппынæрæджиау сдзырдта:

– Цыма уæ ныхæстæ мæнырдæм сты, афтæ мæм кæсы. Сымах афтæ хъуыды кæнут, цыма æз бынтон æдылы дæн æмæ уæ не ‘мбарын. Сымах фæнды, цæмæй æз, ме ‘фсымæр Дотче нæ дунейы рухсæй цы цардæмбалæй ахицæн, ома Хамбечеранæй, æмæ æз мæхицæн чындзыл нæ, фæлæ хойыл кæй нымадтон, уый мæхицæн саккаг кæнон, цæмæй æз Дотчейы тугæйдзаг ингæны сæрты ахизон. Æмæ уый адæймаджы æгъдау у? Абон – дæ хо, райсом та – дæ ус? Ау, æмæ ма уæд цæмæн цæуон Дотчейы туг исынмæ та? Цы цæсгомæй æрлæудзынæн йæ цуры?

Будзийы уыцы ныхæстæм Аслæнбег ныккасти зæхмæ. Йæ цæстытæй æркалди ставд цæссыгтæ. Арф ныуулæфыд æмæ сдзырдта Хуысинæмæ:

– Хуысинæ, мах ницыуал зæгъæм, Хамбечеран дæр йæ сахат фæсмонгонд ма фæуæд. Рæстæг нын цы амонд æрхæсса, уымæй нæ алидздзыстæм. Нæ фæндаг нæ дарын хъæуы, рæстæг цыбыр у, махмæ нæ кæсы. Сæмбæлын хъæуы нæ нысан ранмæ.

Аслæнбег, Будзи, Хуысинæ араст сты æмæ, кæм снысан кодтой, уырдæм æрцыдысты. Уым сыл сæмбæлди сæ хæрзгæнæг æмæ сын арфæ ракодта:

– Уæ бонтæ хорз, Бæтæйы фырттæ. Уæ сахат амондджын уæд.

– Æгас нæм цу, нæ зынаргъ æмбал, – æмхуызонæй сдзырдтой Аслæнбегитæ.

– Бахатыр кæнут, чысыл бафæстиат дæн, фæлæ хъуыддаг йæхæдæг афтæ амыдта, – дзырдта хæрзгæнæг. – Уе знаг – Битартæ, дыууæ æфсымæрæй, Дотчейы чи амардта, уый æмæ йæ кæстæр æфсымæр, уыдысты Хæрисджыны усгур æмæ ныртæккæ ауылты цæудзысты.

Бæтæйы фырттæ куыддæр фæджих сты. Æхсызгон сын уыди, сæ хæрзгæнæг сын цы хабар æрхаста, уый, æмæ йын куыд раарфæ кодтаиккой, уымæн ницы зыдтой. Фæстагмæ йын Аслæнбег йæ къух райста æмæ йын афтæ зæгъы:

– Арфæ дын кæнæм. Лæг йæ ныхасæн хъуамæ хицау уа. Лæгæн хъуамæ уа кад æмæ æгъдау дæр. Æппæтæй хъахъхъæнинагдæр æмæ зындæр дарæн у æууæнк, æмæ уыцы хæзнатæ сты дæумæ. Макуы дæ ацух уæнт уыдон.

Хæрзгæнæг комкоммæ каст Аслæнбеджы цæстытæм, худти йæ мидбылты, стæй та фæстæмæ загъта:

– Уый дæр ма уын зæгъын, Бæтæйы фырттæ: иттæг рæвдз сты гæрзтæй дæр æмæ æхсарæй дæр Битартæ. Мæнæ гæрзарм лæппутæ æмæ цæхæртæвд фæсивæд кæй фæхонынц, раст ахæмтæ сты.

Хæрзгæнæджы уыцы ныхæстæм Аслæнбег бахудти æмæ та йын ногæй йæ къух райста:

– Дыккаг хатт дын дæ къух исын, афтæ лæмбынæгæй нын сæ кæй амоныс, уый тыххæй. Мæ фыдгулæн та ма æдылы æмæ тæппуд знаг уа.

– Уæдæ мæ лæуд амæй дарддæр уæлдай у. Уæ сахат хæстæг у. Уæлахиз уæд уæ амонд, – загъта фæстагмæ хæрзгæнæг æмæ, Бæтæйы фырттæн арфæ ракæнгæйæ, араст и йæ фæндагыл.

Аслæнбег, Будзи æмæ Хуысинæ аззадысты æртæйæ. Аслæнбег загъта:

– Мах ныр кæм стæм, уый зонут? Мах стæм, цард æмæ мæлæт риуæй-риумæ кæрæдзийæн дзуапп кæм дæттынц, æппындæр хатыр кæм нæй, ахæм ран. Цард нæм фæхуддзæн æви нæ адзал йæ уазал цæнгтæй йæ хъæбысы ахæсдзæн, уый бæрæг нæу. Фæлæ, Хуысинæ, дзурын дæумæ: махимæ ды уый тыххæй нæ дæ, æмæ нын не ‘хсарæн ком авæрай. Махимæ ды уый тыххæй дæ, адзал æмæ цард хъæбысæй куыд хæцдзысты æмæ уыцы хæст куыд ахицæн уыдзæн, уымæн цæмæй æвдисæн уай.

Аслæнбеджы фæстаг ныхæстæ цыдæр масты уылæн бакалдтой Хуысинæйы зæрдæйы. Ризæгау скодтой йе уæнгтæ. Фæсырх йæ цæсгом. Ферттывтой йæ цæстытæ æмæ афтæ зæгъы:

– Аслæнбег, æз зонын, кæм дæн, уый, стæй кæимæ дæн, уый дæр. Стæй цæмæн дæн ам, уый дæр мын дæ амонинаг нæу. Мæнмæ афтæ кæсы: кæд махæн нæмттæ æртæ ис, уæддæр удтæй иу стæм, нæ фыдбылыз дæр, нæ цин дæр, не ‘хсар дæр иу сты.

Аслæнбегæн йæ цæсгом фæрухс æмæ загъта:

– Рацу-ма, æз дæ мæ хъæбысы ныккæнон. Кæд махыл нæмттæ æртæ ис, уæддæр удтæй иу стæм! Цæй æмæ адджынæй кæрæдзийы ныхъхъæбыс кæнæм.

Будзи æмæ Хуысинæ хæстæг æрбалæууыдысты Аслæнбегмæ. Æртæйæ дæр кæрæдзийæн ныхъхъæбыс кодтой. Уыцы рæстæг дардæй æрбазынд дыууæ барæджы. Будзи сæм фæкомкоммæ.

– Æнхъæлдæн, дæлæ нæ «лымæнтæ» ‘рбацæуынц.

– Раст афтæ, уыдон сты: Битартæ, – загъта Хуысинæ.

– Лæппутæ, нæ маст чъылдымырдыгæй исæм æви риуæй? – цæхгæр бафарста Аслæнбег.

– Кæд мæ Хуыцау нæ фæливы, Аслæнбег, – загъта Хуысинæ, – уæд цыма мæнæ адон рихитæ сты, афтæ мæм кæсы, – æмæ сæвнæлдта йæ рихитæм. – Мæнæ уый та кæлмæрзæн нæу, фæлæ худ у. Нæхи лæгтæ куы хонæм, – йæ худмæ ацамонгæйæ ма йæ ныхасыл бафтыдта Хуысинæ.

– Риуæй, Аслæнбег, риуæй, – хъæбæрæй загъта Будзи.

Цалынмæ уыцы ныхæстæ кодтой, уæдмæ æрбахæстæг сты Битартæ. Аслæнбегæн йæ маст фыхти тынгдæр. Йæ цæстытæ кодтой мæсты æрттывд.

– Уæдæ риуæй, риуæй, – фидарæй загъта Аслæнбег æмæ комкоммæ Битартырдæм даргъ санчъехтæй араст.

Битартæ сæ хъал бæхтыл бадтысты цæргæстау. Цы фыдбылыз

сæм каст, уый нæ зыдтой, æмæ худтысты дзыхыдзагæй, фæлæ уалынмæ Аслæнбеджы хъæр ныйиазæлыд сæ хъусты:

– Гъæтт, Битартæ, нал фæлидздзыстут. Мах стæм Бæтæйы фырттæ – Дотчейы æфсымæртæ.

Битартæ дзыхъурæд фæкодтой сæ бæхтæ æмæ æмхуызонæй сдзырдтой:

– Мæ фыдыстæн, Битартæ лидзæг никæд уыдысты. Мæнæ стæм мах дæр!

Уыцы минут Битары-фырттæй иуы къухы ферттывта хъыримаг æмæ арвы ферттывдау фæцыди гæрах. Нæмыг Аслæнбегæн ахаста йæ худ. Фæлæ Аслæнбег йæ мидбынаты змæлгæ дæр нæ фæкодта, бахудти йæ мидбылты æмæ сдзырдта:

– Гъæтт, Битары-фырт, уый куыд у, уый? Æви цуаны дæр никæд уыдтæ, хæтæнты никæд ахæтыдтæ: æхсынмæ куыд нæ арæхсыс?

Уыцы ныхæстæ кæнгæйæ иу топпы дзыхæй рацæуæгау Аслæнбег æмæ Хуысинæйы нæмгуытæ бумбулиау фæхицæн кодтой бæхæй Битары-фырты. Иннæ барæгæн иуæй йæ топп не схæцыди, иннæмæй та йæ бæхимæ стыхсти, афтæмæй йæ æрбаййæфта Будзийы гæрах. Нæмыг сæмбæлди бæхы хъусыл æмæ атыдта барæджы риу.

Мард фесты Битартæ дыууæйæ дæр.

Аслæнбегитæ хæстæг бацыдысты мæрдтæм. Ныккастысты сæм æдзынæг. Будзи загъта:

– Аслæнбег, цæй æмæ сын ныр сæ хъустæ ракæнæм æмæ сæ Дотчейы цыртыл сæвæрæм.

– Гъе, уæууæй, Будзи: лæг дæ куы хуыдтон, æмæ лæг куы нæ дæ: хъус ракæнын диссаг уæд уыди, уыдон æгас куы уыдысты, æмæ сæ гæрзтæ сæ къухты цæхæр куы калдтой. Ныр сæ хъустæ дæр æмæ сæ сæртæ дæр нæ къухты куы сты. Сисут сын сæ гæрзтæ, æрытаут сыл сæ нымæттæ æмæ сæ уыдоныл æрæвæрут. Æвгъау фæсивæд уыдысты амæлынæн. Иттæг æхсарджын æмæ гæрзарм лæппутæ уыдысты. Рухсаг ут! Мæрдты-иу уæхæдæг бафидаут Дотчеимæ.

Иучысыл ма афæстиат сты Бæтæйы фырттæ æмæ Хуысинæ. Тагъд-тагъд арæвдз кодтой сæхи æмæ рараст сты Хъобанмæ. Иучысыл куы рауадысты, уæд сыл сæмбæлдысты джизиаг цæуджытæ. Аслæнбег сæ баурæдта æмæ сын афтæ зæгъы:

– Бахатыр кæнут, фæлæ-иу Битартæн зæгъут, уæ фæсивæд

Бæтæйы фырт Дотчейæн чындзхæссæг ацыдысты, зæгъгæ. Уæхæдæг дæр сæ фендзыстут. Битарты мах раййафын куы фæнда, уæд нæ раййафдзысты, – цæудзыстæм сындæггай. Зæгъут сын-иу, æз дæн Бæтæйæн йæ хистæр фырт Аслæнбег, мæнæ уый та мæ кæстæр æфсымæр Будзи.

Аслæнбег барæй нæ бацамыдта Хуысинæйы, нæ йын сдзырдта йæ ном дæр. Фæлæ уый Хуысинæйæн фæхъыг ис, нал баурæдта йæхи æмæ цæуджытæн загъта:

– Æз дæн Бæтæйы фырттæн се ‘ртыккаг æфсымæр – се ‘рдхорд Хъаныхъуаты Сау Хуысинæ. Дæ разы бæрцы бын чи бацыд æмæ фæсонтæй чи ахызт, уый уыдис мæ гæрах. Бамбарын-иу кæнут уыцы хабар дæр Битартæн.

Æмæ фæйнæрдæм сæ фæндагыл ацыдысты.

* * *

Рæстæг цыди: бон ивта боны, æхсæв ивта æхсæвы. Дуда сæ нымайгæ дæр нæ кодта, афтæмæй архайдта Бæтæйы фырттыл фыдбылызы хæхтæ амайыныл. Фыццаджыдæр, уый кæсгон кънйазы сразы кодта, Хазби цы кънйазы амардта, уый туг Бæтæйы фырттæй райсыныл; дыккаджы та уый, æмæ кæд Тъæрæс цыфæнды ракæ-бакæ кодта, кæд разы нæ уыди Хамбечеры хæссыныл, уæддæр æй фæстагмæ бауæндын кодта уыцы хъуыддаджы хорздзинадыл. Афтæ йын уайдзæф кодта:

– Цы кæныс, Тъæрæс? Сидзæр сывæллæттæ дын ис: фыдыус фыдрын у. Иу фыдсыл æрхæсдзынæ æмæ дын сæ бахæрдзæн. Хамбечер та зæды хуызæн у, худгæхур, сывæллæттæн – фæлмæн мад, дæхицæн та номдзыд æмбал. Цæуыл хъуыдытæ кæныс? Кæмæй дæ æфсæрмыйаг? Цæлоны фырттæй? Уыдонæн сæ бонтæ цыбыр сты: æз сæ а дыууæ боны зындоны амæддаг фæкæндзынæн.

Æмæ Тъæрæс сразы ис.

Иуахæмы Бæтæйы фырттæ æхсæвыгон уыдысты сæ гæнахы.

Будзи фынæйуарзаг уыди æмæ хуыссæджы къухты бахауди. Аслæнбег йæ мидфынæйæ фестъæлф-фестъæлф кодта. Иухатт афтæ тынг фестъæлфыд, æмæ йæ хуыссæны дзуццæджы абадти. Æфсæрмхуызæй æнцад йæ цæстытæй уæрæх акаст йæ алыварстæм, стæй азылди Будзийырдæм æмæ йæм дзуры:

– Æвзæр фын федтон, Будзи.

– Хайыр уæд, хайыр, дæ фын, хъусын дæм, – загъта Будзи.

– Цыма нæ гæнахы алыварс æртыхстис иу залиаг калм, æмæ

йын дыууæ сæры уыди: йæ иу дзыхæй туг калдта, йæ иннæмæй та – зынг. Æрбасырдта нæ æмæ нæ ацахста нæ дымджытæй, фæлæ дзы аирвæзтыстæм... Цымæ, цы уа уый?

– Хурхæтæны та лæг фынтæй фылдæр цы уыны, – бахудти Будзи. – Бафынæй у, æмæ дæ туг æрсабыр уа.

Фæлæ Аслæнбег не ‘рсабыр ис. Йе уæхсчытыл йæ кæрц æрбакодта æмæ йæхи хъуыдыйы æддæмæ рацыди. Гæнахы дуар нæма бакодта, афтæмæй цыдæр уынæр йæ хъустыл ауади, йæхиуыл фæхæцыд æмæ зæрдиагдæрæй айхъуыста. Аслæнбег базыдта, сæ гæнахы алыварс бирæ адæмы змæлд кæй уыдис, уый. Сындæггай баздæхти фæстæмæ, дзуры Будзимæ:

– Цыма, Будзи, нæ гæнахы алыварс бирæ адæмы уынæр цæуы, афтæ мæ хъустыл ауад.

Уæд æм Будзи афтæ сдзуры:

– Аслæнбег, дæ фынты фæстæ нæ гæнахы дуртæ залиаг кæлмытæ куыд нæ фестдзысты!

Цалынмæ Будзи æмæ Аслæнбег уыцы ныхæстæ кодтой, уæдмæ æхсæвы мæйдарыл боны рухс комдзог цæуын райдыдта. Аслæнбег талынджы хъусгæ кæй фæкодта, уый бонырухсыл Будзи йæ цæстытæй ауыдта. Баздæхти фæстæмæ æмæ дзуры Аслæнбегмæ:

– Æгас цæуæд дæ фын! Къамæй ма нын куы фæрсис, уæд нын дæсныйад кæнис.

– Нæхи мæт мæ нæй, исты фæрæзтæ кæндзыстæм, фæлæ цы уыдзысты Гого йæ сывæллæттимæ, науæд Огъуыллæ? – сагъæстæгæнгæ загъта Аслæнбег. Æмæ йын Будзи ахæм дзуапп радта:

– Аслæнбег, калм фæндагыл цыфæнды къæдзтæ-мæдзтæй лæсæд, уæддæр ын йæ хуынкъмæ быргæйæ йæхи æнæ нырастгæнгæ нæй. Мах дæр цыфæнды æмбæхст куы кæнæм, уæддæр æй боны рухсæй сæхуыдтæг æмбардзысты. Зæгъ сын æй, марадз, æмæ сын истæмæйты зæрдæтæ авæр.

Райсом хур йæ был куы сдардта, уæд Гогойы рудзынгмæ худгæхуызæй йæ тынтæ рудзынджы авгыл ахъазыдысты. Уаты астæу авдæны, йæ къухтæ уæгъд, сырх хъуымац йæ уæлæ æмбæрзт, афтæмæй хуыссыд Сæлимæт. Хуры тын налхъуытналмасау йæ риуыл хъазы. Сывæллон æй йæ къухæй хъавы ахсынмæ, æмæ йын куы нæ бакомы, уæд та фæлмæн худт бакæны.

Уыцы рæстæджы дуар байгом, æмæ мидæмæ бацыд Аслæнбег.

– Дæ райсом хорз, Гого. Нæ гæнахы алыварс цыдæр адæм ис, мыййаг хъаугъа æндæр куы кæной, – мацæмæй-иу тæрсут. Сымахыл исты æрцæуыны бæсты æз мæхи дæр æмæ ме ‘фсымæрты дæр снывонд кæндзынæн. Фадат мын нæй бирæ дзурынæн, нæ ран рæсугъд нæу, фæлæ уын фæдзæхсын: тæрсгæ ма кæнут.

Аслæнбег фæзылд æмæ рауади, Гого та йæ фæдыл тарстхуызæй кæсгæйæ баззади.

Бæтæйы гæнахыл кæсгон кънйазтæ æмæ Алыккатæ æртыхстысты.

Кънйæзтæ фæнд кодтой Бæтæйы хæдзарвæндаг – Аслæнбег æмæ Будзийы уацары ахæссын, Алыккаты æлдæртты та фæндыди Бæтæйы фырттæй фервæзын. Дыууæты уырнынгæнæг та уыди Дуда. Уый фæндыди, Аслæнбеджы уд тагъддæр куы аскъуыдаид, æмæ дзы йæ маст куы ссыдаид. Фæлæ хъуыддаг Дудайы фæндиаг тагъд нæ цыдис, æмæ тынг тыхсын байдыдта. Тарсти, Бæтæйы фырттæ гæнахæй куы аирвæзой æмæ йæ хинтæ, йæ кæлæнтæ куы сæргом уой, æмæ йæ уыдоны тыххæй куы бахъæуа дзуапп дæттын.

Аслæнбег æмæ Будзи тыхст уавæры кæй бахаудтой, уый тагъд ахъæр ис Хъобангомыл, æмæ фæдисæттæ æмбырд кæнын райдыдтой Аспиаты къуыбырмæ. Æмбырды астæу Бæтæйы фырты хорз хæлар Аспиаты Хамырзæ загъта:

– Мæнæ адæм, абон Хъобаны астæу ис стыр фæдис, стыр æгæнон хъуыддаг. Кæсгон кънйæзтæ Алыккатимæ æртыхстысты Бæтæйы гæнахыл, ласынвæнд нын кæнынц не ‘хсæнæй уацайрæгтæн Бæтæйы фыртты. Сымахмæ дзурын, Моргуаты Саулох æмæ Хамырзæ, Бытъаты Уари! Бæтæйы фырттæ сты нæ рахиз къабаз. Ныр уыдон мах бынаты куы уаиккой, уæд сæ цард мах сæрыл зынаргъ никуы скæниккой.

Адеты Дзалайы фырт Дзæрæхмæт, Хъаныхъуаты Сау Хуысинæ, Куындыхаты Габа æмæ чидæртæ сдзурынц æмхуызонæй:

– Уыцы тыхгæнджытæ нын Бæтæйы фыртты нывонд стуртау не ‘хсæнæй аласой, уый бæсты нæ Хуыцау гагадзагъд фæкæнæд.

Уæд размæ ралæууыдысты Бæтæйы мадырвадæлтæ – дыууæ фаззон æфсымæры – Адылджери æмæ Азæмæтджери æмæ афтæ зæгъынц:

– Мæнæ хорз адæм, иу-дыууæ ныхасы бар. Рухсаг уæнт нæ фыдæлтæ, афтæ-иу загътой: æвзæр тагъдæй хорз сындæг хуыздæр

у. Куыд уæм фæкæсид афтæ та: мах стæм Бæтæйы мадыфсымæртæ. Кънйазæй куы ракуриккам, цыма сын хæрзбон зæгъæм Бæтæйы фырттæн æмæ сыл нæ дзаумæттæ куы скæниккам, кæд æппын æмæ афтæмæй раирвæзиккой.

Бирæ фæхъуыды кодтой адæм, стæй æмхуызонæй ууыл сразы сты. Адылджери æмæ Азæмæтджери ацыдысты Бæтæйы гæнахмæ, иннæтæ та лæууыдысты хæстифтонгæй. Хистæр кънйазы размæ куы бахæццæ сты, уæд дзы ракуырдтой, Бæтæйы фыртты нын фæстаг хатт фенын бауадз, зæгъгæ. Æмæ сын бар лæвæрд æрцыд.

Аслæнбегитæ мæсыгæй базыдтой Азæмæтджери æмæ Адылджерийы. Дуар сын бакодтой æмæ сæ мæсыджы фæмидæг кодтой. Иудзæвгар аныхæсты фæстæ Адылджери загъта:

– Мах уæм æрбацыдыстæм иу хъуыддаджы тыххæй: сымах хъуамæ скæнат мах дзаумæттæ æмæ уын мах хуызы бантыса аирвæзын.

Будзи бадис кодта:

– Æмæ сымах та уæд цы фæуат?

– Мах баззайдзыстæм ам.

– Сымах ам, мах та нæ удтæ бахъахъхъæнæм? Ау, æмæ ма уæд цы цæсгæмттимæ бацæудзыстæм Бæтæйы цурмæ? Сымах знæгты къæхты бын ныууадзæм, нæхæдæг та нæ сæртæ æфснайæг суæм? Науæд ма уæд ахæм тæппуд æфсымæртæй цы кæнут? – тызмæгæй загъта Будзи. Хъыг уыдысты ныхæстæ Аслæнбегæн дæр. Афтæ бакодта:

– Адылджери, мах нæ сæр æфснайыныл куы суæм, сымах цъынды куы ныууадзæм знæгты къæхты бын, иуныхасæй, нывонд уæ куы ‘рхæссæм нæхи сæрыл, уæд мах ахæм цард ницæмæн хъæуы. Нæ ном фæчъизи уыдзæни, æмæ нын уый цæмæн уæ зæрдæ аккаг кæны?

– Аслæнбег æмæ Будзи, байхъусут мæнмæ дæр, – загъта та Адылджери. – Æз уемæ дзурын Хъобаны хистæрты номæй: цæсгом, æфсарм æмæ тæрхон уыдоны къухы сты. Уыдонæн сæ бон у лæджы скæнын кадджын дæр æмæ фидиссаг дæр. Ном дæр уыдон къухы ис, æгад дæр уыдон кæнынц. Фæлæ уæ ныр æгад ницæмæй кæнынц. Хъуамæ сын сæ фæнд сæххæст кæнат. Уыдоны тæрхон у ацы хъуыддаг, уыдон уæ курынц. Мах стæм сæ минæвар сымахмæ. Уыдон уæ кæд арты, доны æппарынц, уæддæр хъуамæ сымах сæ коммæ бакæсат, сымах тыххæй дзуапп сæхуыдтæг дæтдзысты.

Уæ амонд, уæ хъысмæт сæхимæ райстой. Рох уæ ма уæд: дзыллæйы къухы ис уæ тæрхон. Ма ахизут дзыллæйы тæрхоны сæрты.

Аслæнбег цæхгæр «нæ», зæгъгæ, загъта, фæлæ уæд Адылджери фæмæсты ис æмæ фæхъæр кодта:

– Гъæтт, æнæгъдау, æнæдзуапп æфсымæртæ! Мæн æгас Ирыстоны кæдæм нæ фæхонынц тæрхоны тыххæй, ахæм куы нæ ис, уæд мæ сымах Хъобаны фæдисæтты астæумæ куыд æрвитут æнæ дзуаппæй? Куыд не скодтат аргъ махæн дæр, Хъобаны хистæртæн дæр, уе ‘мгæрттæн дæр? Мæнæн мæ цæсгом нæ бахъæцдзæн уыдоны размæ æнæ дзуаппæй бацæуын: æз мæхи уæ цуры маргæ кæнын. – Æмæ йæ дамбацамæ февнæлдта. Уыцы февнæлд Бæтæйы фыртты куыддæр фæджихау кодта, æмæ Азæмæтджери тарстхуызæй сдзырдта:

– Уæ, гормæттæ, цæуыл ын йæхи марын кæнут? Цæуылнæ кæсут йæ коммæ? Раласут уæ цухъхъатæ æмæ скæнут мæнæ мах дзаумæттæ.

Бæтæйы фырттæн цыма сæ зонд фæлыгъд, æмæ расыг уыдысты, уыйау февнæлдтой сæ гæрзтæ ласынмæ, æмæ сын цыдæриддæр дзырдтой, уый кодтой. Æмæ уайтагъд арæвдз сты.

Бæтæйы фырттæ рахызтысты мæсыджы дуарæй. Фæцæуынц ныр кæсгон кънйæзты астæуты. Уыдонæн дæр æмæ Алыккатæн дæр сæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди, ахæм хин арæзт æрцæудзæн, уый. Будзи уыцы æнæгуырысхойæ цыди. Уæвгæ сæм се знæгтæ дæр ницы зæрдиаг каст кодтой. Сбадтысты сæ бæхтыл æмæ иу дзæвгар куы ауадысты, уæд араст сты Æхсæнгæрзты хъæдырдæм. Раст хъæдрæбын Аслæнбег иу каст фæкодта фæстæмæ, æмæ йæ Цорæ базыдта.

– Уый Аслæнбеджы змæлд у! Аирвæзтысты Бæтæйы фырттæ!

Дардæй ма сæ фехстой топпæй, фæлæ уыдон тар хъæды аныгъуылдысты.

Кæсгон кънйæзты хистæр цæф арсау ныббогътæ кодта, стæй загъта:

– Ракæнут дзылæрттæй, уæртæ сæ бæсты чи ис, уыдоны, æмæ уыдонæй райсæм нæ маст.

Уæд Хамырзæ фæхъæр кодта:

– Гъæтт, кънйаз, дæ дзылæрттæ лыстæг сты, аскъуыйдзысты дын уыдон ласгæйæ.

Кънйаз загъта:

– Æз уæ хъомты тард акæндзынæн!

Уæд æм Бытъаты Уари дзуры:

– Чысыл сты дæ хъомгæстæ, нæ дын бакомдзысты.

– Зонут, ме ‘фсымæры туг мын кæй ныккалдтат уый: Хазби йæ мæрдтæм барвыста.

– Омæ, кънйаз, цæй диссаг скодтай дæ саджы роды?

Кънйаз загъта:

– Кæд уый саджы род уыди, уæддæр уын æстдæссион саджы сой слæудзæни!

Уæд æм иннæрдыгæй бадзуры Кадиты Бæда:

– Мæнг фын дын у уый, кънйаз: Хъобаны хъæд ын иууылдæр йæ быны куы бандзарай, уæддæр дын дзы иу сойы æртах дæр нал æртæдздзæни.

Кънйаз бынтон смæсты ис.

– Уæд мæ туг ам ныккæлæд, йæ туджы алы ‘ртах дæр уын къæртайы дзаг туг куы не слæууа!

Æмæ йын Дзагъойты Дзиу дзуапп радта:

– Тугæй нæ цы тæрсын кæныс, кънйаз? Туг дзы афтæ ракæлæд, æмæ дзы долапи куырой куыд разила.

Кънйæзтæ ма бавзыстытæ кодтой, фæлæ сын хъобайнæгтæ тæндзæгат куы нæ разындысты, уæд сæ маст акалдтой Дуда æмæ Алыккатыл.

Дуда æррайы хуызæн сси æмæ йæхинымæр дзырдта: «Аирвæзтысты, аирвæзтысты Бæтæйы фырттæ. Мæ зæрдæ судзы, мæ къухтæ ризынц, мæ сæр зилы, хуыдуг кæнын... сæфдзынæн: æргом кæндзысты мæ хъуыддæгтæ. Мæ зæрондæй мæ дывзагон кæлæнгæнæг схондзысты. Мæ цæстытæ тартæ кæнынц, зæхх мыл зилы, мæ риу арт уадзы, мæ зонд дзæгъæл кæны...»

Йæхи дурты цæндыл æруагъта æмæ фæйнæрдæм йæ алфамбылай акасти.

Адæм æм кастысты тызмæг, мæсты цæстæй.

«Мæнæ мæм зæронд Хъобаны фыдæлтæ цы уайдзæфхуызæй кæсынц!» – загъта ма йæхинымæр, стæй йыл бæстæ аталынг и, фæцудыдта æмæ афæлдæхти. Æрæвæрдтой ма йæ нæууыл. Æруагъта йæхи... амарди.

Кънйæзтæ сæргуыбырæй цæуыныл куы фесты, Алыккатæ та Дудайы мард æфснайыныл, уæд Адылджери æмæ Азæмæтджери дæр раирвæзтысты æнæ фыдбылызæй.

Хъобаны тынг базмæлын кодта, Бæтæйы фырттæ абырæг кæй

алыгъдысты, уый. Чи сæ тæрсгæ кодта, чи та сын æххуыс кодта.

Цорæ зилын байдыдта Бæтæйы фыртты фæдыл. Бабадт та иу ран сæ размæ. Се ‘хсæн æрцыди гæрæхтæ. Рог цæф фæци Аслæнбег, фæлæ уыцы ран Цорæйæн йæ амонд йæ зæрдæхудты бацыди: мард фæци Аслæнбеджы къухæй.

– Нæ дæ агуырдтон, Цорæ, – загъта Аслæнбег, – размæ дæм уый тыххæй нæ цыдтæн, æмæ мæнгардæй тарстæн. Лидзгæ дæ акодтаин, æмæ уæд та æгадæй тарстæн. Дæ тæригъæдтæ ныр дæхи уæнт. – Гæны фæскъæуттæ систа æмæ сæ цæххы ныттылдта. Йæ цæф бабаста æмæ Будзиимæ тар хъæды фæауyон сты.

Аслæнбег æмæ Будзи Хъобанæй ацыдысты æмæ æрæнцадысты Уæлладжыры комы, сæ мадырвадæлтæ – Цæлойтæм нæ, фæлæ Зæнджиаты Ахмæтмæ. Аслæнбегæн йæ цæф байгас ис. Ног хъæубæсты ‘хсæн тынг тагъд ссардтой сæхицæн æмгæрттæ дæр, æууæнк дæр. Уæлладжыры комы цыма тынг рагæй цардысты, уыйау сæ уыди кад дæр, уыйау сæ кодтой уарзгæ дæр. Фæлæ сæ зæрдæ æппынæдзух Хъобанимæ дзырдта. Уым баззади сæ кæстæр æфсымæр Огъуыллæ æмæ йæ Алыккатæ æххуырсты радтой Хъаныхъуаты Тъæрæсмæ.

Иубон Будзи афтæ дзуры йе ‘фсымæрмæ:

– Аслæнбег, мах ардæм Гачыны хохмæ хизынмæ æмæ нæхи нард кæнынмæ не ‘рбацыдыстæм: бабæрæг нæ кæнын хъæуы, уыцы мæгуыр Огъуыллæ цы фæци, уый. Тъæрæс æнцад, æнæмæтæй йæхицæн зары. Уæд та йын йæ дуары сæрмæ гæрæхтæ фæкæнæм.

Уæлдай ницуал загъта Аслæнбег дæр, сфæнд кодта Хъобанмæ фæцæуын.

Сæхицæн æмбæлттæн равзæрстой Бутаты Мæхæмæты, Зæнджиаты Ахмæты æмæ Дзалаты Дзæрæхмæты.

Фæхабар сæм кодта Аслæнбег, æмæ æртыккаг æхсæв Хъобанмæ араст сты. Сæ балц, сæ фæндаг уыди тар хъæды астæуты, къæдзæхтыл, лæбырд хæхтыл. Къодахджыныл схæрд кодтой æмæ фидар мæцкъоры астæуты сындæггай схæццæ сты Бæтæйы рæгътæм.

Бон уыди сыгъдæг, арвыл иу къæм нæ зынди. Бæтæйы рагъыл сæ фæллад уадзгæйæ афынæй сты. Хуры тынтæ тарфæй кастысты. Аслæнбег фехъал, рабадтис æмæ ракасти йæ фыд Бæтæйы рæгътæй. Чысыл дæрддзæф хызтысты Тъæрæсы хъомрæгъау, Огъуыллæ сæ хызта. Аслæнбег æдзынæг касти æмæ

сагъæс кодта Огъуыллæйы фыдæбæттыл. Раст уыцы рæстæджы Огъуыллæйы хъæр дардæй æрбайхъуысти ниуæгау. Уый æлгъыста рæгъауы, дарæг-уромæг уæ мауал уæд, зæгъгæ. Будзи æмæ Аслæнбегыл дæр мæ тæригъæдæй мæрдты дуар æхгæд æрцæуæд, уæлæуыл та сæ дзыхы дзаг дон мауал ссарæнт, мæн Тъæрæсæн рæгъаугæсæй чи ныууагъта, зæгъгæ.

Нал фæгæдзæ кодта Аслæнбег æмæ йе ‘мбæлтты дæр нæ райхъал кодта, афтæмæй балæгæрста æмæ аууæтты бахъуызыди Огъуыллæмæ. Огъуыллæйыл уыди скъуыдтæ цухъхъа æмæ куырæт, фæсмын зæнгæйттæ, зæронд æрчъитæ, йæ фарсыл та – стыргомау кард хъæдын кæрддзæмы, йæ астæуыл архъан тыхт, дзæкъулы та йæ кæрдзыны къæбæр. Аслæнбег зæххы бынæй февзæрæгау алæууыди йæ уæлхъус. Огъуыллæ куыддæр тæрсæгау фæкодта, джихæй аззади. Фæлæ йæ Аслæнбег уайтагъд йæ хъæбысы æрбакодта æмæ йæм дзуры:

– Мауал тæрс, нæ мæгуыр æфсымæр. Дæ зынтæн æрхæццæ сæ кæрон: мах дæ Тъæрæсы мыстрагъ бæхыл ахизын кæндзыстæм Уæлладжыры коммæ. Азæр хур куыд дæлæмæ цæуа, афтæ-иу рæгъау хъæдрæбынырдæм здах. Мах Тъæрæсы рæгъау таппысайраг бакæндзыстæм.

Аслæнбег ныууагъта Огъуыллæйы æмæ сыздæхти йе ‘мбæлттæм. Райхъал кодта йе ‘мбæлтты, æмæ иумæ æрцыдысты сæ нысан ранмæ. Афтæ сæм дзуры Аслæнбег:

– Рæгъауыл ахъæр кæнæм æмæ йæ атæрæм, уый сæрмæ хæсгæ нæу, уый хуыснæгдзинад у. Хъуамæ нæхуыдтæг нæхиуыл скæнæм фæдис. Топпы цæхæры бын хъуамæ атæрæм рæгъау: кæд тых у, уæд сæ атæрæм тыхæй. Тъæрæсимæ хъуамæ бавзарæм нæ лæгдзинад кард æмæ топпы дзыхæй. Дзæрæхмæт, ды хъуамæ ныхъхъæр кæнай Тъæрæсмæ, дæ рæгъау дын фæтæрынц Бæтæйы фырттæ, зæгъгæ, æмæ йæ бынатæй куы фезмæла, уæд æй мæ бар уадз.

Аслæнбеджы фенд Огъуыллæйы бынтондæр ногæй райгуырын кодта. Раст ын Аслæнбег куыд загъта, афтæ рæгъау хъæдрæбынырдæм сыздæхта. Иу кæфойаумæ æрбамбырд кодтой рæгъау æмæ ахсын байдыдтой Тъæрæсы мыстрагъ бæхы, фæлæ сын исдуг ахсын нæ куымдта. Уæд Зæнджиаты Ахмæт Огъуыллæйы астæуæй райхæлдта хъисын архъан, бахъуызыди бæхты аууæтты æмæ йæ фехста рæгъауы астæумæ. Архъан залиаг калмау æртыхсти Тъæрæсы бæхыл. Бæх йæ фæстæгтыл ныллæууыди æмæ ныххуыррытт кодта йæ фындзыхуынчъытæй.

Фæлæ Ахмæты къухтæ фæлтæрд уыдысты æмæ йæ змæлын дæр нал суагътой.

– Сымах æз æмæ Дзæрæхмæтмæ ма кæсут, фæлæ уæ разæй атæрут рæгъау, – загъта Аслæнбег. Æмæ Будзи, Мæхæмæт, Огъуыллæ æмæ Ахмæт фосы рæгъауыл ахъæр кодтой, Аслæнбег æмæ Дзæрæхмæт та фæдис хъæр кæнынмæ араст сты. Дзæрæхмæт æрлæууыд уæлдæр, фæлæ Аслæнбег хæрзхæстæг æрхъуызыди Тъæрæсы гæнахмæ.

– Фæдис, Тъæрæс, дæ рæгъау дын Бæтæйы фырттæ фæтæрынц! Дæ мыстрагъ бæхыл дын Огъуыллæйы фæхæссынц! – ныхъхъæр кодта Дзæрæхмæт.

Уыцы рæстæджы Тъæрæс уазæгдоны дуармæ бадти æмæ фесхъиудта йæ мидбынаты.

– Цы хабар у? Уый чи хынджылæг кæны! – фæхъæр кодта Тъæрæс æмæ фестынмæ куыд хъавыд, афтæ йæ Аслæнбег æргæрах ласта топпæй. Тъæрæс йæ мидбынаты цъилау ныззылди æмæ афæлдæхти.

Аслæнбегитæ сæхи рæгъауырдæм систой. Хъобан фæфæдис сты, фæлæ цалынмæ уыдон Тъæрæсыл ракæ-бакæ кодтой, уæдмæ иуæй талынг баци, иннæмæй та рæгъау тар хъæды мидæг аныгъуылд.

Хъобаны цæрджытæй уыцы рæгъауы атæрын кæмæн æхсызгон уыди, чи та мæсты кодта. Стыр зын раны уыди Хъаныхъуаты Хуысинæ: уый уыди Тъæрæсæн йæ фыдыфсымæры лæппу, Аслæнбег æмæ Будзи та уыдысты йе ‘рдхорд æфсымæртæ.

– Кæй фарс æрлæууон уыцы дыууæйæ? – дзырдта йæхинымæр Хуысинæ. – Цы фæнды фæуæд, уадз æмæ мыл скæной зарæг, уадз æмæ æз уон фидиссаг. Æз дæн Бæтæйы фыртты фарс. Нæй тугæй æфсымæр, зæрдæйæ æмæ æууæнкæй йеддæмæ. Æмæ уыдон кæмæ уой, æфсымæр дæр уый у, – йæхинымæры загъта Хуысинæ.

Аслæнбегитæ Куырттаты комæй дзæбæх кæй ахызтысты, уый тыххæй равзæрстой рæгъауæй иу нард хъулон гал æмæ йæ скусарт кодтой. Куывд стыхджын ис. Комы цæуджыты дæр хорз уыдтой сæ куывды. Адæм се ‘ппæт дæр хъæлдзæг уыдысты, фæлæ цæуджытæй иу лæг тынг æнкъард уыдис, хæргæ дæр нæ кодта, тынг хъыгхуызæй касти. Фæкомкоммæ йæм ис Аслæнбег æмæ йæм дзуры:

– Нæ уазæг, Уастырджийы кусарт куы у, цæуылнæ дзы саходыс?

– Куыд дзы саходон, Аслæнбег, – бафарста фæндаггон, – мæ нывонд галы мын куы аргæвстай, уæд?

– Ау, æмæ дæ гал Хъобаны цы агуырдта?

– Мæ гал Хъаныхъуаты Тъæрæсмæ бæрны уыдис.

– Æмæ йыл цы тыхсыс! Дæ иу галмæ дын мæнæ Тъæрæсы галтæй дыууæ къоборы. Уæддæр, дæ хорзæхæй, бахъæлдзæг кæн дæхи. Нывонд кæй уыд, уый нæ зыдтам, æмæ нын æй Хуыцау бахатыр кæнæд.

Лæг ницы сдзырдта, афтæмæй йæ фæндагыл мæстыхуызæй арасти.

Хорз куы фæминас кодтой, уæд Аслæнбегитæ Тъæрæсы рæгъау балæууын кодтой Уæлладжыры комы.

Уыцы рæстæджы Аслæнбегæн йе ‘рдхорд, асыйаг æлдар Айдаболты Саулох, уыди Зæнджиаты Ахмæтмæ. Аслæнбег æмæ Саулох кæрæдзийы куы федтой, уæд се ‘хсæн ахæм ныхас рауади:

– Аслæнбег, – загъта Саулох, – ацы рæгъау мæн куы уаид, уый мæ иттæг бафæндыд.

– Фосы фæдыл æрцæуы бирæ зæрдæхудтытæ, – дзуапп радта Аслæнбег, – фос хæйрæджы нымæт у. Фæлæ-ма зæгъ, цыхуызы сæм хæссыс дæ ныфс?

– Уæ бæхмæ уын – бæх, уæ галмæ уын – гал. Куы мæм фæзынат нæхимæ – раскъæрдзыстут уæ фосы сæрмæ æндæр фос. Зæнджиаты Ахмæт нæ фысым у, уымæй фæстæмæ ноджы не ‘рдхорд дæр, уый нын æвдисæн уæд.

Разыйы дзуапп радта Аслæнбег, æмæ Тъæрæсы рæгъау баци Саулохы амæддаг. Саулох сæ балæууын кодта йæ цæрæнбæсты: Аруаны былтыл, Хъасхъатауы губакджыны, Асыйы комы.

* * *

Уæ фос скъæрынмæ-иу уæд æмæ уæд æрцæут, зæгъгæ, Саулох йæхæдæг цы ‘мгъуыд радта, уыцы ‘мгъуыдыл, æрæгвæззæджы, Аслæнбег æмæ Будзи æрæмбырд кодтой се ‘мбæлтты: Хъаныхъуаты Хуысинæ, Куындыхаты Габа, Дзалаты Мæхæмæты æмæ араст сты Уæлладжыры комæй Хъасхъатаумæ. Сæ хæрзхаст бæхтæ æхсæв цæуын ахуыр уыдысты æмæ иттæг æнæзивæгæй размæ цыдысты. Цас фæцыдаиккой фæндагыл, чи йæ зоны, фæлæ

уалынмæ æрхæццæ сты Хъасхъатаумæ бонасадæнтыл æмæ сæмбæлдысты стыр рæгъауыл. Хуысинæ афтæ дзуры Аслæнбегмæ:

– Аслæнбег, цы ма цæуæм дарддæр, мæнæ ацы рæгъау фæкъæртт кæнæм.

Мæхæмæт бахудти æмæ бафтыдта Хуысинæйы ныхæстыл:

– Мæлæты хорз бæхтæ дзы ис, молло дæр сæм нæ фæлæудзæн.

– Нæ, уый сæрмæ хæсгæ нæу, – дзуапп радта Аслæнбег. – Нæ сын уынут сæ дамгъæ? Уый Айдаболты дамгъæ у: ай ме ‘рдхорд Саулохы рæгъау у.

– Æмæ Саулохы рæгъау нæфæтчиаг у? – бадис кодта Дзæрæхмæт.

– Тынг зын у лæгæн йæхи бауромын адонмæ, – загъта Габа.

Нæй, нæ сын сразы ис Алæнбег. Ссардтой рæгъаудаræн уæтæр æмæ уым сæхи æрфистæг кодтой. Рæгъаугæсæн бамбарын кодтой: фехъусын кæн Саулохæн, дæ ирон æрдхæрдтæ дæ агурынц, зæгъгæ. Рæгъаугæс ацыди, æмæ Саулохæн куы бамбарын кодта, уæд Саулох уыцы æнæнхъæлæджы хабармæ джихæй аззади. Иукъорд рæстæджы дзургæ дæр не скодта, стæй афтæ зæгъы:

– Ацу æмæ сын зæгъ: ам нæй, балцы ис.

Рæгъаугæс сын ахæм дзуапп куы æрбахаста, уæд Ахмæтитæ кæрæдзимæ бакастысты.

– Аслæнбег, – загъта Габа, де ‘рдхорд йæхи ма бамбæхсæд?

– Нæ, ахæм лæг нæу, йæ ныхасæн хицау у, дзуапп радта Аслæнбег æмæ дыккаг хатт арвыста рæгъаугæсы Саулохмæ. Сбæрæг кæныны тыххæй Аслæнбег йæ фæдыл ахъуызыди. Æхсæв уыди талынг, æмæ рæгъаугæс нæ базыдта, Аслæнбег йæ фæдыл цæуы, уый. Рæгъаугæс хæдзармæ куы бацыд, уæд Аслæнбег сындæггай рудзынджы бын æрлæууыд æмæ сæм хъусы.

– Кæм ма уыдтæ? – фæхъæр кодта Саулох рæгъаугæсыл.

– Рарвыстой та мæ де ‘рдхæрдтæ: фæзын, дам, нæм.

– Ацу æмæ сын зæгъ: дард балцы ацыди, дзæгъæл æнхъæлмæ йæм ма кæсут. Ничи кæсы уыцы хæйрæджытæм! Цæй фос агурынц мæнæй? Ацæудзынæн сæм æмæ сæ Асыйы хæхтыл рæгъаугæс уацайрæгтæн бауромдзынæн. Уый сын фос! Къæбылатæ! Æнхъæлдæн, сæ дзырддаг кæимæ у, уый не ‘мбарынц!.. Мауал сæм ацу дæхæдæг дæр, уадз æмæ уым дауой.

Аслæнбег уыцы ныхæстæ куы фехъуыста, уæд мæстæй афтæ ссыгъд, æмæ ратонынмæ хъавыди рудзынгæхгæнæн. Хъавыди йæм бабырсынмæ йæ уатмæ, фæлæ йæхи фæурæдта, æвиппайды фæзылд рудзынджы бынæй æмæ рараст фæстæмæ йе ‘мбæлттæм.

Мæхæмæт æм дзуры:

– Æнхъæлдæн, Аслæнбег, де ‘рдхорд нын хорз фысым нæ разынди: мæлæты мæстыхуыз дæ.

Аслæнбег цы ‘рцыди, уый æххæст нæ бамбарын кодта, фæлæ йæ загъта цыбырæй:

– Сайы нæ не ‘рдхорд, æмбæхсы йæхи, æмæ уæ куыд фæнды? Сайгæ чи кæны æмæ йæхи чи ‘мбæхсы, уый зæрдæхудтæй тæрсын нæ хъæуы.

Ахмæт загъта:

– Куыд уаид, Аслæнбег, мæнæ йын йæхи рæгъауыл куы ахъæр кæниккам, уæд? Аруаны былæй Ирыстонмæ афтидæй куы фæцæуæм, уæд цы уыдзыстæм мах? Хъæриу ныл куы скæудзæн.

– Хæрзаг Саулох йæ мидбылты ныххудид: сæ рæгъау сын дзæбæх куы бахордтон, зæгъгæ, – загъта Мæхæмæт. Уыцы ныхæстæ Аслæнбеджы ногæй сцырын кодтой, æмæ фæхъæр кодта:

– Рæвдз ут, тæрæм рæгъау нæ фосы сæрмæ.

Æмæ рамбырд кодтой Саулохы рæгъау, рахъæр ыл кодтой сæ разæй. Иу æнамонд уырс рæгъауы алыварс зылди бирæгъау æмæ йæ нæ уагъта скъæрын.

Аслæнбег фæхъæр кодта:

– Гъæтт, Дзалайы-фырт Дзæрæхмæт, нæ бахъуаджы бон абон у, – не скаст дæумæ у.

Дзæрæхмæт йæ бæхæй агæпп ласта, йæ бæх æд саргъ бауагъта рæгъауы астæумæ, йæхæдæг бæхты аууæтты бахъуызыд æнæдомд уырсмæ, йæ барцмæ йын фæлæбурдта æмæ, цъиусурау, йе рагъыл абадт. Æнæдомд уырс ныммыр-мыр кодта æмæ йæ цъыхырыты ахаста иуварс.

Рæгъау куы феуæгъд и уырсæй, уæд цæуын байдыдта йе скъæрджыты разæй.

Дзæрæхмæт æнæдомд уырсимæ ставд хъамылы æмæ губакджынты бирæ фæтухи кодта. Уырс цас нæ архайдта Дзæрæхмæты аппарыныл, фæлæ йын ницы бантысти, – йæхæдæг йæхи бафæллайын кодта æмæ æрсабыр ис. Дзæрæхмæт дæр йæ

роддзармæй дзылар сласта æмæ йыл æй бакодта. Ссардта рæгъауы фæд æмæ сурын байдыдта йе ‘мбæлтты.

Схæццæ сты Тилыны быдырмæ, Хъарадзауты æдде, Æхсæрысæрмæ. Уым бонасадæн бакодтой.

Габа сдзырдта:

– Уæлæ-ма уыцы бæрзонд бæласы сæрæй исчи акæсæд, кæд искуыцæй исты зыны, фæдис, мыййаг.

Хуысинæ акасти бæласы сæрæй, загъта:

– Никуыцæй ницы зыны, æрмæст иу барæг, йæ бæхы комытæф йæ сæрмæ мигъы къуымбилау бады, йæ бæхы сæфтджыты бынæй зæхх халæттау тæхы, афтæмæй æрбахæстæг кæны махмæ.

Аслæнбег дзуры:

– Куыд æй амоныс, афтæмæй уый Саулох уыдзæни. Сымах скъæрут рæгъау, æз йæ размæ ныууайон.

Аслæнбег иудзæвгар йæ размæ æрцыд æмæ фæндаджы фæзилæны иу ран фæрсырдыгæй æрлæууыди. Уый æцæг разынди Саулох. Куы ‘рхæццæ, уæд ын Аслæнбег салам радта, дзуры йæм:

– Цæй тыхстхуызæй тæхыс, Саулох? – æмæ йын фæхæцыд йæ бæхы рохыл. Саулохы бæх афтæ æваст фæлæууыди, æмæ йæ цæфхæдтæ цæхæр акалдтой хуыртыл.

Цæхгæр фæзылд Аслæнбеджырдæм Саулох, мæстыйæ сдзуры:

– Мæнгард – дæ салам дæр, мæнгард – дæхæдæг дæр.

– Сабыр, сабыр, бамбарæм кæрæдзийы, – зæгъы Аслæнбег.

– Цы ма мын æмбарын кæныс, мæнгард, удæгасæй мæ куы баныгæдтай, уæд?

– Мæнгард уый у, – загъта Аслæнбег, – æмæ, хæдзары бадгæйæ, уазæгмæ чи нæ ракæсы, сайгæ, фæливгæ чи фæкæны!

Саулох бамбæрста Аслæнбеджы фæсномыг ныхас, æмæ йын гæнæн куы нал уыд, уæд йæхи фæкарз кодта æваст:

– Дуне нын къуындæг у: йе дзы ды хъуамæ ма уай, йе æз, – æмæ йæ гæрзтæм бавнæлдта.

– Уæдæ фыццаг гæрах дæу у, – загъта Аслæнбег. – Фæдисон дæ, фæдисон мæсты вæййы. Цæв!

Уыцы ныхæстæм Саулох æргæрах кодта Аслæнбеджы. Нæмыг сæмбæлд йæ агъды ставды. Аслæнбег цъилау ныззылд æмæ фæхъæр кодта:

– Ард де ‘рдыгæй, Саулох! Фæкæс ныр дæхимæ дæр!

Фæцыдис гæрах, æмæ Саулох асхъиудта йæ бæхы сæрты.

Æдзæм мард фæцис. Гæрæхтæм уайтагъд æрызгъордтой Аслæнбеджы æмбæлттæ. Будзи Аслæнбеджы цæфæй куы ауыдта, уæд ныббогъ кодта æмæ ныхъхъæр кодта:

– Йе уæуу-уæй, Аслæнбег, дзæгъæлæй мæ куы ныууагътай!

– Фидар лæуу, Будзи, æнусмæ æнæадзал ницы ис.

Æрæнкъард сты се ‘ппæт дæр. Аслæнбегæн йæ цæф афтæ рысти, æмæ, кæд йæхиуыл фидар хæцыдис, уæддæр йæ хуыз фæцыд æмæ гæзæмæ зыр-зыр кодта. Уæд Хуысинæ зæрдæ авæрынæн афтæ зæгъы:

– Гъæтт, фидар лæуу, Аслæнбег! Дæ фыдæлтæ-иу стæгсастæй хъæрзгæ нæ кодтой, сау фыды цæф та-иу хъæр нæ кодтой.

Срæвдз кодтой Аслæнбегæн уæрдон, йæ цæф ын бабастой æмæ рацыдысты Уæлладжырмæ, ратардтой сæ рæгъау. Аслæнбег бады уæрдоны, хæссынц æм азымтæ.

– Саулохæн æгæр бирæ бартæ радтай, Аслæнбег.

Æрбахæццæ сты Уæлладжыры комы Бызы бынмæ. Уыцы рæстæджы Бутаты Госга, Бæтæйы фырттæн сæ кæнгæ мад, рацæйхаста сабæттаг хист кæнынмæ. Аслæнбег æй базыдта дардмæ. Куы схæстæг ис Госгамæ, уæд уæрдонæй агæпп ласта æмæ йæм æнкъардхуызæй дзуры:

– Цинты цу, мæ зынаргъ мад!

– Цинтæ дыл цæуæд, мæ зæрдæйы уидаг, ме ‘нхъæлцау лæппу, – загъта Госга.

– Нана, кусæрттагæй, ностæй æнæфсарм дæ?

Уыцы ныхæстæ кæнгæ Аслæнбег туман систа йæ дзыппæй æмæ йæ радта Госгамæ, истæмæн дæ бахъæудзæн, зæгъгæ.

– О, нана дæ фæхъхъау фæуа, дæ зæронд нанайы дæхи къухтæй куы баныгæнис! – Уыцы ныхæсты фæстæ йын загъта фæндараст, æмæ йæхи уæрдонырдæм байста Аслæнбег. Иугыццыл куы фæиртæстысты, уæд æваст фæлæууыд йæ мидбынаты æмæ фæстæмæ фæзылд Госгайырдæм, дзуры йæм:

– Уæ, мæ мады зæронд, цæуын дын дард балцы. Зынг зæгъынæй ком нæ судзы, къахдзæфæй-къахдзæфмæ дæр ис фыдбылыз ссарæн. Мыййаг мыл исты фыдбылыз куы ‘рцæуа: курын дæ, æмæ мын дæ фæллой схæлар кæн.

Госга ставд цæссыгæй ныккуыдта æмæ дзуры:

– Уæ ме ‘хсар, уæ ме стыр ныфс, дæ зæронд мады уал баныгæн! Цытæ мын дзурыс, цы дæ зæрдыл æрæфтыд, æнæныгæдæй мæ куыд уадзыс!?

Уыцы ныхæсты фæстæ йæ ныхъхъæбыс кодта кæугæйæ:

– Хæлар дын уæд, хæлар, ме ‘нæзæрдæхудт лæппу, мæ фæллой, дæ мады ‘хсыры хуызæн.

Араст сты сæ фæндæгтыл. Схæццæ сты Уæлладжырмæ. Æрбатардтой рæгъау дæр. Аслæнбег дзуры Ахмæтмæ:

– Ахмæт, мæ зæрдæ мæхиуыл хорз нал дарын æмæ мæ фысым ивын: мæ мадыфсымæр Цæлойты Тæтæрхъанмæ куы ‘рфысым кæнин, уый мæ фæнды.

Ахмæт æм дзуры:

– Абоны онг дын, æнхъæлдæн, бæззыдтæн фысымæн. Ныр дæ æцæг фысым куы хъæуы, уæд дын нал бæззын?

– Ма йæ райс, Ахмæт, æфхæрдмæ. Рынчын йе ‘гъдауæй слæмæгъ вæййы. Дæ хæдзары та уайсадæг чындзытæ æмæ хъомыл чызджытæ ис. Мæхи, куыд æмбæлы, афтæ куы нæ фæразон дарын, уæд мæхицæн зындæр уыдзæн, Цæлойтæм та – мæ мадыфсымæр, мæхи хотæ, уым мын чысыл парахатдæр уыдзæн. Цыма мыл ничердæм фæгуырысхо уыдзынæ, афтæ мæм кæсы.

Ницуал загъта Ахмæт дæр, сразы ис. Аслæнбеджы æрæвæрдта Цæлойты Тæтæрхъаны хæдзары. Аслæнбегмæ алырдыгæй рынчынфæрсæг цыдысты, алы ран ын агуырдтой дæснытæ. Цæлойты Тæтæрхъаны хæдзары стыр змæлд сси.

Уæлладжыры ком Айдаболы-фырты рæгъауыл кодтой стыр дис. Уæлдай диссагдæр та сæм касти йе ‘нæдомд уырс, Дзалайы-фырт Дзæрæхмæт кæй æрцахста, уый. Зæронд лæгтæ-иу загътой Аслæнбеджы цур бадгæйæ:

– Айдаболы-фырты уырс у сыгъдæг алыпп, йæ кондæй бæрæг у: бирæгъварс, сæгъарм, цыбырастæу, къуыпных, зылдсæфтæг, хуыдзаст.

Аслæнбегæн йæ хъысмæты стъалы кæны мынæг: кæд ыл алырдыгæй архайынц дæснытæ, уæддæр цæф йæ кæнон кæны. Уæд Дзæрæхмæт фæцыди курæг Сохиты Асæхмæтмæ, æппæты хъуыстгонддæр хъæдгомдзæбæхгæнæгмæ.

– Асæхмæт, дæ сæр нæ бахъуыди: дæ къух, дам, æвдадзы хос у. Дæ фæллойæн тæрхонгæнæг дæхæдæг. Нæ къухы цы уа, – ницы дын бакæндзыстæм хæлæг. Фæцæф Бæтæйы фырт Аслæнбег, æмæ дæ курын, хуыцауæй курæгау, Асæхмæт, ма нын бахæлæг кæн де ‘ххуыс.

– Цæмæн зæгъыс, Дзæрæхмæт, – загъта Асæхмæт, – махæн дæр не уазæг куы у, мæ бон цы уа, уый йын мæ зæрдæ бакомдзæн.

Тæккæ райсом сæмбæлдзынæн æз. Изæр у ныр, фысым дын стæм дæхицæн дæр.

– Хъæздыг фысым у, мæнæн цæугæ у, æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн райсом, – арфæ ракодта Дзæрæхмæт æмæ раздæхти.

Асæхмæт йæ хæдзармæ куы бацыд, уæд райгæхуызæй йæхинымæр дзуры: «Сызгъæрин фестай уыцы нæмыг, Аслæнбеджы агъд чи ныммур кодта! Кæд Хуыцауы бафæнда, уæд уæлæмæ нал сыстдзæни. Мæ мæстытæ дзы ссæудзысты ныр. Кæддæр ме ‘фсин йæ фæдыл сæрра ис. Адæм цыдæртæ хъусхъус кодтой».

Куыд ыл сбон и фырцинæй, уый æмбаргæ дæр нæ бакодта Асæхмæт. Æрмæст ма йæ тæрсын кодта иу хъуыддаг: мæлæтдзаг цæф куы нæ разына.

Аслæнбеджы алыварс бадтысты йе ‘мбæлттæ, даргъ æхсæв цыбыр кодтой æмбисæндтæй, таурæгътæй, кадджытæй.

Аслæнбеджы тынгæй-тынгдæр тыхсын кæнын байдыдта йæ цæф, йæхинымæр тох кодта йемæ. Кæд йæ цæсгомы хуыз ивы, уæддæр йæ зонд æмæ йæ ныхас фидар уыдысты.

Аивгъуыдта æхсæв, хур къæдзæхтыл анывæста йæ тынтæ, банывæста сæ Аслæнбеджы уатмæ дæр рудзынгæй, фæлæ сæ нæ барухс ис йæ зæрдæ.

Раст уыцы рæстæджы æрбахæццæ ис Асæхмæт дæр. Йæ фæзынд рынчынгæсты бахъæлдзæг кодта, цыма Аслæнбеджы фервæзт йæ къухы æрбахаста, уыйау.

– Æгæссад уай, Аслæнбег, – сдзуры Асæхмæт, – фесæфæнт дæ фыдбылызтæ!

– Дæ хорзæх нæ уæд, – дзуапп радта Мæхæмæт, – дæ къухæй сæфт æрцæуæнт нæ фыдбылызтæ, дзуарæн кувæгау дын куыд кувæм, афтæ.

– Мæхæмæт, куы фениккам цæф, уæд куыд уаид? – дзуры Асæхмæт.

– Дæ хорзæхæй, дæ хорзæхæй, нæ зæдыхай, – æмæ халын райдыдта цæф.

Асæхмæт кæсы цæфмæ, цæстæнкъардæй дзуры:

– Агъды стæг саст у, магъз сау кæны, уидæгтæ сты лыг, фыд æмбийы. Стыр амонды сæр æй хъæуы, фæлæ ма йын ис хос: йæхи басæй куы бацымид, уæд ын уый уаид æвдадзы хосау, æндæр ын ницы хос ис.

Аслæнбег уый куы фехъуыста, уæд сдзырдта:

– Дæ салам бирæ уæд, Асæхмæт, фæлæ ма мæ мæрдтæм та къуыхтæй цæмæн æрвитыс?

– Аслæнбег, – зæгъы Будзи, – кæд æмæ дæ уды фервæзынæн дæхи бас æвдадзы хос у, уæд æй дæ цæст дæхицæн бауарзæд.

– Нæ, Будзи, мауал мæ дом уымæй, ницы дзы рауайдзæн. Мæхи фыдæй мын бас куыд цымын кæныс?

– Асæхмæт дæсны у, æмæ, цы зæгъы, уый кæнинаг у.

Аслæнбег цасдæр асагъæс кодта, стæй загъта:

– Кæд уæ афтæ фæнды, Будзи æмæ ме ‘мгæрттæ, уæд уын уæ зæрдæхудт нæ исын. Æри-ма уæлæ мæ хъамайы бынæй мæ кард.

Радтой йæм кард, кардæй йæ зæнджы хæцъæф, кæсаджы хуызæн, æрлыг кодта.

– Гъа, ме ‘мгæрттæ! Мыййаг, афтæ куы зæгъат искуы, нæ дзырдæн нын не саргъ кодта. Хос дзы кæнут, хист дзы кæнут – уæ бар уæхи, – æмæ сæм ралæвæрдта йæ зæнджы фыд.

Асæхмæт касти лæмбынæг, йæ хинæйдзаг чысыл цæстытæ æрттывтой цин æмæ райæнхуызæй. Афтæ дзуры йæ зæрдæ: «Кæд искуы тагъд-тагъд цыдтæ уыцы къахыл ме ‘фсинимæ фембæлыны тыххæй – нал ыл слæудзынæ ныр...»

Æфсымæртæн кæд цыфæнды зын уыди, уæддæр хæцъæф авæрдтой дурын къусы, афыхтой æмæ йæ бахастой Аслæнбегмæ.

Асæхмæт йæ чысыл уырыдзæстытæ ныццавта басмæ æмæ дзуры:

– Æриут-ма йæ ардæм, тæвд ма уæд, мæхæдæг æй фенон раздæр, – æмæ басæй схуыпп кодта, стæй сабыргай райæнхуызæй дзуры Аслæнбеджы хъусы:

– Аслæнбег, хъуыды ма кæныс, Тъæрæсы рæгъау куы ратардтат, уæд мын мæ сыгъдæг дзуарæн нывонд гал нафы куывды куы аргæвстат, уый? – Æмæ йæхимидæг схуды. –Ныр дæ йæ азар хорз басыгъта. Хи-хи-хи.

Аслæнбег фесхъиудта йæ бынаты:

– Гъæтт, мæгуыр уа дæ бон, цæй тæригъæддаг дæ, лæджы ном дын куыд æвгъау у, уыйбæрц марг ныхæстæ йæ зæрдæйы чи фембырд кодта!

Уыцы ныхæстæ Будзи куы фехъуыста, уæд къулыл Аслæнбеджы кардмæ фæлæбурдта, Асæхмæты хъавы уымæй дыууæ фæкæнынмæ, фæлæ йыл Аслæнбег хуыссæнæй йæхи баппæрста, цыма дзы æппындæр ницы рысти, уыйау.

– Мæн дзы амар, Будзи, фæлтау. Карды фарн стыр у, кард ахæмты тыххæй нæу. Уый куыдз у, куыдзæн та лæдзæг у йæ аккаг.

Æмæ йын Дзæрæхмæт йе ‘хсæрфарс ныррриуыгъта тымбыл къухæй, иннæтæ Будзийыл ныххæцыдысты.

– Тагъд æй ахъуытты кæнут ардыгæй, кæннод æй марын!

Ехсæй тугæрхæмттæ скодтой Асæхмæты æмæ йæ фыдæлгъыстытæгæнгæ радде кодтой Тæтæрхъаны хæдзарæй.

Бонтæ цыдысты. Аслæнбеджы низ тарфæй-тарфдæр кодта. Иубон рабадти йæ хуыссæны, дзуры:

– Мæ хæлæрттæ, мæ лымæнтæ, ме ‘фсымæртæ! Удхæссæг мæм æрфистæг кодта йæхи. Уыимæ гæрзтæй хæцæн нæй, фæлæма, Будзи, æри уæлæ мæ хъисфæндыр.

Будзи йæм æй авæрдта æмæ загъта:

– Гъеуый дын цæуы мæ зæрдæмæ, ды та мын дæхи мæрдтæм цæуæг скодтай.

Аслæнбег йæ хъисфæндырыл фæлмæн æруагъта йе ‘рдын. Фæндыры тæнтæ ныррызтысты, æмæ дзы цыма æппындæр ницы риссы, уыйау æнæнизхуызæй фæндыræн бахъырныдта æмæ базарыд:

– Аруаны дон мын Церечы хъæбысы.
Гъæйтт, гъæйтт, Будзи,
Хамбечыр нын куы баззади
хъуынджынхъус Тъæрæсы хъæбысы.

Бирæ нæ фæзарыд Аслæнбег. Фæстагмæ йæ хъæлæс сабырдæр кодта, йæ фæндыры цагъд – сындæгдæр, уæззаудæр. Фæстаг хатт ма хъисфæндыры тæнтæ хъарæггæнæгау ныррызтысты, стæй фæндыр йæ къухæй æрхаудта, æмæ йæ уаты йæхи ауагъта. Ахицæн ис.

Бирæ цæссыг ыл фæкалдтой адæм. Се ‘ппæтæй фылдæр та йæ кæнгæ мад Госга. Уый хъарæгæй хæхтæ сæ бындзарæй рызтысты. Будзийы та æппын нал фæрæзтой уромын. Адæм афтæ бирæ уыдысты, æмæ уæларвæй æхсидав куы ‘рхаудаид, уæд зæхмæ не ‘рхæццæ уыдаид. Уыдоны æрдиагмæ арв дæр нынныæрыди, æмæ райдыдта ставд æртæхтæй уарын.

* * *

Бæтæйы фырт Аслæнбегæн йæ амарды фæстæ адæм скодтой стыр кад. Йе ‘мгæрттæ йын цырт ныссагътой. Цырты уæлхъус

ныккодтой Аслæнбеджы кады зарæг. Зарæг айхъуыст æппæт Ирыстоныл дæр æмæ арф бахызт æфхæрд, ссæст адæмы зæрдæмæ.

Рæстæг цыдис æмæ Бæтæйы галуаны бындзарæй ныууыгъта, йæ фидар тарвазтæ йын стыр дымгæйау иу иннæйыл афæлдæхта. Бæтæйы галуаны уæз æрæнцади фæстаг цæджындзыл. Уыцы цæджындз уыди Будзи.

Цы у цард? Цæмæн у рæсугъд? Цы дзы агура, цæмæ хъуамæ тырна адæймаг? Цæмæн у цагъар фидиссаг? Ахæм хъуыдытæ æвзæрдысты Будзийы сæры, стыр уад денджызы æхсидгæ уылæнтæ куыд хæсса, афтæ, æмæ, бæлвырд цæуыл æрæнцайдзысты, уый йæхæдæг дæр нæ зыдта. Уæззау сагъæстæ судзгæ æхсидæвтæй калдысты йæ риумæ æмæ дзы ссыгътой пиллон арт. Фæндыди йæ, куы сæ фæхицæн уыдаид, уый, фæлæ йын цыма уыдон дæр фыддæрадæн кодтой, уыйау-иу æнгомдæрæй æртыхстысты йæ алыварс.

Æрдз та, æгомыг æрдз, кодта йæхионтæ. Хур рæвдаугæ каст. Арвыл нæ уыд иу мигъы къæм дæр. Мæргътæ зарыдысты алыхуызон цъæхснаг хъæлæстæй. Дон стыр хъуына дурты ‘хсæнты æвзист фынк калгæ размæ уади. Боныцъæхтыл Будзи бабæрæг кодта Аслæнбеджы цырт. Удæгас адæймагимæ ныхас кæнæгау райдыдта дзурын цырты уæлхъус:

– Уæ, дæ райсом хорз уа, мæ лæугæ хох, мæ цæугæ мæсыг! Цæй æнкъардæй кæсыс? Куы мæ ныууагътай иунæгæй æмæ дæхи сæр куы бафснайдтай! Сывæллæттимæ дæ зæрдæ дзуры? Рæвдыд æмæ æнæнизæй рæзынц! Дæ зæрдæ ‘хсайы нæ мæнгард знæгтæм? Суилдзынæн уыдонимæ дæр мæ амонд. Афтæ-иу мын куы загътай – сæрибар цард ном æмæ кадимæ, кæннод, цъагъары бæсты – мæлæт карз тохы! Адæймаджы бартыл хъуамæ алы лæг дæр тох кæна æмæ сæ иса хъæбысæйхæсты, кæд ахæм тох, денджызы бынæй змис исæгау, зын у, уæддæр. Мæ зынаргъ æфсымæр Аслæнбег...

Аджих ис. Ныхъхъæбыс кодта цыртæн, ставд цæссыгтæ ныккалдта æмæ дзуры:

– Хæрын дын ард дæ ингæны сыджытæй, кæй сæххæст кæндзынæн дæ фæдзæхст!

Уæлмæрдæй раздæхти сæхимæ Будзи. Кæрты хъазыдысты Аслæнбеджы дыууæ чызджы: Сæлимæт æмæ Дзыллæ. Будзийы

æрцæйцæугæ куы ауыдтой, уæд дыууæ сывæллоны, кæрæдзийæн бар нæ дæтгæйæ, згъордтой йæ размæ. Сæлимæт бахæццæ раздæр æмæ йæхи баппæрста Будзийы хъæбысмæ æмæ, цыма стыр уæлахиздзинад равдыста, ахæм хуызæй ракасти Дзыллæмæ. Уый дæр йæ къухтæ тилгæ æрбахæццæ æмæ аныгъуылд Сæлимæты фарсмæ йæ фыдыфсымæры уæрæх хъæбысы. Будзи Дзыллæйы пух уадултæн абатæ кодта.

– Уæ, мæ зæрдæйы уидæгтæ, уæ, мæ зæрватыччытæ, æз уын Калакæй хъырнгæ фæндыртæ, ахалцихаг камаритæ[1] æмæ цъæх басмахъытæ æрбахæсдзынæн.

Дзыллæйы йæ хъæбысы хаста, Сæлимæтæн та йæ къухыл хæцыд, афтæмæй цæуы. Фырцинæй йæ цæссыгтæ æркалдысты. Цыма сæ рагæй нæ федта, ахæм зыд цин сыл бакодта. Сæ тæригъæд, сæ сидзæрдзинадæй афтæ раивылдис йæ зæрдæ, æмæ йын дунейы къардиутæ нал сфаг уыдаиккой. Сидзæрты, мæгуырты маст ын йæ зæрдæйы маст тыхджынæй-тыхджындæр кодта. Фæндыдис æй, куы фестадаид æхсидав æмæ куы басыгътаид, зæххыл мæнгарддзинад æмæ æбуалгъдзинадæй цыдæриддæр ис, уыдон.

* * *

Фæсæмбисæхсæв. Æрдз бафынæй фæллад адæймагау. Æрмæст æнæвдæлон уыдысты дон, хæлынбыттыртæ æмæ уыгтæ. Ранæй-ран ма-иу фехъуыст сæгуыты уасын, сычъиты сыкъайы хæцын æмæ-иу сæ сæфтджытæй хуыртæ ракалдтой коммæ. Стъалытæ цæстныкъулгæ кастысты бæрзондæй. Æнусон хæхтæ бахудæнбыл сты. Хъæды бæлæсты сыфтæртæ сусу-бусу кæнынц.

Диссаг, цымæ ацы æнафоны бæлццон кæдæм тагъд кæны? Йæ зæрдæ йын маст хæры æви стыр циндзинадмæ тындзы?

– Оуу, уæлæ Авд хойы кæдæм сфардæг сты! – сагъæсхуызæй фæкомкоммæ ис лæг мæймæ, йæ къух ныууигъы æмæ ноджыдæр фæтагъддæр кæны йæ цыд. – Нæй мын æрлæууæн, хъуамæ Дæргъæвсгомы Бурусыл æрхизон...

Æхсæв йæ тар нымæт систа. Хуры тынтæ куы сæмбæлдысты айнæг хæхты цъуппытыл, уæд æнафоны цæуæг дæр æрхызтис Бурусыл. Лæууы Къæхтысæры бæрзондыл. Йæ ныхы æнцъылдтыл,

[1] Камари — сызгъæрин донытылд æвзист рон.

йе ‘рфгуыты ælхынцъыл бæрæг уыдис, бирæ сагъæс æмæ маст кæй ис йæ зæрдæйы.

– Цæуин Дæргъæвсмæ, æмæ ныр бон у. Цæуин Хъобанмæ, æмæ уый дæр ахъуыдыйаг у. Ахизин доны сæрты, æмæ уый дæр тæссаг хъуыддаг у. – Доны æрра уылæнтæ мæстыйæ æууæрдынц стыр къæйдурты, се ‘нуд хъуырдухæн адæймаджы зæрдæйы уадзы тасдзинад. Йæ масты цъæх пиллон йæ сæрмæ фæздæгау бады. – Цæй, æнæ цæугæ нæй!

Дон нарæгдæр кæм цыд æмæ тызмæгдæрæй кæуылты уад, уым егъау дуры сæрæй сæгуытау багæпп кодта иннæ фарсмæ. Фаллаг фарс æнцад алæууыд æмæ йæхинымæр загъта: «Алыбон æгас цæуæд æхсар! Æхсар у лæггæнæг, мæ фыд Бæтæйыстæн! Æвæдза, ам мæ къах чысыл куы фæбырыдаид, уæд ме сæфт диссаг нæу, фæлæ худинаджы сæфт кодтон. Ме стæгдар мын халон дæр нал ссардтаид. Ныр мæ схизын хъæуы Хъобанмæ».

Рахизфарсырдыгæй – карст хох, галиуырдыгæй – лæбырд чыс-къæдзæх. Стыр зын схизæнтæ сты дыууæ дæр. Аджих ис Будзи, стæй, йæхицæн зæрдæтæ æвæргæйæ, хохы къахыртыл æмæ лæбырдтытыл ссыди Хъобанмæ. Уæрæх цæстæнгасæй афæлгæсы бæрзонд рагъы сæрæй йæ райгуырæн бæстæйыл. Йæ хъуыдытæ ног быд чыргъæды бындзытау гуыв-гуыв кодтой йæ сæры. Рауырдыг кодта къахырыл дæлæмæ. Æрзындис æм Хъобаны æнкъард цæсгом. Æруагъта йæхи стыр тулдз бæласы бын æмæ æнцад кæсы йæ райгуырæн хъæумæ. Йæ цæстытыл ауадысты йæ саби-бонты царды нывтæ.

«Дæлæ уый у Фæтæнтæ. Арæх-иу хъазыдыстæм уым къорийæ. Дæлæ Джефæйы суадон – арæх-иу дзы суагътон фæскуыст мæ дойны. Уартæ уый та Бестолы æрдуз. Бирæ фæцыдтæн уым дæр уæлыгæсæй... Ехх, райгуырæн хъæубæстæ, цæй адджын дæ, цæ! Цæй фидар хуыд дæ ды зæрдæйыл!..»

Афтæ хъуыды кæнгæйæ Будзи фæкомкоммæ сæхи галуанмæ. Йæ рæсугъд фæлмæн хъуыдытæ хъызт зымæджы донау асалдысты йæ зæрдæйы æмæ æнкъард цæстæнгасæй æдзынæг касти сæ галуанмæ. Кæд дзургæ ницы кодта, уæддæр йæ цæсгомы хуыз йæ хъуыдытау фæтар ис, уæззау ныуулæфыд:

– Нæ галуан, цæй сидзæр, цæй æнкъардхуызæй кæсыс?.. Цыма нæ хъæздыгдзинæдтыл дæ зæрдæйы рыст æмбарын кæныс, ахæм сурæт куы равдыстай...

Йæ цæстытыл ауадысты, куыд сыл æртыхстысты кæсæджы

ælдæрттæ, Адылджери æмæ сын Азæмæтджери сæ дарæс куыд аивтой. Дуры цæндмæ фæкомкоммæ – уæвгæйæ цæмæндæр гæсгæ йæ зæрдыл æрбалæууыдысты Дудайы ныхæстæ йæ мæлæты размæ: «Цæхæр фæкалдтон мæ хъæлæсæй æмæ йæ ‘нхъæвзын ныр тугæй. Цы байтыдтон, уый æркарстон, фесæфæд мемæ хиндзинад, фесæфæнт, адæймагæн фыдбылыз чидæриддæр хæссы, уыдон». Сæ галуанмæ акæсгæйæ йæм цы хъуыдытæ февзæрд, уыдон æй ахастой стыр сагъæсты гуылфæнмæ. Фæндыдис æй царды цæсгоммæ комкоммæ ныккæсын, фæндыд æй, куы йын бауайдзæфтæ кодтаид, йе ‘нæраст хъуыддæгтæ йын комкоммæ куы загътаид, фæлæ кæмæн дзура ам, бæрзонд тулдз бæласы бын, уыцы хъуыдытæ?

– Дуда æмæ Ахбол кæрæдзийы бафхæрдтой ехсæй, сæ кæрæдзийы цæф сын рисгæ дæр нæ кæны, фæлæ хъуамæ фесафой мах. Æмæ уæд цæмæн? Цæй тыххæй ныл æртыхсын кодтой кæсгон æлдæрттæ? Цы гæнæг сын стæм? Цæмæй зылын стæм? Æрмæст адæймаджы зынаргъ бартæ кæй æмбарæм æмæ сыл тох кæй кæнæм, уый сæм кæсы хъыг? Уымæн стæм мах фидиссаг, кæвдæсард! Тъæрæс, Дудар, Ахбол, Цорæ, Сæхуыг – уыдон уæздæттæ сты. Сæхи уæларвæй æруадзгæ хонынц, афтæ сæм кæсы: уыдонæн алцыдæр хъуамæ уа, мæгуыр рыст адæм хъуамæ кусой уыдонæн, мæгуыр хъуамæ йæ бонтæ ‘рвита цума æмæ фæсдзæуин цагъарæй, хъуамæ уый ма ‘мбара сæрибар, рухсдзинад æмæ царды ад, хъуамæ уый ма ‘мбара, адæймаг кæй у, уый.

Йæ царды ивгъуыд нывтæ йæ цæстытыл цас фылдæр уадысты Будзийæн, уыйас царды хъæнтæм æмæ цаутæм цыдис æргомдæр. Фæкомкоммæ ис йæ хæцæнгарзмæ æмæ загъта:

– Гъæтт, ме ‘гомыг æмбал, ды мæн куы фæсайай, уæд фыдсæстытæй æвзæр куырды къухмæ бахау! Æз дæуæн куы нæ сбæззон, уæд знаджы судзгæ нæмыг ацæуæд мæ риуы! Мæлæт, мæлæт, ælдар æмæ цагъары æфсондзæн!

Тызмæгæй акæсы Будзи Тъæрæсы галуанмæ, йæ масты артыл ын цыма фæтæген бакалдæуыд, уыйау та ногæй тыхджындæрæй стыр фæйлауæнтæй ссыгъдис. Йæ цæстытæ мæсты цæхæртæ скалдтой, йе ‘рфгуытæ ныттар сты.

– Тъæрæс! Æнæфсис, фыдгæнæг Тъæрæс, нæ цард ссæндæг, ахсæв у не ‘хсæв! О, рæстдзинад, кæм дæ, фæу мæ фарс!..

Уыцы сагъæстимæ Будзийыл баизæр.

Саубазыр æхсæв сындæггай Хъобаны йæ тар хъæбысы банорста. Стъалытæ арвыл фылдæрæй-фылдæр кæнын райдыдтой. Фæлмæн уддзæф улæфыд хæхтырдыгæй. Дардæй хъуысы æнафоны цæуæджы уæрдоны цæлхыты хъæр. Будзи Куыргомы доны сæрты бахызт Нæкуысаты цурты æмæ бацыд Тъæрæсы галуаны дуармæ. Дуар уыдис æхгæд. Галуаны алыварс разылд, фæлæ йæм мидæмæ бахизæн нæй. Бахоста кæрты дуар. Тъæрæс хуыссы рæбинаг уаты иунæгæй. Кæд дуары хойын хъуыста, уæддæр, æнафоны цæуæгмæ ракæсынмæ зивæг кæнгæйæ, йæ дзабыртæ агурæг йæхи скодта. Зилы къуымты, сынтæджы бынмæ бакæсы æмæ – нæй. Тъæрæсы ус, Хамбечер, бамбæрста, йæ лæгмæ зын кæй кæсы æддæмæ ракæсын, уый.

– Фæлæуу, æнæфæразгæ куы дæ, æз æм акæсдзынæн, – загъта Хамбечер æмæ рауад дуары хостмæ. – Чи дæ уый?

Будзи йæ хъæлæсы уаг аивта æмæ йæм дзуры:

– Бахатыр кæн, æнафоны уазæг дæн, мæ фысым Тъæрæс у, бадзур мын æм.

Хамбечер уæддæр базыдта Будзийы.

– Бахатыр кæн, кæй агурыс, уый ам нæй, Дæргъæвсы ис. Сывæллæттæ æмæ дзы сылгоймаг йеддæмæ ничи ис, æмæ дын фысымæн нæ бæззæм, – дзуапп радта Хамбечер æмæ баздæхт фæстæмæ хæдзармæ. Тъæрæс йæхи бустæхуыз скодта.

– Æхсæв мын мæ дзабыртæ кæм сæвæрыс, уый бæрæг нал вæййы. Чи уыди уый? Æнæгъдау хост мын мæ дуар чи ныккодта?

– Мауал тыхсын кæн дæхи, ацыди, суанг Нæкуысаты дæле фæци. Куыйтæ йыл рæйынц.

– Æз æй куы аййæфтаин, уæд ын йæ Нæкуысатæ йæхи фæкодтаин! – æмæ хуыссæны йæхи æруагъта. Кæд дзургæ не скодта Тъæрæс, уæддæр бамбæрста, æнахуыр бæлццон Будзи кæй уыди, уый. Йæ хуыссæны, цыма йыл тæфсгæ æркодта, уыйау ризын байдыдта. Хамбечер æм дардæй кæсы æмæ йæхинымæр хъуыдытæ кæны: «Æнхъæлдæн, нæхион, абон дыл мæнгæй тæфсти, фæлæ дыл ныр æцæгæй æртæфст. Лæгæй læджы ‘хсæн цас дихдзинæдтæ ис, йе уæнгты та йын цас тасдзинад бауагъта Будзи. Уæ, макуы фесæфай, лæгдзинад кæмæ ис, уый!»

Будзи гæнахы дурты тигъыл схызти уæлхæдзармæ, фæлæ уырдыгæй дæр æрхизæн нæ уыд хæдзары дуармæ. Хъуыдыты бацыдис: «Ныр бонмæ фæбадин, æмæ æрæгмæ куы рацæуа йæ кæртмæ, æмæ мын куы ницы бантыса».

Ердойы сæрмæ йæ къух бадардта, æмæ дзы арт тыхджынæй цæуы.

– Сæуæхсид фæзынд, бон кæндзæни. Тъæрæс, д‘ амонд дæ хъахъхъæнæг у! Аслæнбеджы судзгæ нæмыг дæ нæ барвыста мæрдтæм, фæлæ-ма фæкæс дæхимæ!

«Тъæрæс хуыссы иунæгæй, пец кæм ис, уыцы уаты. Æгайтма ус æмæ сывæллæттæ æндæр ран сты! – хинымæр бацин кодта Будзи, йæ сæры цыдæр ног хъуыды февзæргæйæ. – Нал мын аирвæздзынæ уæддæр: уыцы тæппудыл фыртарстæй уæддæр исты цæудзæн!» – загъта йæхинымæр æмæ уыцы хъæлдзæгхуызæй йæ фарсы хызынæй сласта дынджыр топпыхосы дзæкъул æмæ йæ ердойы нысхуыста, цæмæй арты ныггуыпп ластаид, уый тыххæй. Иу ран фæхæцыдис дзæкъул, æмæ йæм къухæй куы нæ ныххæссыд, уæд топп агъудæй сласта æмæ йæ уый бырынкъæй схойы дæлæмæ, цæхæрырдæм, къонамæ. Йæхæдæг хъæлдзæгæй лæууы ердойы уæлхъус, галуаны ныррызтмæ æнхъæлмæ кæсы. Мæсты кæнын райдыдта, æрæгмæ кæй хæлы топпыхос, ууыл, фæлæ нæй, ницы. Ердойы сæрмæ та йæ къух бадары, æмæ йын арты тæвд йæ къух судзы.

«Уæуу, мæнæ диссаг, Тъæрæсы амондæн тæвд цæхæрыл топпыхос змис фестад! Змис мын ма разынæд, фæлæуу-ма фенон æй, куы ма мæм дзы ис, – дис кодта хинымæр Будзи. Топпыхосæй иучысыл рауагъта къæйыл, зных ыл авæрдта, æмæ ныттæпп кодта. – Диссаг! – Тъæрæсы йæ амонд иргъæвы нæмыгæй, топпыхос та фестад змис! Арвы кæрæттæ рухс кæнынц, нæу дæ сахат, æвæццæгæн. Фæлæ бон та, бон! Уый дæр та царды амонды зарæгæн хъырндзæн? Мæ карды ком хыссæ фестдзæн æмæ дыл уый дæр фæбырдзæн?..»

Будзи рахызт галуаны сæрæй æмæ араст хъæдрæбынырдæм. Дурдзæгаты хус сыфтæртыл æруагъта йæхи. Бæзджын мигътæ æрæмбæрзтой хохы хъæбыстæ. Æрбатар ис бæстæ. Будзи тох кодта æртæ æрдзон тыхимæ – хуыссæг, маст æмæ фæлладимæ. Мæнгардæй æмæ уæлионæй йыл тыхджын хуыссæг фæуæлахиз. Афтæ рæвдыд æмæ æууæнкхуызæй архайдта йемæ, æмæ йын йæ зæрдæйы масты зынджытæ ахуыссын кодта. Хуыссæг æй йæ хъæбысы уыгъта æнæмæтæй. Æрвгæрæттæ æрбарухс сты.

Раст уыцы рæстæджы Цæруаты фыййау йæ фос раздæхта, Будзи цы хъæдрæбын хуыссыд, уыцы къуылдымтыл. Будзийы куы ауыдта, уæд фæфæдис кодта хъæумæ. Уым та уыд Кæхц-

гæнæны куывд. Будзийы æнамондæн йæ фыдгултæ уыдысты æмбырдæй. Цы ма хъуыдис уыцы ностхъæлдзæг бирæгъты! Цыма сырд марынмæ тагъд кодтой, уыйау, кæрæдзийæн бар нæ дæтгæйæ, тындзынц Будзимæ. Цæмæн? Уымæн дзуапп дæр нæ агуырдтой. Уайтагъд æртыхстысты фынæй лæджы алыварс. Будзи хуыссыд нымæтыл йæ галиу фарсыл йæ уæз ауадзгæйæ. Йæ цæсгом уыд æнæмæтхуыз: мæлæт æм кæй æрбахъуызы, уый цæмæй зыдта. Фыццаг мæлæтхæссæг топпы гæрах айзæлыд кæмтты. Будзи сæгуытау фесхъиудта йæ бынаты, фæцис рог цæф. Цæф нæ хъуыдыгæнгæйæ фæлæбуры топмæ. Ауыдта Сæхуыгы урс уæлдзарм худ. Фæцыд гæрах. Сæхуыг ныббогъ кодта æмæ асхъиудта. Уый Афæхъо куы ауыдта, уæд комкоммæ, лæгæй-лæгмæ, Будзиимæ фæкодтой æмгæрах. Дыккаг цæф фæцис Будзи. Афæхъо та – дзыхъмард.

– Гъæтт, цъаммартæ, аууæтты ног чындзыты æмбæхст куы кæнут! – ныхъхъæр кодта Будзи æмæ февнæлдта йæ кардмæ. Кардæлвæстæй æрсуры йæ разæй йе знæгты. Бахтæ дуры аууонæй ныхъхъавыд Будзимæ. Фæцыд гæрах, фæлæ Бахтæйы къух ризгæ кæны – нæмыг иувæрсты атахт. Будзийы кард ферттывта Бахтæйы сæрмæ, æмæ æнаккаг ссардта йæ мæлæт. Фæцыд та цалдæр гæрахы, æмæ Будзи фæвæййы уæззау, мæлæтдзаг цæфтæ. Нал ис нæмгуытæ. Будзи бæрзонд систа йæ хæцæнгарз.

– Ацы хæзна хъыримаг сымах хуызæн кæлмытæн баззайынæн тæригъæд у, – фæхъæр кодта Будзи æмæ йæ дуры тигъыл ныццæлхъ кодта. Топп лыстæг муртæй атахти фæйнæрдæм. Йæ иу къухæй йæ кардыл æнцой кæнгæйæ, гæрæхтæ арæхдæр кæцæй цыдысты, уырдæм æрхаста йæ риу.

– Уæ, тæппуд сылвазтæ, цардæй уын куы нæ ис æфсис, уæд мæлæтæй цæй тарст кæнут! Кæм ис уæ лæгдзинад?

Фæстаг хатт ма адзалæй царды ‘хсæн слæууыд Будзи, цыма йæхи барæй нысанæн æвæры, уыйау сæм дары йæ риу æмæ дзуры:

– Уæ, лæджыфыдхор тугцъиртæ, рох уæ ма уæд, мæ алы туджы æртах дæр кæй ссудздзæни сæрибары æхсидæвтæй! Æз кæй мæлын, уый диссаг нæу, фæлæ цинаг у уый, сæрибары фæдисы хъæр кæй хъуысы!.. Уæ, ме ‘фсымæр Аслæнбег, мæ сæр дæ фæдзæхстæн æрхастон нывондæн æмæ сæрыстыр дæн уымæй, цагъары бæсты мæлæт мæ кардимæ кæй ссардтон!..

Фехста йæ кард иуварс.

– Ды фæу æппæт æфхæрд адæммæ фæдисон æмæ-иу радзур

уыдонæн Бæтæйы фыртты тухи æмæ рæстдзинад!

Йæхи æруагъта зæххыл, цы дурыл æнцой кодта, уый цур æмæ ахицæн.

Арв асыгъдæг ис. Мигътæ, цыма Будзийы тæригъæдмæ кæсын нæ фæрæзтой, уыйау сæхи айстой фæсцæгæттæм. Хуры тынтæ фæдисонхуызæй сæмбæлдысты Будзийы тугхъулон риуыл æмæ йын йæ уæззау цæфтæ фæлмæн зæлдагæй бастой, рæвдаугæ æртыхстысты йæ буарыл.

* * *

Будзи ердойы топпыхосы дзæкъул куы ныппæрста, уæд Тъæрæсы амондæн уæларт фыхти стыр цæджджинаджы къуымæйлаг, æмæ топпыхос уый амæддаг ссис. Тъæрæс тарст хъæлæсы уагæй дзырдта:

– Нæ ердойы дур æрхаудта! – Йе уæнгты стыр тас бацыд æмæ нал зыдта, бон у æви æхсæв, уый, кæд хур арвыл дзæвгар суад, уæддæр. Хамбечер къуымæйлагмæ райгæхуызæй æрæвнæлдта стуанæй, æмæ дзы дзæкъул куы базмæлыд, уæд уымæн дæр йæ зæрдæ тасдзинадæй айдзаг. Систа дзæкъул æмæ йæ Тъæрæсмæ равдыста. Исдугмæ сагъдауæй аззадысты, стæй топпыхос у, уый куы базыдтой, уæд Хамбечер нырдиаг кодта:

– Мæ бындур куыд ныззылди, мæнæ царæфтыд кодтам, æлгъыстаджы сæфт!

Тъæрæсы хуыз фæлыгъд, йæ зæрдæ нал змæлыд, туг асалд, йæ бон дзурын нал уыд, ныдздзой-дзой кодта æмæ тæрхæгыл æрхаудта. Цæстытыл мæрдон хæрв æрбадт. Хамбечер, уый ауынгæйæ, ноджы хъæрдæрæй нырдиаг кæны:

– Мæ хæдзар фехæлд, цæмæй тарстæн, уый мыл куы ‘рцыд.

Хъæргæнгæ рауад дуармæ. Æрбамбырд сты сыхæгтæ, фæлæ се ‘рбацыдмæ Тъæрæс йæ уд систа. Будзи ницыуал базыдта Тъæрæсы хъуыддагæн, Тъæрæс дæр ницыуал фехъуыста Будзийы хабæрттæй.

Будзийы мæлæты хабар арвы нæрдау айхъуыстис кæмттыл. Адæм фæдисы цыдысты иу иннæйы фæдыл Хъобанмæ. Мæгуыр раст адæмы фæндонæй Будзи ныгæд æрцыд, йæ хъазуат, йе ‘хсар кæм сæрттывта, уыцы рухс бæрзонды. Йæ ингæны уæлхъус бирæ цæссыг æмæ судзаггаг ныхæстæ æрцыд. Мæнæ Хъаныхъуаты Хуысинæ йæ къух æруагъта Будзийы цыртыл æмæ, ставд цæстысыгтæ калгæйæ, райдыдта дзурын:

– О мæ зынаргъ æфсымæртæ, ме ‘мбæлттæ, уынут, акалдис та нæ сызгъæрин тала, лæууæм та мæнæ йе ‘гомыг цырты уæлхъус, Бæтæйы фырт Будзи дæр та нæ фыдгулы къухæй бацыд мæрдтæм. Цæуыл æрцыд Бæтæйы фырттæн, Бестолы фырт Чермены фæдонтæн, се сæфт? Уыдон нæ уагътой сæ уæлæ цъагъæры æфсондз æвæрын. Мæгуыр адæмы рыст æмбæрстой æмæ сæрибарæн сæхи æрхастой нывондæн. Бæтæйы фырттæ уыдысты Чермены тохы арты зынджы стъæлфæнтæ, æмæ дзы иу судзы æхсидавæй Уæлладжыры, иннæйы уынут мæнæ. Чермен, Аслæнбег, Будзи, уæ тохы арт нæ бамынæг, судзы æмæ сиды цагъартæм сæрибары сæраппонд тохмæ. Ард уын хæræм, хуыссын кæнын æй кæй нæ бауадздзыстæм, уæ тох уын кæронмæ кæй ахæццæ кæндзыстæм, цæмæй сау сыгъд бакæной цагъардзинады æфсондз æмæ æлдардзинады уидæгтæ.

Мыхуыры рацыди ног чиныг «Ирыстоны поэзи». Сарæзта йæ æмæ йын цыбыр биографион зонæнтæ ныффыста Хъодзаты Æхсар. Балхæнæн ын ис журнал «Мах дуджы» редакцийы (Къостайы проспект, 11) æмæ горæты чингуыты дуканиты.

Цъары фæрстыл:

2. Элизабет Сонрель. ***Флорæ.***

3, 4. Стасис Красаускасы конд нывтæ.

* * *

Корректор	*Заира КАРАЦЕВА*
Дизайн	*Залина ГУРИЕВА*
Компьютерная верстка	*Ирида КОДЗАТИ*
Компьютерный набор	*Марина КИРГУЕВА*

* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00064 от 30 марта 2012 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ авторæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.

Подписано к печати 25.02.13. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1000 экз. Заказ № 76. Цена свободная. Выход из печати 3 марта 2013г.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.

E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.

Тел.: гл. редактор – 25-09-64;

отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис» РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Индекс 73247